देशक गप गामक भाषा मे

# समदिया मिथिला

शनि

24 अक्टूबर, 2026

पटना

आश्विन, शुक्ल पक्ष, चतुर्दशी, संवत् : 2083

समदिया मिथिला

देशक पहिल मैथिली दैनिक

RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 17, अंक : 44 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com मूल्य : 4:00




# बिहार विधान परिषद् चुनाव : स्नातक मे कोसी आ शिक्षक मे सारण रहल सभ सं आगू

## स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे पटना मे 36.19, तिरहुत मे 42.15, दरभंगा मे 42 आ कोसी मे 52.51 प्रतिशत मतदान भेल

- **शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे पटना मे 56.89, तिरहुत मे 78.10, दरभंगा मे 79 आ सारण मे 87.16 मतदान भेल**

**पटना, समदिया**

बिहार विधान परिषद्क शिक्षक आ स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक आठ सीट पर शुक्रदिन मतदान संपन्न भए गेल। शिक्षक निर्वाचन क्षेत्रक चारि सीट पर औसतन 74.55 प्रतिशत आ स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक चारि सीट पर 43.87 प्रतिशत मतदान भेल। वर्ष 2020 केर तुलना मे शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे मतदान लगभग दू प्रतिशत बढ़ल, जखन कि स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे लगभग पांच प्रतिशत घटल। वर्ष 2020 मे शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे 72.5 आ स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे 48.5 प्रतिशत मतदान भेल छल।

मतदान समाप्त भेलाक बाद राजनीतिक समीकरणक आकलन सं संकेत भेटि रहल अछि जे अधिकांश सीट पर वर्तमान विधान पार्षद अपन स्थान सुरक्षित रखबा मे सफल भए सकैत छथि। आठ मे सं पांच सीट पर राष्ट्रीय जनतांत्रिक गठबंधन (राजग) कें बढ़त भेटबाक अनुमान अछि। शेष तीन सीट पर विपक्षी दल अथवा निर्दलीय प्रत्याशी आगू देखाइत छथि। मुदा वास्तविक परिणाम मतगणनाक बादे स्पष्ट होयत।

पटना स्नातक निर्वाचन क्षेत्र एहि बेर विशेष चर्चा मे रहल। मोकामाक विधायक अनंत सिंह जनसुराजक प्रत्याशी अनुज सिंहक समर्थन मे कतेको रोड शो कयलनि। एकर बादो एहि सीट पर कोनो पैघ उलटफेरक संकेत नहि भेटि रहल अछि। जदयू प्रत्याशी नीरज कुमार पुनः बढ़त बनबैत देखाइत छथि।

सांझ चारि बजे धरि स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे पटना मे 36.19, तिरहुत मे 42.15, दरभंगा मे 42 आ कोसी मे 52.51 प्रतिशत मतदान भेल। शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे पटना मे 56.89, तिरहुत मे 78.10, दरभंगा मे 79 आ सारण मे 87.16 प्रतिशत मतदाताक सहभागिता रहल।

स्नातक क्षेत्रक वर्तमान विधान पार्षद मे जदयूक नीरज कुमार, भाजपाक सर्वेश कुमार, निर्दलीय वंशीधर ब्रजवासी आ भाजपाक एनके यादव सम्मिलित छथि। शिक्षक क्षेत्रक वर्तमान पार्षद मे कांग्रेसक मदन मोहन झा, भाजपाक नवल किशोर यादव, भाकपाक संजय सिंह आ जनसुराजक अफाक अहमद छथि। हिनकर कार्यकाल 16 नवंबर धरि अछि।

### वरीयता मतक आधार पर होयत जीत-हारिक निर्णय

विधान परिषद्क एहि चुनाव मे मतदाता एक सं बेसी प्रत्याशी कें वरीयताक क्रम मे मत दए सकैत छथि। मतगणना मे प्रथम वरीयताक मत सं निर्धारित बहुमत प्राप्त नहि भेलापर सभ सं कम मत पौनिहार प्रत्याशी कें बाहर कए हुनका भेटल मतपत्रक अगिला उपलब्ध वरीयता अन्य प्रत्याशी कें हस्तांतरित कयल जाइत अछि। ई प्रक्रिया विजेता निर्धारित होयबा धरि चलैत अछि।

## आठ मे 5 सीट भेटि सकैछ एनडीए कें, 3 पर लागि सकैछ झटका

### पटना स्नातक : अनंत सिंहक भीड़ वोट मे नहि बदलल

पटना स्नातक सीट पर जदयूक वर्तमान विधान पार्षद नीरज कुमारक विरुद्ध मोकामा विधायक अनंत सिंह मोर्चा खोलने छलाह। ओ जनसुराजक प्रत्याशी अनुज सिंह कें समर्थन देने छलाह। राजद दिलीप पटेल कें मैदान मे उतारने छल। मुदा नीरज कुमारक अपन पारंपरिक मतदाता आधार हुनका लाभ पहुंचा सकैत अछि। अनंत सिंहक भीड़ अनुज सिंहक पक्ष मे वोट मे बदलैत नहि देखायल। नालंदा मे कुर्मी मतदाता पर दिलीप पटेलक नजरि छल, मुदा एतहु बिखराव कम देखायल।

### पटना शिक्षक : भाजपा आ राजद मे कसगर टक्कर

एहि सीट पर भाजपाक पांच बेरक विधान पार्षद नवल किशोर यादव आ राजदक संजीव कुमारक बीच कड़ा मोकाबला रहल। जनसुराजक दिव्या ज्योति मोकाबला त्रिकोणीय बनेबाक प्रयास कयलनि, मुदा मुख्य लड़ाइ नवल आ संजीवक बीच देखायल। बहुत कम मतक भेद सं हारि-जीत भए सकैत अछि। एनडीएक सरकार नवल यादव लेल लाभदायक भए सकैत अछि।

### तिरहुत शिक्षक : संजय सिंहक मजबूत पकड़

मुजफ्फरपुर, वैशाली, शिवहर आ सीतामढ़ी मे माकपा (सीपीआई) केर संजय सिंहक मजबूत पकड़ देखायल। भाजपा प्रत्याशी नरेंद्र प्रसाद सिंह वापसीक प्रयास कयलनि, मुदा संगठनक अपेक्षित सहयोग नहि भेटल। जातीय गोलबंदी आ निर्दलीय भूषण झा सेहो हुनका चुनौती देलनि।

### तिरहुत स्नातक : अभिषेक झा कें नुकसानक आशंका

वंशीधर ब्रजवासी आगू देखाइत छथि। जदयूक अभिषेक झा कें सीतामढ़ी आ शिवहर मे देवेश चंद्र ठाकुरक कारण नोकसान भए सकैत अछि। मुस्लिम आ कुशवाहा समाज पर देल गेल बयानक कारण नाराजगी देखायल। राजदक रश्मि विनायक गौतम तेसर स्थान पर रहि सकैत छथि।

### दरभंगा शिक्षक : मदन मोहन झा फेर आगू

कांग्रेसक मदन मोहन झा फेर बढ़त बनबैत देखाइत छथि। जदयू अंतिम समय मे घनश्याम राय कें उतारलक, मुदा ओ मोकाबलाक समीकरण बेसी बदलैत नहि देखाइत छथि। जनसुराजक एसपी राय सेहो चुनौती देलनि।

### दरभंगा स्नातक : भाजपा-राजद मे सीधा मोकाबला

भाजपाक सर्वेश कुमार आ राजदक अनिल झा मे सीधा टक्कर अछि। मुस्लिम प्रत्याशी डॉ. मो. इम्तियाज कें उतारि जनसुराज मोकाबला त्रिकोणीय बनेबाक प्रयास केलक, मुदा सफलता भेटैत नहि देखाइत अछि।

### कोसी स्नातक : एनके यादव कें लाभ

कोसी स्नातक सीट पर वर्तमान विधान पार्षद एनके यादवक विरुद्ध विशेष विरोध नहि देखायल। जनसुराजक रजनीश रंजन सहरसा आ किछु हद तक मधेपुरा तक सीमित रहलाह। कोसी, अंग आ सीमांचल मे एनडीएक मजबूत पकड़क लाभ एनके यादव कें भेटैत देखाइत अछि।

### सारण शिक्षक : अफाक अहमद कें मामूली बढ़त

सारण मे एनडीएक गुटबाजी देखायल। छपरा मे राहुल राज आनंद पुष्करक मत काटलनि, जखन कि सिवान मे रमेंद्र राय कें समर्थन भेटल। बेतिया मे अफाक अहमद कें एकमुश्त मत भेटबाक चर्चा अछि। मोकाबला कसगर अछि, मुदा अफाक किछु आगू देखाइत छथि।

**एक नजरि**

### बंगालक खाड़ी सं उठि रहल अछि तूफान, 28 कें राज्य मे भारी बरखा आ वज्रपातक संभावना

**पटना :** बंगालक खाड़ी मे बनि रहल चक्रवाती तूफानक प्रभाव सं बिहारक मौसिम बदलत। मौसम विज्ञान केंद्र, पटना 28 अक्टूबर सं 1 नवंबर धरि भारी वर्षाक चेतावनी देने अछि। एहि दौरान 40-50 किलोमीटर प्रति घंटाक गति सं बीहाड़ि चलबाक आ वज्रपात होयबाक आशंका अछि। मौसम विभागक अनुसार 23 अक्टूबर कें बंगालक खाड़ी मे न्यून दाबक क्षेत्र बनल अछि। एकर 26 अक्टूबरक भोर धरि चक्रवाती बीहाड़ि मे बदलबाक प्रबल संभावना अछि। ई आंध्र प्रदेश आ दक्षिणी ओडिशाक तट दिस बढ़ि सकैत अछि। बिहार मे 28 अक्टूबर सं 1 नवंबर धरि अधिकांश ठाम हलुक सं मध्यम बरखा आ 29 अक्टूबर कें किछु ठाम भारी बरखा भए सकैत अछि। मेघगर्जन, वज्रपात आ तेज हवा सं जन-धन, पशुधन, फसल आ कच्चा मकानक क्षति भए सकैत अछि।

# सीवान मे पटाखा बनेबा काल विस्फोट, 7 गोट लोकक मृत्यु

- **शवक टुकड़ा उड़ि कए बाहर खसल**

**सारण, समदिया**





जिलाक जामो थाना क्षेत्रक आलमपुर गाम मे शुक्रदिन सांझ पटाखा बनेबा काल भेल भीषण विस्फोट मे करिब 7 गोट लोकक मृत्यु भए गेल। ग्रामीण सभक अनुसार, मृतक मे एकहि परिवारक पांच गोट लोक शामिल छथि। पटाखा व्यवसायी अमीरुद्दीन, हुनक तीनटा पोती, एकटा पोताक अलावा दू टा मजदूरक बात सामने आएल अछि। ओना सीवानक जिलाधिकारी विजय प्रकाश मीणा कहलनि जे अखन धरि दू-तीन गोटेक शव बरामद कएल जा सकल अछि। अन्य लोकक मलबा मे दबल होयबाक आशंका अछि। बचाव दल घर मे प्रवेश कए रहल अछि। पूर्ण छानबीनक बाद ही सही संख्याक पता चलि सकत। धमाका सांझ करिब साढ़े पांच बजे भेल।

प्रत्यक्षदर्शी सभक कहनाम अछि जे दुर्घटनाक बाद संपूर्ण गाम मे अफरा-तफरी मचि गेल। तेज धमाकाक आवाज सं दहशत पसरि गेल आ लोक प्राण बचेबा लेल एमहर ओमहर भागय लगलाह। ककरो ई पता नहि चलि रहल छल जे विस्फोट कतय भेल अछि। बाद मे लोक सभ कें पता चलल जे पटाखा व्यवसायी अमीरुद्दीनक घरे मे विस्फोट भेल अछि।

### घर क्षतिग्रस्त, शवक चीथड़ा उड़ि गेल

बताओल गेल अछि जे शुक्रदिन आनहि दिन जेकां घरक भीतर पटाखा बनाएल जा रहल छल। एहि बीच अनचोके आगि लागि गेल आ देखिते-देखिते पटाखा मे विस्फोट होमय लागल। लगातार भए रहल धमाका सं मकानक अगिला हिस्सा क्षतिग्रस्त भए गेल। विस्फोट एतेक भयानक छल जे तीन गोट लोकक शव गंभीर रूप सं क्षत-विक्षत भए कए घरक बाहरे जा खसल। घटनास्थलक दृश्य अति भयानक नजरि आएल। एहि घटनाक बाद संपूर्ण गाम मे डरक वातावरण अछि।

### पटाखा व्यवसायीक पुतोहुक बांचल प्राण

दुर्घटनाक दौरान आगि लगाबक जनकारी भेटिते अमीरुद्दीनक पुतोहु कोनो तरहें घर सं बाहर निकलबा मे सफल भेली आ अपन प्राण बचा लेलनि। ओतय, विस्फोटक बाद घटनास्थल पर चीख-पुकार मचि गेल। दुर्घटनाक खबरि पसरिते पैघ संख्या मे ग्रामीण घटनास्थल पर जमा भए गेलाह। घटनाक सूचना भेटिते पुलिस घटनास्थल पर पहुंचल आ मामिलाक जांच शुरू कए देलक।

# होटल मे घुसि कए संचालक कें मारल गेल गोली, स्थिति गंभीर

## पहिने कंबल हटा कए निर्दयता सं केलक पिटाइ, फेर चलौलक गोली

**समस्तीपुर, समदिया**

समस्तीपुरक सरायरंजन थाना क्षेत्रक रायपुर किशनपुर मे एसएच-88 कात पेट्रोल पंप लग तीन गोट नकाबपोश अपराधी एकटा होटल संचालक पर जानलेबा हमला केलक। अपराधी सभ होटलक आगू सुतल संचालक अभिनंदन कुमारक कंबल हटाकय पहिने हुनका निर्दयता सं पीटलक, तकर बाद तीन गोली मारि देलक। पूरा घटना होटल बाहर लागल सीसीटीवी कैमरा मे बंद भए गेल अछि।

### सीसीटीवी मे बंद भेल घटना

फुटेज मे देखाइत अछि जे अभिनंदन कंबल ओढ़ने सुतल छल। तीन गोट नकाबपोश अपराधी चुपचाप पहुंचल आ कंबल हटाकय हुनक चेहरा देखलक। तकर बाद घूंसा आ कोहनी सं मारय लगल। माइरपीटक आवाज सुनि लगहि मे सुतल दू गोट लोक जागि गेलाह। ओ सभ रोकबाक प्रयास कयलनि, मुदा अपराधी सभ हुनका सभ कें सेहो पीटलक। एकटा अपराधी पिस्तौल तानलक, जाहि सं डेरायल दुनू गोटे ओतय सं भागि गेलाह। एहि बीच एकटा महिला सेहो पहुंचली, मुदा बाद मे कोठरी मे चलि गेली।






# सावधान! ब्लिंकिट सेहो बेचि रहल अछि खराब समान

## छापामारीक बाद सामने आयल चौंकाबयबला मामिला, एक्सपायरी अमूल दूध भेटल

- **2.13 करोड़ टाकाक खाद्य सामग्रीक बिक्री पर रोक**

**पटना, समदिया**



आम लोक कें सुरक्षित आ गुणवत्तापूर्ण खाद्य पदार्थ उपलब्ध करेबाक उद्देश्य सं खाद्य संरक्षा आयुक्त कुमार रविक निर्देश पर पटना मे विभिन्न खाद्य प्रतिष्ठान, ब्लिंकिट आ नाइन टू नाइन स्टोर पर छापामारी कयल गेल। एहि क्रम मे खाद्य पदार्थक भंडारण, साफ-सफाइ, स्वच्छता आ मियाद समाप्त भेलाक बादो राखल सामग्रीक जांच कयल गेल। निरीक्षणक क्रम मे कतेको अनियमितता पकड़ल गेल। संबंधित प्रतिष्ठान सभ कें सुधारक नोटिस देल गेल, जखन कि खराब आ मियाद समाप्त खाद्य सामग्री नष्ट करा देल गेल।

### 2.13 करोड़ टाक सामग्रीक वितरण पर रोक

नसीरपुर, ताजपुर, बाइपास रोड स्थित ब्लिंकिट गोदामक निरीक्षणक क्रम मे होल फार्म ब्रांडक 276 प्रकारक खाद्य सामग्री, जेकर वजन 25 टन छल, ओकर वितरण पर रोक लगा देल गेल। एकर अतिरिक्त बेसिक ब्रांडक 3102 किलोग्राम विभिन्न प्रकारक दालिक बिक्री पर रोक लगाओल गेल। रोकल गेल सामग्रीक कुल मूल्य लगभग 2,13,99,535 रुपैया अछि।

### एक्सपायरी खाद्य पदार्थ नष्ट

पटना स्थित नाइन टू नाइन, एसके नगर मे 14,740 रुपैया मूल्यक खराब आ समय एक्सपाइरी खाद्य सामग्री नष्ट कराओल गेल। एहि मे 12 किलोग्राम सत्तू, 24 किलोग्राम सूजी, 12 किलोग्राम बेसन, 49 किलोग्राम आंटा, 49 किलोग्राम मैदा आ मसाला शामिल छल। ब्लिंकिट कॉमर्स प्राइवेट लिमिटेड, इंद्रपुरी स्थित स्टोर मे 49.5 लीटर एक्सपायरी अमूल दूध भेटल। एकर अतिरिक्त चाउर, घी, सूजी, मिश्रित अचार, ग्लूकोंडी आ चीनीक नमूना जांच लेल प्रयोगशाला पठाओल गेल।

# बिहार पुलिस चालक पदक अभ्यर्थी थारी-चम्मच पीटि कएलनि प्रदर्शन

**पटना :** बिहार पुलिस मे चालक पदक अभ्यर्थी सभक गर्दनीबाग धरनास्थल पर प्रदर्शन करैत 45 दिन सं बेसी भए गेल अछि। शुक्रदिन अभ्यर्थी सभ थारी-चम्मच बजा आ तिरंगा लए अपना सभक विरोध प्रकट कयलनि। किछु अभ्यर्थी अपन नामक आगू औंठाक खून सं ठप्पा लगौलनि। हुनका सभक कहब छलनि जे मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी मांग नहि मानताह, तं ओ सभ औंठाक बलिदान देताह। अभ्यर्थी सभक मुख्य मांग भर्ती प्रक्रिया मे रिक्त रहि गेल 1200 सं बेसी महिला सीट कें संबंधित श्रेणीक योग्य पुरुष अभ्यर्थी सभ सं भरबाक अछि।

# एमएलसी चुनाव 2026 : एमएलसी चुनावक मतदान प्रतिशत मे पटना पिछड़ल, दरभंगा आ कोसी सभ सं आगू

**पटना, समदिया**

बिहार विधान परिषद्क शिक्षक आ स्नातक कोटाक आठ सीट लेल भए' रहल मतदान मे अपराह्न 2 बजे धरि औसतन 43 प्रतिशत सं बेसी मतदान भेल अछि। शिक्षक मतदाता बढ़ि-चढ़ि कए मतदान कए रहल छथि। लोकतंत्रक एहि महापर्व मे शिक्षक मतदाता सभ अपराह्न 2 बजे धरि 57.20 प्रतिशत मतदान कए अपन सक्रियताक परिचय देने छथि। दोसर दिस, स्नातक मतदाता मतदान मे पाछां छथि आ मात्र 29.32 प्रतिशत मतदान भेल अछि। क्षेत्रक हिसाब सं शुरूआती दौर मे पाछां रहल तिरहुत क्षेत्र आब गति पकड़ि लेलक अछि। मतदान प्रतिशतक हिसाब सं स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे तिरहुत दोसर आ शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे तेसर स्थान पर अछि। स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे कोसी आ शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे दरभंगा मे सभ सं बेसी मतदान भेल अछि। स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक पटना, दरभंगा, तिरहुत आ कोसी, जखन कि शिक्षक निर्वाचन क्षेत्रक पटना, दरभंगा, तिरहुत आ सारण सीट पर चुनाव भए' रहल अछि। मतगणना आ परिणाम 27 अक्टूबर कें घोषित होयत। स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे पटना सीट सं जदयू केर नीरज कुमार, दरभंगा सं भाजपाक सर्वेश कुमार, तिरहुत सं निर्दलीय वंशीधर ब्रजवासी आ कोसी सं भाजपाक एनके यादव विधान पार्षद छथि। शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे पटना सीट सं भाजपाक नवल किशोर यादव, दरभंगा सं कांग्रेसक मदन मोहन झा, तिरहुत सं भाकपाक संजय सिंह आ सारण सं जन सुराजक अफाक अहमद विधान पार्षद छथि। एहि सभक कार्यकाल 16 नवंबर धरि अछि।







पटना स्नातक सीट एहि चुनावक सभ सं चर्चित सीट बनल अछि, किएक तं एतय जदयू प्रत्याशी नीरज कुमार कें हरयबाक लेल जदयू विधायक अनंत सिंह खुलि कए जन सुराज पार्टीक अनुज सिंहक पक्ष मे वोट मंगैत देखल गेल छलाह। विधान परिषद्क स्थानीय निकाय, शिक्षक आ स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक चुनाव मे मतदाता कें एक सं बेसी प्रत्याशी कें वरीयता मत देबाक अधिकार रहैत अछि। अर्थात, जं चुनाव मे पांच प्रत्याशी छथि, तं मतदाता अपन पसंदक अनुसार ककरो पहिल, ककरो दोसर, तेसर, चारिम अथवा पांचम वरीयता दए सकैत छथि। एहि चुनाव मे मतगणनाक प्रक्रिया सेहो सामान्य चुनाव सं भिन्न होइत अछि। जं पहिल वरीयताक मतगणना मे कोनो प्रत्याशी कें कुल वैध मतदानक 50 प्रतिशत सं एक मत बेसी भेट जाइत अछि, तं ओ विजयी घोषित होइत छथि। जं कोनो प्रत्याशी एहि सीमा धरि नहि पहुंचैत छथि, तं पहिल चरण मे सभ सं कम मत पाबयवला प्रत्याशी कें गणना सं बाहर कए देल जाइत अछि। बाहर कयल गेल प्रत्याशीक पहिल वरीयतावला मतपत्र सभ मे दोसर वरीयताक रूप मे अंकित दोसर प्रत्याशीसभक मत गानल आ जोड़ल जाइत अछि। एहि तरहें, प्रत्याशी सभ कें बाहर करबाक आ मत जोड़बाक प्रक्रिया ताबत धरि चलैत रहैत अछि, जाबत कोनो प्रत्याशी निर्धारित बहुमत प्राप्त नहि कए लैत छथि अथवा अंतिम दू प्रत्याशी मे एकटा स्पष्ट रूप सं आगू नहि भए' जाइत छथि।

## बिहार मे शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे 74.55 प्रतिशत, स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे 43.87प्रतिशत मतदान




**पटना।** बिहार विधान परिषद्क स्नातक आ शिक्षक निर्वाचन क्षेत्रक आठ सीट लेल शुक्रदिन भेल मतदान मे शिक्षक निर्वाचन क्षेत्रक मतदाता सभ स्नातक मतदातासभक तुलना मे बेसी उत्साह देखौलनि। सांझ चारि बजे धरि उपलब्ध आंकड़ाक अनुसार, चारिटा शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे कुल 74.55 प्रतिशत मतदान भेल, जखन कि चारिटा स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे 43.87 प्रतिशत मतदाता सभ अपन मताधिकारक प्रयोग कयलनि। दुनू श्रेणीक मतदान प्रतिशत मे 30.68 प्रतिशत अंकक अंतर रहल। शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र सभ मे सारण सभ सं आगू रहल, जतय 87.16 प्रतिशत मतदान दर्ज कयल गेल। ओम्हर, स्नातक निर्वाचन क्षेत्र सभ मे पटना सभ सं पाछां रहल। एतय सांझ चारि बजे धरि 36.19 प्रतिशत मतदान भेल। आंकड़ाक अनुसार, चारू शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे मतदानक प्रतिशत तुलनात्मक रूप सं बेसी रहल। जखन कि स्नातक निर्वाचन क्षेत्र सभ मे कोनो क्षेत्र 53 प्रतिशत मतदानक आंकड़ा पार नहि कए सकल।

# राजद प्रत्याशीक घर पर छापा परला सं खिसियेला तेजस्वी यादव

- **कहलनि जे हारक डर सं परेशान भए गेल अछि सत्तापक्ष, एहि बेर ककरो दालि नहि गलत**
- **फर्जी मतदान करेबाक तेजस्वी लगेलक आरोप**

**पटना, समदिया**

बिहार विधान परिषद्क शिक्षक आ स्नातक निर्वाचन क्षेत्रसभक मतदान सं ठीक पहिने, पटना शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र सं राजद (आरजेडी) प्रत्याशी डॉ. संजीव कुमारक आवास पर भारी संख्या मे पुलिस बल पहुंचला पर राजनीतिक हलचल तेज भए गेल। देर राति करीब सात गाड़ीक काफिलाक संग पुलिस आ प्रशासनिक दल ओतय पहुंचला पर खूब हंगामा भेल। डॉ. संजीव कुमार बिना तलाशी वारंटक हुनकर घर पर कारबाइ करबाक आ चुनाव सं ठीक पहिने हुनका परेशान करबाक गंभीर आरोप लगौलनि। एहि संपूर्ण घटनाक प्रतिक्रिया दैत विपक्षी दलक नेता तेजस्वी यादव राज्य सरकार आ प्रशासन पर कड़ा प्रहार कयलनि। ओ पत्रकार सभ सं बातचीत करैत सरकार पर निशाना साधलनि आ कहलनि जे मतदान सं ठीक पहिने विपक्षी उम्मीदवार सभ कें डरा-धमका क हुनकर मनोबल तोड़बाक असफल प्रयास कयल जा रहल अछि। तेजस्वी यादव आक्रामक रुख अपनबैत कहलनि जे प्रशासनक ई हथकंडा एहि बेर सफल नहि होयत। ओ



दावा कयलनि जे एहि बेर ने कोनो फजीर्वाड़ा चलत आ ने सरकारी मशीनरी अथवा तंत्रक दुरुपयोग सफल होयत। तेजस्वी यादव कहलनि जे ई सरकार वोट चोर सरकार अछि। फुलवारी शरीफ सहित अन्य इलाकासभक उल्लेख करैत ओ कहलनि जे कतेको ठाम फर्जी मतदान करयबाक प्रयास कयल जा रहल अछि। मुदा जनता आ कार्यकर्ता सभ पूरा सतर्क छथि आ एहि बेर हुनका सभक कोनो दालि नहि गलतै।

### बिहार मे ओला, ऊबर लेल नव नियम, पालन नहि केला पर रद्द भए सकैत अछि लाइसेंस

**पटना।** बिहार मे कैब आ बाइक टैक्सी सेवा सभ पर लगाम लगयबाक लेल परिवहन विभाग सख्त भए गेल अछि। ओला, ऊबर, रैपिडो आ सवारी मिथिला सहित एग्रीगेटर कंपनी सभ कें आठटा बिंदु पर जारी निर्देशसभक पालन करबाक आदेश देल गेल अछि। नियमक अनदेखी करयवाली कंपनीसभक लाइसेंस रद्द कयल जा सकैत अछि। विभागक मुख्य उद्देश्य यात्रीसभक सुरक्षा, चालकसभक सुविधा आ किराया मे पारदर्शिता सुनिश्चित करब अछि। परिवहन विभागक सचिव राज कुमार शुक्रदिन कंपनीसभक प्रतिनिधिसभक संग बैसक क पूर्वक निर्देशसभक अनुपालनक समीक्षा कयलनि। ओला आ ऊबर कें कारण बताउ नोटिस जारी कय 30 अक्टूबर धरि अनुपालन प्रतिवेदन देबाक निर्देश देल गेल अछि। एकर अतिरिक्त, एग्रीगेटर मंचक माध्यम सं एंबुलेन्स सेवाक विस्तार करबाक लेल सेहो कंपनी सभ सं एक सप्ताहक भीतर प्रतिवेदन मांगल गेल अछि। आब एग्रीगेटर कंपनी सभ कें अपन ऐप पर हिंदी आ अंग्रेजी दुनू भाषा मे चैटबॉटक सुविधा उपलब्ध कराबय पड़तनि। एहि सं हिंदी भाषी यात्री आ चालक आसानी सं जानकारी प्राप्त क सकताह। चालकसभक समस्या शीघ्र दूर करबाक लेल फोन सहायता सेवा सेहो उपलब्ध करय पड़तनि। कंपनी सभ कें बिहार मे स्थानीय कार्यालय स्थापित करबाक निर्देश देल गेल अछि। विभाग सवारी रद्द करबाक शुल्क आ राति मे लगयवला अतिरिक्त किरायाक प्रावधानक समीक्षा कयलक। कंपनी सभ कें यात्री सभ कें शुल्कक स्पष्ट जानकारी देबाक आ निर्धारित नियमक पालन करबाक निर्देश देल गेल अछि। प्रसारण प्रणालीक संदेशक अवधि दू सेकेंड सं बढ़ा क दस सेकेंड करबाक आदेश देल गेल अछि, जाहि सं यात्री आ चालक सूचना आसानी सं बुझि सकथि। एग्रीगेटर कंपनी सभ अपन मंच सं निर्धारित मानक पूरा करयवला व्यावसायिक वाहन कें मात्र जोड़ि सकत।

# जदयू सं निष्कासित छोटू सिंह कें पुलिस लेलक हिरासत मे...

## छोटू सिंह कहलनि, काज सं बाहर निकलल रही, तखने उठा लेल गेल

**पटना, समदिया**

बिहार विधान परिषद्क आठ सीट पर मतदानक बीच मोकामाक राजनीतिक माहौल गरमा गेल अछि। एही बीच जदयू सं निष्कासित पूर्व प्रदेश महासचिव छोटू सिंह कें पुलिस हिरासत मे लए लेल गेलनि। एहि बीच सामाजिक माध्यम पर एकटा वीडियो वायरल भए रहल अछि, जाहि मे कथित रूप सं छोटू सिंह ई कहैत देखाइत छथि जे ओ कोनो काज सं घर सं बाहर निकलने रहथि, तखने बिहार एसटीएफ हुनका उठा लेलक। हुनका कोन मामिला मे आ कोन परिस्थिति मे हिरासत मे लेल गेलनि, एहि संबंध मे आधिकारिक जानकारी एखन धरि सामने आबय बाकी अछि। बतबैत चली जे छोटू सिंह जदयू केर प्रदेश महासचिव रहि चुकल छथि। उपलब्ध जानकारीक अनुसार, जुलाई 2026 मे पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष उमेश कुशवाहा हुनका छह वर्षक लेल पार्टी सं निष्कासित क देने रहथि। ओहि



समय पार्टीक तरफ सं एहि कारबाइक कारण पार्टी-विरोधी गतिविधि आ अनुशासनहीनता बताओल गेल छल। मीडिया रिपोर्टसभक अनुसार, प्रदेश कार्यकारिणी मे स्थान नहि भेटलाक बाद छोटू सिंहक नाराजगी बढ़ि गेल छलनि। जदयू केर वरिष्ठ नेता संजय झा संग हुनकर बहस भेल रहबाक चर्चो सामने आयल छल। जदयू सं निष्कासित छोटू सिंह विधान पार्षद संजय गांधी आ ललन सर्राफ पर सेहो आरोप लगौने रहथि। हुनकर दावा छलनि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अस्वस्थताक लाभ उठा क ई नेता अपन-अपन परिवार कें लाभ पहुंचयबाक प्रयास क रहल छथि। ई आरोप छोटू सिंह द्वारा लगाओल गेल अछि, जकर स्वतंत्र पुष्टि नहि भेल अछि। एकर पहिने पटना मे मीडिया सं बातचीतक दौरान छोटू सिंह जदयू केर राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष संजय झा पर सेहो निशाना साधने रहथि। हुनकर आरोप छलनि जे संजय झा केंद्र सरकार मे मंत्री बनय चाहैत छथि आ एहि लेल जदयू कोटा सं केंद्रीय मंत्री ललन सिंहक स्थान लेबाक प्रयास क रहल छथि। छोटू सिंह ईहो दावा कयने रहथि जे संजय झा नीतीश कुमार कें चुनाव मे हराबय आ हुनका मुख्यमंत्री पद सं हटाबय लेल प्रयास कयने रहथि। ओ संजय झाक चुनावी क्षमतापर सवाल उठबैत कहलनि जे नीतीश कुमारक समर्थन नहि रहला पर हुनकर राजनीतिक प्रभाव कमजोर पड़ि जेतनि। बिहार विधान परिषद्क आठ सीट पर मतदानक दौरान मोकामा मे समर्थकसभक बीच भेल धक्का-मुक्की आ छोटू सिंह कें हिरासत मे लेल जयबाक घटना सं राजनीतिक सरगर्मी बढ़ि गेल अछि। आब एहि मामिला मे पुलिसक आधिकारिक जानकारी आ वायरल वीडियो कें पुष्टि महत्वपूर्ण होयत। एहि आधार पर स्पष्ट भए सकत जे छोटू सिंह कें कोन आधार पर हिरासत मे लेल गेलनि आ मोकामा मे भेल घटना सं हुनकर की संबंध अछि।

# एमएलसी परिणाम सं पहिने अनंत सिंहक आवास पर जश्न, देखायल आत्मविश्वास

## कहलनि जे जनता सभ किछु अछि आ वएह असली मालिक अछि

**पटना, समदिया**

बिहार विधान परिषद् चुनावक मतदानक बीच मोकामाक बाहुबली विधायक अनंत सिंहक तीक्ष्ण आ बेबाक बयान सामने अयलाक बाद प्रदेशक राजनीतिक माहौल फेर गरमा गेल अछि। मतदानक दौरान हुनकर आवासक बाहर समर्थक सभ मे खूब उत्साह देखल गेल आ जमि कए आतिशबाजी कयल गेल, जाहि सं राजनीतिक गलियारा मे हलचल तेज भए गेल अछि। एहि जश्नक संबंध मे मीडिया सं बातचीत करैत विधायक अनंत सिंह स्पष्ट शब्द मे



कहलनि जे जनता सभ किछु अछि आ ओहे असली मालिक अछि। हुनकर दावा छलनि जे जनताक अपार समर्थन आ आशीर्वादक बल पर ओ परिणाम आबय सं पहिनहि जीतक जश्न मना रहल छथि। ओ ईहो कहलनि जे आब हुनका कोनो प्रकारक राजनीतिक चुनौती सं कोनो अंतर नहि पड़ैत अछि।

### छोटू सिंहक हिरासत पर कसलनि तंज, कहलनि, पुलिस हमरा सेहो गिरफ्तार कए ले

पुलिस द्वारा छोटू सिंह कें हिरासत मे लेल जयबाक आ प्रशासनिक कार्रवाईसभक संबंध मे पूछला पर अनंत सिंह तीक्ष्ण प्रतिक्रिया देलनि। ओ कहलनि जे एहि तरहक पुलिसिया कारबाइ सं चुनाव अथवा हुनकर स्थिति पर कोनो अंतर नहि पड़तनि, बल्कि एहि कारबाइ सं हुनका राजनीतिक लाभे होयतनि। एतबे नहि, अपन समर्थक आ लोकसभक गिरफ्तारीक प्रसंग पर चुनौती दैत ओ कहलनि जे ओ तं चाहैत छथि जे पुलिस हुनको गिरफ्तार क ले। अनंत सिंहक एहि बयान आ मतदानक बीच हुनकर आवास पर मनाओल जा रहल जश्न सं बिहारक राजनीतिक माहौल मे सरगर्मी बढ़ि गेल अछि। एहि बीच चुनावक परिणाम आ पुलिसक कारबाइ पर सभक नजरि बनल अछि।

# 25 अक्टूबर कें बापू सभागार मे मनाओल जाएत बिहार केसरी श्रीकृष्ण सिंहक जयंती

**पटना, समदिया**

कांग्रेसक राज्यसभा सांसद डॉ. अखिलेश प्रसाद सिंह आ प्रदेश कांग्रेस अध्यक्ष राजेश राम संयुक्त रूप सं प्रेसवार्ता क आगामी 25 अक्टूबर कें होबयवला पैघ राजनीतिक आ सामाजिक आयोजनक जानकारी देलनि। दुनू नेता सभ बतौलनि जे आधुनिक बिहारक निमार्ता आ पहिल मुख्यमंत्री बिहार केसरी स्वर्गीय डॉ. श्रीकृष्ण सिंहक जयंतीक मुख्य राज्यस्तरीय समारोह पटना स्थित बापू सभागार मे आयोजित कयल जाएत। एहि भव्य समारोह मे श्री बाबूक व्यक्तित्व, कृतित्व आ हुनकर ऐतिहासिक योगदानक स्मरण कयल जाएत। नेता सभ बतौलनि जे भारतीय राष्ट्रीय कांग्रेसक राष्ट्रीय अध्यक्ष



मल्लिकार्जुन खड़गे एहि कार्यक्रम मे मुख्य अतिथि आ मुख्य वक्ताक रूप मे शामिल होयबाक लेल विशेष रूप सं पटना आबि रहल छथि। निर्धारित कार्यक्रमक अनुसार, कांग्रेसक राष्ट्रीय अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे 25 अक्टूबर कें पूर्वाह्न 11 बजे निजी विमान सं पटना हवाई अड्डा पहुंचताह। हुनकर आगमन कें लए पार्टीक कार्यकर्ता सभ आ नेता सभ मे बहुत उत्साहक वातावरण अछि। हवाई अड्डा सं ओ सीधा कार्यक्रम स्थल लेल प्रस्थान करताह। प्रेसवार्ताक दौरान नेता सभ बतौलनि जे श्री बाबूक जीवन समाजक दलित-पिछड़ल, शोषित आ वंचित वर्गक उत्थान लेल समर्पित छल। स्वतंत्रता संग्रामक संग-संग स्वतंत्र भारत मे जमींदारी प्रथाक उन्मूलन आ समाज मे सामाजिक समानता स्थापित करबा मे सेहो हुनकर अभूतपूर्व भूमिका रहलनि। एकर अतिरिक्त, ऐतिहासिक देवघर मंदिर मे दलितसभक प्रवेश सं जुड़ल हुनकर साहसिक आ क्रांतिकारी कदम पर सेहो विशेष रूप सं प्रकाश देल गेल। बिहार कांग्रेस ई संकल्प लेने अछि जे श्री बाबूक विचार, आदर्श आ हुनकर राजनीतिक विरासत कें जन-जन धरि पहुंचाओल जाएत।

# नगर निगम मे राबिसक नाम पर करोड़ो टाकाक निकासीक आरोप, उच्चस्तरीय जांचक मांग

**महापौर बैन प्रिया नगर आयुक्त कें लिखलनि पत्र, दू दिनक भीतर राबिस कार्यक जीपीएस तस्वीर मांगली**

**सहरसा, समदिया**

नगर निगम क्षेत्र मे राबिस खसयबाक नाम पर करोड़ो टाका निकासी आ धरातल पर काज नहि होयबाक आरोप कें लए महापौर बैन प्रिया गंभीर चिंता व्यक्त कयने छथि। ओ नगर आयुक्त कें पत्र लिखि पूरा मामिलाक उच्चस्तरीय आ निष्पक्ष जांच करयबाक मांग कयलनि अछि। संगहि, वास्तविक कार्यक स्थिति आ भुगतान सं संबंधित सभ अभिलेख दू दिनक भीतर उपलब्ध करयबाक निर्देश देलनि अछि। महापौरअपन पत्र मे उल्लेख कयने छथि जे नगर निगम क्षेत्र मे राबिस खसयबाक नाम पर करोड़ो टाकाक निकासी होयबाक जानकारी सोशल मीडिया आ विभिन्न लोकक माध्यम सं सामने आयल अछि। एहि संबंध मे कांग्रेसक एक नेता द्वारा 21 अक्टूबर 2026 कें देल गेल पत्र आ विभिन्न वार्डक स्थानीय निवासीसभक शिकायतक सेहो उल्लेख कयल गेल अछि। महापौरक कहब छनि जे जनहित कें ध्यान मे रखैत एहि गंभीर



मामिलाक निष्पक्ष जांच आवश्यक अछि। ओ ईहो उल्लेख कयलनि जे शहर मे जनहितक आवश्यकता देखैत ओ अपन खर्च सं सेहो नगर निगमक विभिन्न स्थान पर राबिस खसबयबाक काज करौने छथि। महापौर नगर आयुक्त सं राबिस खसयबाक वास्तविक कार्यक जीपीएस तस्वीर, निकासी कयल गेल राशि, भुगतानक विवरण आ एहि संबंधी सभ संचिका दू दिनक भीतर उपलब्ध करयबाक मांग कयलनि अछि, जाहि सं मामिलाक वास्तविक स्थिति स्पष्ट भए सकय। महापौर कहलनि जे जं संबंधित कार्यक एवज मे भुगतान कयल गेल अछि, तं सक्षम एजेन्सी सं ओकर जांच कराओल जाय। जांचक क्रम मे वित्तीय अनियमितता भेटबाक स्थिति मे जिम्मेदार पदाधिकारी, कर्मचारी आ संबंधित एजेन्सीक विरुद्ध नियमानुसार कारबाइ कयल जाय। संगहि, सरकारी राशिक क्षति प्रमाणित होयला पर नियमानुसार राशि वसूल करबाक व्यवस्था सुनिश्चित कयल जाय। मामिलाक गंभीरता कें देखैत महापौर एहि पत्र कें अत्यावश्यक बतौलनि अछि। पत्रक प्रतिलिपि बिहारक मुख्यमंत्री, नगर विकास एवं आवास विभागक मंत्री, विभागक प्रधान सचिव, सामान्य प्रशासन विभागक प्रधान सचिव आ कोशी प्रमंडलक प्रमंडलीय आयुक्त कें सेहो पठाओल गेल अछि। आब अभिलेखक जांच आ संबंधित कार्यक भौतिक सत्यापनक बादे कथित निकासी आ भुगतानक वास्तविक स्थिति स्पष्ट भएसकत।

# रहिका पुलिसक पैघ कारबाइ 56 जिंदा कारतूस आ बाइक-मोबाइल संग एक तस्कर गिरफ्तार, दू फरार

**मधुबनी, समदिया**

मधुबनी पुलिस अवैध आग्नेयास्त्र आ मादक पदार्थक विरुद्ध चलाओल जा रहल अभियानक क्रम मे रहिका थाना क्षेत्र मे पैघ कारबाइ कयलक अछि। पुलिस आ बिहार एसटीएफक संयुक्त टीम 56 जिंदाकारतूस, एक मोटरसाइकिल आ दू सिम लागल मोटोरोला कंपनीक मोबाइल फोनक संग एक युवक केंगिरफ्तार कयलक। एहि मामिला मे दू अन्य सहयोगी फरार बताओल गेल अछि। प्राप्त जानकारीकअनुसार, 22 अक्टूबरक राति पुलिस कें गुप्त सूचना भेटल जे एक व्यक्ति भारी संख्या मे जिंदा कारतूसक आपूर्ति करबाक लेल आबि रहल अछि। सूचना भेटिते वरीय पुलिस पदाधिकारी सभ कें एहि संबंध मे अवगत कराओल गेल। हुनकर निर्देश पर रहिका थाना पुलिस आ बिहार एसटीएफक संयुक्त टीम गठित कए त्वरित कारबाइ शुरू कयल गेल। संयुक्त टीम रहिका थाना क्षेत्रक नाजिरपुर गाम स्थित हनुमानमंदिरक लग घेराबंदी कयलक। एहि दौरान आपूर्ति करबाक लेल पहुंचल एक संदिग्ध युवक केंमोटरसाइकिल सहित पकड़ल गेल। गिरफ्तार युवकक पहचान नरेंद्र भारतीक रूप मे कयल गेल। तलाशीलेलापर ओकरा लग सं कुल



56 जिंदा कारतूस, एक मोटरसाइकिल आ दू सिम लागल एकटा मोटोरोला मोबाइल फोन बरामद भेल। पुलिस बरामद सामग्री कें विधिवत जब्त कए गिरफ्तार अभियुक्त कें थानाअनलक। पूछताछक क्रम मे अभियुक्त अपन अन्य सहयोगीसभक संग मिलि अवैध हथियार आ जिंदा कारतूसक खरीद-बिक्री तथा तस्करीक गिरोह चलयबाक बात स्वीकार कयलक। पुलिसक अनुसार, एहि गतिविधि मे ओकर दू अन्य सहयोगी सेहो प्रमुख रूप सं संलिप्त छथि। गिरफ्तार अभियुक्त कें न्यायिक हिरासत मे भेजबाक प्रक्रिया कयल जा रहल अछि। ओतहि, फरार दुनू सहयोगीक गिरफ्तारी लेल पुलिससंभावित ठिकाना सभ पर छापामारी कए रहल अछि। मधुबनी पुलिसक कहब अछि जे जिला मे अपराधनियंत्रण आ अवैध हथियारक कारोबार पर रोक लगयबाक लेल अभियान आगू जारी रहत।

# बाढ़ि प्रभावित किसान सभ कें राहति, फसल क्षति पर भेटत अनुदान

**पटना, समदिया**

बिहार सरकार बाढ़ि सं प्रभावित किसान सभ कें फसल क्षतिक भरपाइक लेल कृषि इनपुट अनुदान योजनाक अंतर्गत आर्थिक सहायता देत। सितंबर 2026क अंतिम सप्ताह मे नदी सभक जलस्तर बढ़ला संआयल बाढ़ि सं प्रभावित किसान सभ कें राहति पहुंचयबाक उद्देश्य सं कृषि विभाग ऑनलाइन आवेदन आमंत्रित कयने अछि। राज्यक 9 जिलाक 43 प्रखंडक चिह्नित 289 पंचायतक पात्र किसान 25 अक्टूबर 2026 धरि आवेदन कए सकैत छथि। कृषि विभागक मंत्री श्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि जे बाढ़ि मे फसलक भेल नुकसानक भरपाई कए प्रभावित किसान सभ कें राहति देब सरकारक प्राथमिकता अछि। कृषि इनपुट अनुदान योजनाक माध्यम सं किसान सभ कें आर्थिक सहायता देल जाएत, जाहि सं ओ फसल क्षति सं उत्पन्न कठिनाइ सभ सं उबरि सकथि आ आगूक खेती-बारीक काज सुचारु रूप सं जारी राखि सकथि। ओ पात्र किसान सभ सं निर्धारित



समय-सीमाक भीतर आवेदन कए योजनाक लाभ उठेबाकअपील कयलनि। श्री सिन्हा कहलनि जे यशस्वी प्रधानमंत्री श्री नरेंद्र मोदीजीक किसान कल्याण,आत्मनिर्भर भारत आ समृद्ध कृषिक संकल्पक अनुरूप डबल इंजनक सरकार किसान सभक हितक रक्षा आ हुनकर आर्थिक सुरक्षा सुनिश्चित करबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। प्राकृतिक आपदा सं प्रभावित किसानसभ कें कृषि इनपुट अनुदान देब एहि प्रतिबद्धताक महत्वपूर्ण हिस्सा अछि। सरकारक उद्देश्य फसलक्षति सं प्रभावित किसान सभ कें समय पर आर्थिक सहायता दए फेर सं खेती-बारीक काज करबाक लेल सक्षम बनायब, कृषि उत्पादन निरंतर बनौने रखब तथा किसान सभक आमदनी आ ग्रामीण अर्थव्यवस्था कें मजबूत करब अछि। कृषि मंत्री जानकारी देलनि जे कृषि इनपुट अनुदान योजनाक अंतर्गत फसल क्षतिक लेल अलग-अलग दर सं सहायता राशि निर्धारित कयल गेल अछि। बरखा पर निर्भर (असिंचित) फसल क्षेत्रक लेल 8,500 टाका प्रति हेक्टेयर, सिंचित क्षेत्रक लेल 17,000 टाका प्रति हेक्टेयर तथा स्थायी आ बहुवर्षीय फसल सभ, जाहि मे गन्ना सेहो शामिल अछि, ताहि लेल 22,500 टाका प्रति हेक्टेयरक दर सं अनुदान देल जाएत। योजनाक अंतर्गत अधिकतम दू हेक्टेयर क्षेत्रक लेल अनुदान देय होयत। न्यूनतम सहायता राशि असिंचित क्षेत्रक लेल 1,000 टाका, सिंचित क्षेत्रक लेल 2,000 टाका तथा स्थायी आ बहुवर्षीय फसल सभक लेल 2,500टाका निर्धारित कयल गेल अछि।श्री सिन्हा कहलनि जे दरभंगा, गोपालगंज, मुजफ्फरपुर, पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, वैशाली, सारण, कटिहारआ पटना जिलाक चिह्नित प्रखंड आ पंचायतक बाढ़ि प्रभावित पात्र किसान एहि योजनाक अंतर्गत आवेदन कए सकैत छथि। प्रभावित प्रखंड आ पंचायत सभक सूची डीबीटी कृषि पोर्टल पर उपलब्ध अछि। कृषि मंत्री जानकारी देलनि जे योजनाक लाभ पात्र पंजीकृत रैयत आ गैर-रैयत किसान सभ कें देल जाएत। किसान परिवारक परिभाषा मे पति, पत्नी आ अवयस्क बच्चा शामिल छथि। आवेदन करबाकसमय आधार सत्यापनक संग परिवारक विवरण देब अनिवार्य होयत। परिवार सं संबंधित विवरण मेअनियमितता भेटलापर आवेदन रद्द कयल जा सकैत अछि। रैयत किसान सभ कें अद्यतन अथवा वित्तीयबरख 2023-24, 2024-25म 2025-26क एलपीसी (भूमि कब्जा प्रमाणपत्र) अथवा लगान रसीद देबयपड़त। ओतहि, गैर-रैयत किसान सभ कें वार्ड सदस्य, मुखिया अथवा सरपंच आ कृषि समन्वयक द्वाराप्रमाणित स्वघोषणा प्रमाणपत्र जमा करय पड़त। स्वघोषणा प्रमाणपत्रक निर्धारित प्रारूप डीबीटी कृषि पोर्टल पर उपलब्ध अछि।

# मैथिलीक पहिल व्याकरण ग्रंथक शताब्दी पर भागलपुर मे संगोष्ठीक आयोजन आइ

**साहित्य अकादेमी आ हेम-जयंती साहित्य मंचक संयुक्त तत्वावधान मे जुटताह विद्वान**

**भागलपुर, समदिया**

मैथिली भाषाक पहिल व्याकरण ग्रंथ मैथिली भाषा-व्याकरण भास्करक प्रकाशनक 100म वर्षगांठ पर रवि दिन, 25 अक्टूबर 2026 कें भागलपुर मे एक दिवसीय संगोष्ठीक आयोजन होयत। साहित्य अकादेमी आ हेम-जयंती साहित्यमंच, दरभंगा, संयुक्त रूपें एहि कार्यक्रमक आयोजन कए रहल अछि। संगोष्ठीक केंद्र मे पंडित हीरालाल झा हेम रचित एहि महत्त्वपूर्ण व्याकरण ग्रंथक भाषिक, साहित्यिक आ ऐतिहासिक महत्त्व रहत।कार्यक्रमक आयोजन भागलपुरक आदमपुर चौक स्थित तपस्वी अस्पतालक सेमिनार हॉल मे होयत। उद्घाटन सत्रपूर्वाह्न 10 बजे शुरू भए 11 बजे धरि चलत। एहि सत्र मे साहित्य अकादेमीक उपसचिव एन. सुरेश बाबूक स्वागत वक्तव्य, मैथिली परामर्श मंडलक सदस्य प्रमोद कुमार झाक विषय प्रवर्तन आ सदस्य रमण कुमार सिंहक बीज वक्तव्य होयत। हेम-जयंती साहित्य मंचक




निदेशक अमरेंद्र कुमार झा अध्यक्षता करताह।पहिल सत्र पूर्वाह्न 11:30 बजे शुरू भए अपराह्न एक बजे धरि चलत। एहि सत्रक अध्यक्षता साहित्य अकादेमीक मैथिली परामर्श मंडलक सदस्य नीता झा करतीह। एहि अवसर पर किसलय कृष्ण, कुमार राहुल आ योगानंद झामैथिलीक पहिल व्याकरण, मैथिली, बांग्ला आ असमियाक व्याकरणक तुलनात्मक अध्ययन तथा प्राचीन मैथिली संआधुनिक मैथिली धरि क्रियापदक विकास पर अपन पत्र प्रस्तुत करताह।दोसर सत्रक आयोजन अपराह्न दू बजे सं चारि बजे धरि होयत। एकर अध्यक्षता प्रख्यात मैथिली साहित्यकारशिवप्रसाद यादव करताह। एहि सत्र मे प्रमोद पांडेय, सुरेंद्र भारद्वाज आ भास्कर ज्योति व्याकरणक लोकप्रयोग, पंडित हीरालाल झा हेमक व्याकरणक तुलनात्मक अध्ययन आ वर्तमान समय मे एहि ग्रंथक प्रासंगिकता पर अपनविचार रखताह। संगोष्ठीक माध्यमे मैथिली व्याकरणक विकास-यात्रा, पारंपरिक भाषिक संरचना आ आधुनिक अध्ययनक विभिन्न पक्ष पर विमर्श होयबाक अपेक्षा अछि। मैथिली भाषाक व्याकरणिक परंपराक अध्ययन आ संरक्षणक दृष्टिएं एहिआयोजन कें महत्त्वपूर्ण मानल जा रहल अछि।

# पैक्स कें पत्तल-प्लेट, स्लीपर निर्माण आ सिलाई इकाइक देल जाएत प्रशिक्षण

**पटना, समदिया**

बिहार मे सहकारी संस्था सभ कें आत्मनिर्भर आ व्यावसायिक रूप सं सुदृढ़ बनेबाक लेल सहकारिता विभाग द्वारा उत्कृष्ट प्राथमिक कृषि साख समिति सभ (पैक्स) केर अध्यक्ष आ प्रबंधकसभक लेलकार्यशालाक आयोजन कयल जा रहल अछि। ई कार्यशाला 24 अक्टूबर 2026 कें सहकारिता प्रशिक्षण केंद्र, पूसा, समस्तीपुर आ 26 अक्टूबर कें दीप नारायण सिंह क्षेत्रीय सहकारिता प्रबंधन संस्थान, पटना मेआयोजित होयत। कार्यशालाक उद्देश्य उत्कृष्ट पैक्ससभक सफल कार्यप्रणाली, नवाचार आ अनुभव केंदोसर समिति सभ धरि पहुंचेनाइ तथा पैक्स कें पारदर्शी, प्रभावकारी आ व्यावसायिक रूप सं सक्षमबनायब अछि। एहि दौरान पैक्स सभ कें पत्तल-प्लेट निर्माण, स्लीपर निर्माण, सिलाई इकाइ, सोलर एलईडी बल्बक असेंबली आ बिक्री, जन औषधि केंद्र तथा स्थानीय आवश्यकताक अनुरूप अन्य उद्यम शुरूकरबाक प्रशिक्षण देल जाएत। एहि पहल सं पैक्ससभक आय बढ़ेबाक आ रोजगारक नव अवसर सृजनकरबाक संभावना अछि। कार्यशाला मे सरकारी योजना आ संस्थागत सहायता प्राप्त करबाक प्रक्रिया परसेहो जानकारी देल जाएत। एहि क्रम मे क्रेडिट गारंटी योजना, सूक्ष्म खाद्य प्रसंस्करण उद्यम योजना,कृषि अवसंरचना कोष, प्रधानमंत्री किसान समृद्धि केंद्र, प्रधानमंत्री किसान ऊर्जा सुरक्षा एवं उत्थान महाभियान तथा जीविकाक माध्यम सं उपलब्ध अवसर सभ पर चर्चा होयत। कॉमन सर्विस सेंटर, भारतीय कृषक उर्वरक सहकारी लिमिटेड, नाबार्ड आ राष्ट्रीय सहकारी विकास निगमक विशेषज्ञ सभ पैक्स कें उपलब्ध सेवा, सहयोग आ व्यावसायिक अवसरक जानकारी देथिन। कार्यशाला मे वित्तीय आ प्रबंधकीय तैयारी पर सेहो जोर देल जाएत। पंजीकरण प्रमाणपत्र, लेखा-परीक्षित वित्तीय विवरण, प्रबंध समिति के प्रस्ताव, परियोजना प्रतिवेदन, जमीन-भवनक उपलब्धता, बैंक खाता आ केवाईसी संबंधीदस्तावेज तैयार रखबाक महत्व बताओल जाएत। एहि पहल सं पैक्ससभक बीच अनुभवक आदान-प्रदान,आपसी सहयोग आ नव व्यवसाय शुरू करबाक क्षमता विकसित होयत। संगहि, सहकारी संस्था सभ केंबहुउद्देशीय आ आत्मनिर्भर बनेबाक दिशा मे सेहो मदद भेटत।

# बल्लीपुर-डुमरा पथक चौड़ीकरणक काज शुरू, 29.45 करोड़ टाका होयत खर्च

**शिवाजीनगर/समस्तीपुर, समदिया**

**शिवाजीनगर सहित लगपासक गामक लोकनिक आवागमन मे भेटत राहति**

शिवाजीनगर प्रखंड मे सड़क संपर्क नीक बनेबाक दिशा मे शुक्रदिन एकटा महत्वपूर्ण पहल कयल गेल। बल्लीपुर-डुमरा पथक चौड़ीकरण आ मजबूतीकरण काजक विधिवत शुभारंभ कयल गेल। एहि अवसर पररोसड़ा विधायक बीरेंद्र कुमार, भाजपा केर पूर्व प्रदेश महामंत्री सुशील चौधरी, जिला मंत्री अनिल कुमार सिंहआ बीस सूत्री अध्यक्ष संतोष कुमार बबली सहित आन लोकनि उपस्थित छलाह। एहि परियोजनाक लेल29 करोड़ 45 लाख 67 हजार टाकाक प्रशासनिक स्वीकृति देल गेल अछि। प्राप्त जानकारीक अनुसार, बल्लीपुर-डुमरा पथक किलोमीटर 10.709 सं 15.316 धरि कुल 4.607 किलोमीटर लंब सड़कक चौड़ीकरण आ मजबूतीकरण कयल जाएत। वर्तमान मे सड़क एकल लेन होयबाक कारण एहि बाट संगुजरयवला लोकनि कें आवागमन मे विभिन्न प्रकारक कठिनाइक सामना करय पड़ैत अछि। सड़कनिर्माण



पूरा भेला पर डुमरा, शिवाजीनगर, बरियाही, दहियार सहित आसपासक गामक लोकनि कें आवागमनमे बड्ड सुविधा भेटबाक आशा अछि। बल्लीपुर-डुमरा पथ स्थानीय आवागमनक संगहि समस्तीपुर जिलामुख्यालय धरि पहुंचबाक एकटा महत्वपूर्ण वैकल्पिक बाट सेहो अछि। ई सड़क रोसड़ा-हथौड़ी कोठी पथ आ रोसड़ा-शिवाजीनगर पथ कें जोड़य मे महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत अछि। एहि सड़कक चौड़ीकरण आमजबूतीकरण भेला सं क्षेत्रक सड़क संपर्क नीक होयत आ प्रमुख सड़क सभक बीच आवागमन बेसी सुगम भए सकत। सड़क चौड़ा आ मजबूत भेला सं वाहनक परिचालन मे सुविधा होयबाक संगहि आवागमन बेसी सुरक्षित आ सहज होयबाक संभावना अछि। ग्रामीण क्षेत्र सं बाजार, प्रखंड कार्यालय आ जिला मुख्यालय जाय-आबयवला विद्यार्थी, नौकरी करयवला लोक, किसान, व्यवसायी आ आन यात्रीलोकनि कें सेहो एकर सीधा लाभ भेटबाक आशा अछि।शिवाजीनगर प्रखंडक अर्थव्यवस्था मे कृषिक महत्वपूर्ण भूमिका अछि। ग्रामीण क्षेत्र सं कृषि उपज कें बाजार आ दोसर शहर धरि पहुंचाबय मे नीक सड़क संपर्कक महत्वपूर्ण योगदान रहैत अछि। एहि परिस्थिति मे बल्लीपुर-डुमरा पथक चौड़ीकरण आ मजबूतीकरण भेला सं कृषि उपज ढोबयवला वाहन सभ कें सुविधा भेटबाक संभावना अछि। एहि सं किसान सभ कें अपन उपज बाजार धरि पहुंचाबय मेसहूलियत होयत आ स्थानीय व्यापारिक गतिविधि सभ कें सेहो गति भेटि सकत। नीक सड़क संपर्क सं मालवाहक वाहन सभक आवागमन सहज होयबाक संगहि ग्रामीण बाजार सभ धरि पहुंच बढ़त। एहि सं स्थानीय कारोबार, रोजगार आ ग्रामीण अर्थव्यवस्था कें मजबूती भेटबाक आशा अछि। एकर अतिरिक्त, सड़क नीक भेला सं आवश्यक सेवा सभ धरि पहुंचबाक आ प्रशासनिक काजक निष्पादन मे सेहो सुविधा होयत। एहि अवसर पर रोसड़ा विधायक बीरेंद्र कुमार कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक विकसित भारतक संकल्प आ मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक नेतृत्व मे बिहार मे नीक सड़क संपर्कक माध्यम सं विकास कें समाजक आखरी व्यक्ति धरि पहुंचयबाक लेल लगातार काज कयल जा रहल अछि। सड़क सभ मात्र एक ठाम सं दोसर ठाम पहुंचबाक साधन नहि अछि, बल्कि ई व्यापार, रोजगार, शिक्षा, स्वास्थ्य आ आर्थिकसमृद्धि कें आगू बढ़ेबाक मजबूत आधार अछि।स्थानीय लोकनि कें आशा अछि जे सड़कक चौड़ीकरण आ मजबूतीकरण पूरा भेला पर आवागमन बेसीसुरक्षित आ सुविधाजनक होयत। समग्र रूप सं ई परियोजना शिवाजीनगर आ आसपासक क्षेत्र मे सड़कसंपर्क मजबूत करबाक संगहि कृषि, व्यापार, रोजगार आ ग्रामीण विकास कें नव गति देबा मे महत्वपूर्ण भूमिका निभा सकैत अछि।

# पटना मे रिलायंस रिटेल, फ्लिपकार्ट आ बिग बास्केटक वेयरहाउस मे खाद्य सुरक्षा त्रुटिक भंडाफोड़

**पटना, समदिया**

**सभ प्रतिष्ठान कें 14 दिनक भीतर कमी दूर करबाक नोटिस**

खाद्य पदार्थक गुणवत्ता, स्वच्छता आ सुरक्षित भंडारण सुनिश्चित करबाक उद्देश्य सं खाद्य सुरक्षा आयुक्त श्री कुमार रविक निर्देश पर खाद्य सुरक्षा विभाग द्वारा लगातार निरीक्षण अभियान चलाओल जारहल अछि। एहि क्रम मे पटनाक मौजा जेठूली आ दीदारगंज स्थित रिलायंस रिटेल लिमिटेडक दूटाप्रतिष्ठानक निरीक्षणक दौरान खाद्य सुरक्षा मानक सं संबंधित कतेको अनियमितता भेटल। एहि परसंबंधित प्रतिष्ठान सभ कें खाद्य सुरक्षा आ मानक अधिनियम, 2006क धारा 32 अंतर्गत सुधार नोटिसजारी कयल गेल अछि। संगहि, 14 दिनक भीतर सभ कमी दूर करबाक निर्देश देल गेल अछि। रिलायंस रिटेल लिमिटेडक वेयरहाउस, छपाक वाटर पार्कक सामने, मौजा जेठूली, पटना सिटी मे निरीक्षणक दौरान कोल्ड स्टोरेज मे खाद्य पदार्थ खुला स्थान पर राखल भेटल। एकर अतिरिक्त, फर्श पर



गंदगी आ भंडार गृह मे कबूतरक उपस्थिति तथा ओकरा कारण गंदगी रहबाक स्थिति सेहो देखल गेल। ईअनियमितता सभ खाद्य सुरक्षा आ मानक अधिनियम, 2006क धारा 26 तथा खाद्य सुरक्षा आ मानक (लाइसेंसिंग आ पंजीकरण) विनियमक अंतर्गत निर्धारित मानकक अनुरूप नहि अछि। खाद्य सुरक्षा विभाग द्वारा मलाई पनीरक नमूना लेल गेल आ जांचक लेल खाद्य प्रयोगशाला पठाओल गेल। रिलायंस रिटेललिमिटेड, दीदारगंज, गौरीचक, पटना स्थित प्रतिष्ठानक निरीक्षणक दौरान खाद्य आ अखाद्य पदार्थ सभ कें एक्के संग राखल भेटल। प्रतिष्ठान मे खाद्य पदार्थक भंडारण लेल स्वच्छ वातावरणक अभाव सेहो देखल गेल। निरीक्षणक क्रम मे हल्दी पाउडर आ तीक्ष्ण मिर्च पाउडरक नमूना लेल गेल आ गुणवत्ता जांचक लेल खाद्य प्रयोगशाला पठाओल गेल। दुनू प्रतिष्ठान कें जारी सुधार नोटिस मे निर्देश देल गेल अछि जेनिर्धारित 14 दिनक भीतर सभ अनियमितता दूर कए अनुपालन सं संबंधित प्रमाण अभिहित पदाधिकारीक कार्यालय मे जमा करथि। निर्धारित अवधि मे कमी दूर नहि करबाक अथवा अनुपालनकप्रमाण जमा नहि करबाक स्थिति मे संबंधित प्रतिष्ठानक खाद्य लाइसेंस निलंबित कयल जा सकैत अछि। एकर बाद नियमानुसार लाइसेंस रद्द करबाक कारबाइ सेहो कयल जा सकैत अछि। बिहटा स्थितफ्लिपकार्ट वेयरहाउसक निरीक्षणक दौरान टाटा टी गोल्डक 500 ग्रामक पैकेट पर अंकित बैच नंबर आ कार्टन पर अंकित बैच नंबर मे अंतर भेटल। एहि अनियमितता कें देखैत एहन 293 पैकेटक बिक्री पर रोक लगा देल गेल। एहि पैकेट सभक कुल अनुमानित कीमत 84,970 टाका अछि। एकर अतिरिक्त, चायपत्ती कें गुणवत्ता जांचक लेल वैधानिक नमूना लेल गेल आ खाद्य प्रयोगशाला पठाओल गेल।निरीक्षणक दौरान निर्धारित आ उपयुक्त भंडारण व्यवस्थाक अभाव मे केक-पेस्ट्रीक 31 पीस, आटाक 170 पैकेट, कुकीजक 70 पैकेट, कॉफीक 60 पैकेट, चिप्सक 24 पैकेट तथा सीरियल फ्लेक्स सहित विभिन्नखाद्य पदार्थ भेटल। एहि खाद्य पदार्थ सभ कें संबंधित एजेन्सी द्वारा अधिकृत कंपनी कें नष्ट करबाक लेल सौंपि देल गेल। एहि सामग्री सभक कुल अनुमानित कीमत 48,210 टाका अछि।

# बाइक हटेबा आ हॉर्न बजेबाक विवाद मे दू पक्षक बीच माइरपीट

**हनुमाननगर/दरभंगा, समदिया**

विशनपुर थाना क्षेत्रक रामपुरडीह गाम मे सड़क पर बाइक हटेबा आ हॉर्न बजेबाक बात कें लए कए दू पक्षक बीच विवाद भए गेल। देखिते-देखैत विवाद मारिपीट मे बदलि गेल। दुनू पक्ष एक-दोसर पर ईंट- पाथर सं हमला करबाक, घर मे घुसि मारिपीट करबाक आ संपत्तिक क्षति पहुंचयबाक आरोप लगौलकअछि। एक पक्ष पिस्तौल देखाकऽ एक लाख टका रंगदारी मंगबाक आरोप लगौलक, जखन कि दोसर पक्ष माथ पर ईंट सं हमला कए घायल करबाक आ महिलासभक संग अभद्रता करबाक शिकायत कयलक। घायलसभक इलाज डीएमसीएच मे कराओल गेल। पुलिस दुनू पक्षक आवेदनक आधार पर मामिलाक जांच कए रहल अछि। रामपुरडीह निवासी सन्नी राज पुलिस कें देल आवेदन मे कहलनि जे 18 अक्टूबरक रातिकरीब 10 बजे मेला देखि चारिचक्का वाहन सं वापस आबि रहल छलाह। मनोज ठाकुरक घरक लग सड़कपर बाइक ठाढ़ रहबाक कारणें रास्ता नहि भेटि रहल छल। एहि पर हॉर्न बजेबाक बाद विवाद शुरू भएगेल। आरोप अछि जे मनोज ठाकुर उर्फ मनोज शर्मा सहित कतेको लोक गाली-गलौज करैत हुनकर गाड़ीपर ईंट-पाथर चलौलनि, जाहि सं गाड़ीक डिक्की क्षतिग्रस्त भए गेल। विरोध करबा पर हुनका गाड़ी सं घीचि कए मारल गेल। सन्नी राज मुकेश शर्मा पर कनपट्टी पर पिस्तौल सटाकऽ एक लाख टका रंगदारी मंगबाक आ जान मारबाक धमकी देबाक आरोप सेहो लगौलनि। दोसर पक्षक मनोज ठाकुरक पुत्र अमित कुमार शर्माक अस्पताल मे दर्ज फर्दबयानक अनुसार, 18 अक्टूबरक राति करीब 9:30 बजे अभिषेक कुमार उर्फ गोलू कुमार चारिचक्का वाहन सं पहुंचला आ हॉर्न बजे लगला। बाइक हटेबाक क्रम मे विवाद भए गेल। आरोप अछि जे हुनकर माथ पर ईंट सं हमला कयल गेल, जाहि सं ओ गंभीर रूप सं घायल भए गेलाह। बीच-बचाव करय पहुंचल हुनकर पिता पर सेहो ईंट सं हमला कयल गेल, जाहि सं हुनकर एकटाअंगुरी मे फ्रैक्चर होयबाक बात कहल गेल अछि। अमित घर मे घुसि मारिपीट करबाक, महिलासभक संगअभद्रता करबाक आ संपत्तिक क्षति पहुंचयबाक आरोप लगौलनि। थानाध्यक्ष अरविंद कुमार कहलनि जे दुनू पक्षक दिस सं आवेदन भेटल अछि। पुलिस मामिलाक जांच कए रहल अछि।

# स्नातक आ शिक्षक निर्वाचन क्षेत्रक एमएलसी चुनावक मतदान शांतिपूर्ण ढंग सं संपन्न

## मनीगाछी मे शिक्षक निर्वाचनक मतदान शांतिपूर्ण, स्नातक लेल देर सांझ धरि लागल रहल लाइन

मनीगाछी, समदिया



मनीगाछी प्रखंड मे शुक्रदिन बिहार विधान परिषदक स्नातक आ शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र लेल मतदान संपन्न भेल। शिक्षक निर्वाचनक मतदान निर्धारित समय सांझ चारि बजे धरि शांतिपूर्ण ढंग सं संपन्नभए गेल, जखन कि स्नातक निर्वाचन लेल देर सांझ धरि मतदातासभक लंबा कतार लागल रहल। प्रखंड मे शिक्षक निर्वाचन लेल बनाओल गेल मतदान केंद्र सभ पर कुल 152 मतदाता मे 138 गोटे अपनमताधिकारक प्रयोग कयलनि। मतदान करयवला मतदाता सभ मे 114 पुरुष आ 24 महिला शामिलछलीह। एहि तरहें शिक्षक निर्वाचन मे कुल 90.79 प्रतिशत मतदान दर्ज कयल गेल। ओतहि, स्नातक निर्वाचन क्षेत्र लेल प्रखंड मे कुल 1,274 मतदाता पंजीकृत छथि। सांझ छह बजे धरि एहि मे 778 मतदाता अपन मताधिकारक प्रयोग कए लेने छलाह। एहि समयो मतदान केंद्र पर अपन बारीक प्रतीक्षा मे एक सय सं बेसी मतदाता कतारबद्ध छलाह। मतदान मे देरीक एकटा प्रमुख कारण मतपत्र पर प्राथमिकता अंकित करबाक लेल मात्र एकटा काउंटरक उपलब्धता बताओल गेल। बाद मे दुपहरिया तीन बजे के बाद कतार मे ठाढ़ मतदातासभक सुविधाक लेल दूटा काउंटर बनाओल गेल, जाहि सं मतदान प्रक्रिया मे तेजी आयल।देर सांझ धरि मतदान केंद्र पर मतदातासभक भीड़ आ लंबा कतार बनल रहबाक कारण राति नौ बजे धरि मतदान जारी रहबाक संभावना जताओल जा रहल छल। स्नातक निर्वाचन मे मतदाता सभ अपन मताधिकारक प्रयोग करबाक लेल देर सांझ धरि प्रतीक्षा करैत रहलाह।

## विधान परिषद चुनाव, स्नातक मे 48.79 आ शिक्षक मे 91.45 प्रतिशत भेल मतदान

**बेनीपट्टी मे मतदाता सभ देखौलनि उत्साह, महिला मतदाताक सहभागिता रहल उल्लेखनीय**

बेनीपट्टी, समदिया

बिहार विधान परिषदक स्नातक आ शिक्षक निर्वाचन लेल बेनीपट्टी मे कड़ा सुरक्षा व्यवस्थाक बीच शांतिपूर्ण ढंग सं मतदान संपन्न भेल। मतदानक दौरान मतदाता सभ मे उत्साह देखल गेल। विशेष कए दुपहरिया 12 बजे के बाद स्नातक निर्वाचनक मतदान केंद्र सभ पर मतदाताक आवाजाही बढ़ल, जे सांझसाढ़े पांच बजे धरि जारी रहल। प्रचंड रौद आ गर्मीक बावजूद मतदाता कतारबद्ध भए अपन मताधिकारकप्रयोग कयलनि। महिला मतदाता सभ सेहो बढ़ि-चढ़ि कए मतदान कयलनि।मतदान लेल प्रखंड-सह-अंचल कार्यालय परिसर मे स्नातक निर्वाचनक तीन मतदान केंद्र बनाओल गेल छल। गांधी स्मृति भवन मे बूथ संख्या 4 आ 4(क), जखनकि सामुदायिक भवन मे बूथ संख्या 5 निर्धारित छल। शिक्षक निर्वाचन लेल अंचल अधिकारीक कार्यालय कक्ष मे बूथ संख्या 4 बनाओल गेल छल। भोरे आठ बजे मतदान शुरू भेलाक बाद मतदाता सभ अपन-अपन बूथ पर पहुंचय लगलाह।मतदान कें निष्पक्ष आ शांतिपूर्ण बनेने रखबाक लेल मजिस्ट्रेटक नेतृत्व मे पुलिस पदाधिकारी आसुरक्षाबलक प्रतिनियुक्ति कयल गेल छल। ग्रामीण एसपी शिवम धाकड़, अपर समाहर्ता मुकेश रंजन



झा,डीटीओ रामबाबू, डीएम एसएफसी अजीतेंद्र कुमार, अनुमंडल पदाधिकारी शारंग पाणि पांडेय आ डीएसपी अमित कुमार विभिन्न मतदान केंद्रक निरीक्षण कयलनि। एहि दौरान ओ मतदानकर्मी सभ कें आवश्यकदिशा-निर्देश देलनि। कतेको वरीय अधिकारी मतदान समाप्त होयबा धरि उपस्थित रहलाह। प्राप्त आंकड़ाकअनुसार, स्नातक निर्वाचन मे कुल 2,765 मतदाता मे 1,349 गोटे मतदान कयलनि। एहि तरहें मतदान प्रतिशत 48.79 रहल। ओतहि, शिक्षक निर्वाचन मे 117 मतदाता मे 107 गोटे अपन मताधिकारक प्रयोगकयलनि, जाहि सं मतदान प्रतिशत 91.45 रहल। बेनीपट्टीक सर्किल इंस्पेक्टर अखिलेश कुमार, थानाध्यक्षअनुप कुमार आ अन्य पुलिस पदाधिकारी आ कर्मी मतदान शुरू होयबा सं समाप्ति धरि शांतिपूर्ण मतदान सुनिश्चित करबा मे सक्रिय रहलाह।

## झंझारपुर मे सांझ 4 बजेक बादो पांति मे ठाढ़ रहलाह स्नातक मतदाता

झंझारपुर, समदिया

स्नातक आ शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र लेल शुक्रदिन सबेरे 8 बजे शांतिपूर्ण ढंग सं मतदान शुरू भेल। पहिल घंटा मे मतदानक गति धीमा रहल, मुदा धीरे-धीरे मतदातासभक आवागमन बढ़य लागल। झंझारपुर प्रखंडपरिसर स्थित उत्क्रमित मध्य विद्यालयक दुनू मतदान केंद्र पर सुरक्षाक पुख्ता व्यवस्था कयल गेल छल।मतदान शुरू होयबाक करीब एक घंटा पहिनहि सुरक्षाकर्मी मोर्चा सम्हारि लेने रहथि। प्रखंड परिसर स्थित बूथ संख्या 20 आ 21 पर पुलिस बल तैनात छल। दुनू केंद्र पर मतदानक प्रक्रिया शांतिपूर्ण ढंग सं चलैतरहल। बूथ संख्या 21 पर स्नातक निर्वाचन लेल पहिल घंटा मे 29 मतदाता सभ अपन मताधिकारक प्रयोग कयलनि। एहि केंद्र पर कुल 1,400 मतदाता पञ्जीकृत छथि। ओतहि, बूथ संख्या 20 पर शिक्षक निर्वाचन लेल पहिल घंटा मे सात मतदाता सभ मतदान कयलनि। एहि केंद्र पर कुल 77 मतदाता पञ्जीकृत छथि। स्नातक निर्वाचन केंद्र पर मतदातासभक लंबा पांति लागल छल, जखन कि शिक्षक निर्वाचन केंद्र प्रायः खाली पड़ल छल। ओतय बीच-बीच मे एक-दू गोट मतदाता पहुंचि रहल छलाह। मतदान केंद्रक भीतर मतपत्रक माध्यम सं मतदान करबाक व्यवस्था



छल। मतदान क बाहर निकलल शिक्षक निर्वाचनक मतदाता इंदु कुमारी आ स्नातक निर्वाचनक मतदाता सुनील कुमार झा सहित अन्य मतदाता सभ कहलनि जे केंद्रक भीतर व्यवस्था सुविधाजनक अछि आ शांतिपूर्ण ढंग सं मतदान भएरहल अछि। प्रखंड परिसरक बाहर चुनावी गहमागहमी सेहो देखल गेल। एनडीए, महागठबंधन आ जन सुराजक समर्थक सभ लेल अलग-अलग पंडाल बनाओल गेल छल। ओतय समर्थक सभ अपन-अपन प्रत्याशीक पक्ष मे मतदाता सभ सं संपर्क करैत देखल गेलाह। प्रशासनक अनुसार, मतदानक निर्धारित समय सांझ 4 बजे तकछल। मुदा समय समाप्त भेलाक बादो स्नातक निर्वाचन केंद्र पर करीब 200 सं बेसी मतदाता मतदानकरबाक लेल पांति मे ठाढ़ छलाह। ओतहि, शिक्षक निर्वाचन केंद्र पर कुल 77 मतदाता मे 72 गोटे अपन मताधिकारक प्रयोग कयलनि।



मधुबनी, समदिया

दरभंगा शिक्षक आ स्नातक निर्वाचन क्षेत्र सं विधान परिषद् सदस्य (एमएलसी) चुनबाक लेल आइमधुबनी जिला मे कड़ा सुरक्षा व्यवस्थाक बीच सबेरे आठ बजे मतदान शुरू भेल। सबेरे सं मतदान केंद्रसभ पर मतदातासभक लंबा कतार लगय लागल। सांझ चारि बजे धरि कतेको मतदान केंद्र पर मतदाताअपन बारीक प्रतीक्षा मे पांति मे ठाढ़ देखल गेलाह। पहिल बेर एहि चुनाव मे 40 प्रत्याशी मैदान मेरहबाक कारण मतपत्र बहुत लंबा छल। एहि कारण मतदाता सभ आ मतदानकर्मीसब कें कठिनाइ बढ़िगेल। मधुबनी जिला मे शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र सं विधान परिषद् सदस्यक चुनाव लेल 1,707 मतदाताक वास्ते कुल 23 मतदान केंद्र बनाओल गेल छल। ओतहि, स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक 29,093 मतदाताक लेलकुल 32 मतदान केंद्र बनाओल गेल छल। जिला निर्वाचन कार्यालय सं भेटल जानकारीक अनुसार, दुपहरिया दू बजे धरि जिला मे शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र लेल 68.29 प्रतिशत आ स्नातक निर्वाचन क्षेत्र लेल 29.1 प्रतिशत मतदान भेल छल।सबेरे दस बजे धरि शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे 13.78 प्रतिशत आ स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे 5.36 प्रतिशत मतदान दर्ज कयल गेल छल। ओतहि, दिनक बारह बजे धरि शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे 39.69 प्रतिशत आ स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे 14.50 प्रतिशत मतदान होयबाक सूचना छल। सांझ चारि बजे मतदान समाप्तहोइते स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक सभ 40 प्रत्याशी आ शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र सं नामांकन पत्र भरने सभ उम्मीदवारक भाग्य मतपेटी मे बंद भए गेल। आब सभक नजरि मतगणनाक परिणाम पर टिकल अछि, जाहि सं प्रत्याशीसभक राजनीतिक भविष्य स्पष्ट होयत।

## मधुबनी मे शिक्षक आ स्नातक निर्वाचनक मतदान शांतिपूर्ण संपन्न

मधुबनी, समदिया

बिहार विधान परिषदक शिक्षक आ स्नातक निर्वाचन क्षेत्र लेल शुक्रदिन मधुबनी जिलाक सभ 55 मतदान केंद्र पर कड़ा सुरक्षा व्यवस्थाक बीच मतदान शांतिपूर्ण आ निष्पक्ष वातावरण मे संपन्न भेल। निर्वाचनक दौरान विधि-व्यवस्था बनौने रखबाक आ मतदाता सभ कें भयमुक्त वातावरण उपलब्ध करयबाक लेल व्यापक सुरक्षा प्रबंध



कयल गेल छल। सहायक निर्वाची पदाधिकारी-सह-जिलाधिकारी आनंद शर्मा निर्देशानुसार मतदान प्रक्रियाक सुचारु संचालन लेल पांच जोनल मजिस्ट्रेट, पांच जोनल पुलिस पदाधिकारी, 22 सेक्टर मजिस्ट्रेट आ 22 सेक्टर पुलिस पदाधिकारीक संग पर्याप्त संख्या मे पुलिस बल तैनात कयलगेल छल। संबंधित अधिकारी आ दंडाधिकारी अपन-अपन क्षेत्र मे लगातार निगरानी करैत रहलाह। जिला प्रशासन द्वारा जारी आंकड़ाक अनुसार, पूर्वाह्न 10 बजे शिक्षक निर्वाचन मे 13.78 आ स्नातक निर्वाचनमे 5.36 प्रतिशत मतदान भेल। दुपहरिया 12 बजे ई क्रमशः 39.69 आ 14.50 प्रतिशत रहल। अपराह्न दू बजे शिक्षक निर्वाचन मे 68.29 आ स्नातक निर्वाचन मे 29.10 प्रतिशत मतदान दर्ज कयल गेल। सांझ चारि बजे धरि शिक्षक निर्वाचन मे 80.08 आ स्नातक निर्वाचन मे 49.56 प्रतिशत मतदान भेल। मतदान समाप्त भेलाक बाद मतपेटिका सभ कें निर्धारित प्रक्रिया अनुसार सीलबंद कए पुलिस अभिरक्षा मेदरभंगा स्थित खेल भवन-सह-व्यायामशालाक संग्रह केंद्र पर जमा कराओल जायत। ओतहि बज्रगृह आमतगणना केंद्र बनाओल गेल अछि। निर्धारित कार्यक्रमक अनुसार, 27 अक्टूबर 2026 कें मतगणनाहोयत।जिलाधिकारी सभ संबंधित पदाधिकारी आ मतदान दल कें मतपेटिकाक सुरक्षित परिवहन आ जमाकरबाक प्रक्रिया मे पूर्ण सतर्कता बरतबाक निर्देश देलनि। ओ निर्वाचन आयोगक दिशा-निर्देशक अक्षरशः पालन करबाक आ कोनो स्तर पर लापरवाही नहि बरतबाक निर्देश देलनि। प्रशासनक अनुसार, निर्वाचनप्रक्रिया मे पारदर्शिता, निष्पक्षता आ सुरक्षा सर्वोपरि अछि।

# प्रशासनक रोकक बादो दुर्गापूजा मे गामे-गाम बजैत रहल आर्केस्ट्रा, मूकदर्शक बनल रहल प्रशासन

**थाना सभ मे शांति समितिक बैसार मे डीजे आ आर्केस्ट्रा पर पूर्ण प्रतिबंधक निर्देश देल गेल छल**

झंझारपुर , समदिया

सरकारक लाख पहरेदारी आ सख्ती बरतबाक दावाक बावजूद जाहि तरहें गामक प्रत्येक मोहल्ला मे मदिराभेटब सामान्य बात भए गेल अछि, तहिना धार्मिक अनुष्ठान आ सार्वजनिक पूजा सभ मे आर्केस्ट्रा पर अश्लील नृत्य आ नाबालिग बच्चा सभ कें मंच पर उतारबाक रोक संबंधी निर्देश सेहो कागज धरि सिमटि कए रहि गेल अछि।दुर्गापूजा सं पहिने जिलाक सभ थाना मे शांति समितिक बैसार भेल छल। एहि बैसार सभ मे स्पष्टनिर्देश देल गेल छल जे कोनो पूजा-पंडाल मे आर्केस्ट्रा आ डीजे पर पूर्ण प्रतिबंध रहत। प्रशासन कहलनेछल जे धार्मिक आयोजन सभ मे अश्लीलता बर्दाश्त नहि कयल जायत आ दोसर राज्य अथवा देश सं नाबालिग लड़का-लड़की सभ कें अनने आ मंच पर नचौने पर ई मानव तस्करीक श्रेणी मे आबि सकैतअछि। मुदा, ई सभ निर्देश धरे-धरा रहि गेल। किछु अपवाद कें छोड़ि देल जाय तं लगभग सभठाम आर्केस्ट्रा चलल आ मंच पर नाबालिग बच्चा सभ कें उतारल गेल। एहि घटनासभक वीडियो सामाजिकमाध्यम पर खूब प्रसारित भेल। लोक सभ देखलनि, प्रशासन सेहो देखलक, मुदा कारबाइक नाम पर चुप्पी बनल रहल। एतय धरि जे प्रशासन सेहो बिना किछु कहने एहि स्थिति कें स्वीकार करैत देखायल। स्थानीय लोकसभक कहब अछि जे दुर्गापूजा सं करीब एक मास पहिनहि स्थायी आ अस्थायी रूप सं रहयवला आर्केस्ट्रा सञ्चालक विभिन्न गाम सभ मे भाड़ाक मकान लए नेपाल, बंगाल आ बिहारक विभिन्न क्षेत्र सं नाबालिग लड़का-लड़की आ युवती सभ कें आनि करखय लगैत छथि। झंझारपुर अनुमंडल मुख्यालयक आसपासक कतेको स्थान पर आर्केस्ट्रा सञ्चालक सभ अपन अड्डा बना लेने छथि, जतय दर्जनो लड़की सभ कें राखल जाइत अछि। आब दुर्गापूजा समाप्त भेलाक बाद कालीपूजा, दीपावली, भैयादूजआ छठि सन पर्व सभ मे सेहो आर्केस्ट्रा चलयबाक तैयारी सञ्चालक सभ एखनहि सं शुरू क देने छथि। आर्केस्ट्राक लड़की सभ कें मंच पर उतारबाक आ हुनका सभक संग होयवला गतिविधि सभ कें लए समाजमे तरह-तरहक चर्चा होइत रहैत अछि। स्थानीय लोकसभक कहब अछि जे एहि कारण समाज मे कतेकोप्रकारक विकृति पसरि रहल अछि आ युवा पीढ़ी पर एकर खराब प्रभाव पड़ि रहल अछि। धार्मिक पूजाकनाम पर होयवला अश्लीलता सं लोकसभक आस्था कें सेहो ठेस पहुंचैत अछि। स्थानीय लोकसभक कहब अछि जे जं पुलिसक मंशा वास्तव मे आर्केस्ट्रा पर प्रतिबंध लगयबाक अछि, तं ई कोनो कठिन काज नहि अछि। प्रत्येक पंचायतक चौकीदार कें पता रहैत अछि जे आर्केस्ट्रा सञ्चालक सभ कतय-कतय डेरा लेने छथि। जं पुलिस ओहि ठिकाना सभ पर छापामारी करय तं कतेको नाबालिग लड़की आ युवती बरामद भए; सकैत छथि। आब सवाल ई उठैत अछि जे जखन प्रशासन कें सभ किछु पता अछि, तं कारबाइ किएक नहि भए रहल अछि? की आबयवला पर्व-त्योहार सभ मे सेहो एही तरहक तमाशा चलैत रहत, अथवा प्रशासन जागत आ अपन जिम्मेवारी निभाओत?

## झंझारपुरक 99 वर्षीय स्वतंत्रता सेनानी जय नारायण झा लेलनि अंतिम सांस

झंझारपुर, समदिया



झंझारपुर नगर परिषद् क्षेत्रक नवटोल दक्षिण, वार्ड संख्या 27 निवासी आ झंझारपुरक वयोवृद्ध स्वतंत्रता सेनानी 99 वर्षीय जय नारायण झा उर्फ राजधर झाक निधन भए गेलनि। हुनकर निधन सं संपूर्ण क्षेत्र मे शोकक लहरि पसरि गेल अछि। राजधर झा देशक आजादी मे महत्वपूर्ण योगदान देने रहथि। 99 वर्षकआयु धरि ओ स्वतंत्रता आंदोलनक जीवंत गाथा बनल रहलाह। हुनकर निधन सं आजादीक एक युगकअंत भए गेल अछि। हुनकर निधनक सूचना भेटिते स्थानीय प्रशासन आ पुलिस हुनकर आवास पर पहुंचल। पुलिस शस्त्र झुका क हुनका सलामी देलक। हुनकर पार्थिव शरीर कें तिरंगा मे लपेटि राजकीय सम्मानक संग अंतिम विदाई देल गेलनि। एहि दौरान संपूर्ण वातावरण शोक आ सम्मानक भाव सं भरल छल। एहि अवसर पर नगर परिषद्क कार्यपालक पदाधिकारी मनोज कुमार, मुख्य पार्षद बबीता शर्मा, समाजसेवी बबलू शर्मा, वार्ड पार्षद सुजीत झा, विनीत मिश्रा, पूर्व मुखिया अमरनाथ झा, मोहन झा, संजय झा, आलोक झा, वंदना झा, भगवान जी झा, विष्णुनाथ, विनोद पोद्दार सहित पैघ संख्या मे जनप्रतिनिधि आ स्थानीय लोकउपस्थित रहलाह। सभ गोटे नम आंखि सं स्वतंत्रता सेनानी जय नारायण झा उर्फ राजधर झा कें अंतिम विदाई देलनि। हुनकर योगदान आ देशक आजादी लेल कयल गेल त्याग कें लोक सभ श्रद्धापूर्वक स्मरण कयलनि।

## भाजपा प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी सपरिवार कयलनि मतदान

दरभंगा, समदिया



भाजपा प्रदेश अध्यक्ष-सह-दरभंगा नगर विधायक संजय सरावगी शुक्रदिन बिहार विधान परिषदक स्नातकनिर्वाचन क्षेत्रक चुनाव मे सपरिवार अपन मताधिकारक प्रयोग कयलनि। ओ राजेंद्र भवन (नगर भवन)स्थित बूथ संख्या 31 पर मतदान कए लोकतंत्रक एहि महापर्व मे अपन सहभागिता सुनिश्चित कयलनि।मतदानक बाद संजय सरावगी पार्टी कार्यकर्तासभक संग बैसि मतदानक स्थिति, मतदाता सहायता कार्यआ मतदान केंद्र पर उपलब्ध अन्य व्यवस्थाक जायजा लेलनि। एहि दौरान ओ कार्यकर्ता सभ सं मतदानप्रक्रियाक जानकारी लेलनि आ निर्वाचन सं जुड़ल गतिविधि सभ पर चर्चा कयलनि। एहि अवसर पर श्री सरावगी कहलनि जे लोकतंत्रक वास्तविक शक्ति जनभागीदारी मे निहित अछि। मतदान मात्र अधिकार नहि, बल्कि प्रत्येक नागरिकक महत्वपूर्ण दायित्व सेहो अछि। ओ सभ मतदाता सं अपन मताधिकारक अनिवार्य रूप सं प्रयोग करबाक अपील कयलनि। ओ कहलनि जे लोकतांत्रिक व्यवस्था कें मजबूत बनयबा मे प्रत्येक मतदाताक भूमिका महत्वपूर्ण अछि। बेसी सं बेसी मतदाताक सहभागिता सं लोकतंत्रक जड़ि मजबूत होइत अछि। श्री सरावगी मतदाता सभ सं लोकतांत्रिक मूल्य कें सुदृढ़ करैत विकसित बिहारक संकल्प कें साकार करबाक लेल सक्रिय भागीदारी निभेबाक आह्वान कयलनि।

# कोरोना काल मे लागल करोड़ोक ऑक्सीजन मशीन कबाड़ बनबाक स्थिति मे

**झंझारपुर मे ऑक्सीजन लेल तरसि रहल स्वास्थ्य व्यवस्था**

झंझारपुर , समदिया

कोरोना काल मे जीवन बचेबाक आधार बनल ऑक्सीजन प्लान्टक करोड़ोक मशीनरी आइ अपने ऑक्सीजन लेल तरसि रहल अछि। झंझारपुर अनुमंडलीय अस्पताल आ ट्रॉमा सेन्टर अररिया संग्राम अस्पताल परिसर मे लगाओल गेल ऑक्सीजन प्लान्ट स्थापना कालक किछुए दिन बाद ऑक्सीजन उत्पादन करब बंद क देलक। कोरोना काल समाप्त भेलाक बाद ऑक्सीजनक आवश्यकता पहिने जेकां नहि रहल। एहि कारण जवाबदेह लोक सभ ऑक्सीजन उत्पादन मे मामूली गड़बड़ी रहबाक कारण प्लान्ट कें चूहाक भरोसे छोड़ि देलनि। आब देखरेखक अभाव मे ई प्लान्ट धीरे-धीरे कबाड़खाना मे बदलबाक दिसबढ़ि रहल अछि। झंझारपुर अनुमंडलीय अस्पताल आ अररिया संग्राम स्थित ट्रॉमा सेन्टर मे रोगी सभ कें ऑक्सीजनक आवश्यकता पड़ैत अछि। मुदा वास्तविकता ई अछि जे एतय भर्ती मरीजसभक सांस बचयबाक लेल आइयो बाजार



सं हजारो टाका खर्च क ऑक्सीजन सिलिंडर कीनय पड़ैत अछि। जखन कि कोरोना महामारीक दोसर लहरिक समय एही प्लान्ट सैकड़ो रोगी लेल जीवनदायिनी साबित भेल छल। प्लान्टक स्थिति एहन अछि जे चारू कात कचड़ाक ढेर लागल अछि। प्लान्टक कोठली खाली पड़ल अछि। धूरि आ गंदगी देखला पर स्पष्ट होइत अछि जे एतय चूहा आ मकड़ीक राज चलैत अछि। प्लान्ट बंद पड़बाक मुख्य कारण स्वास्थ्य व्यवस्थाक लापरवाही बताओल जा रहल अछि। रखरखाव आ तकनीकी सहायता नहि भेटबाक कारण प्लान्ट ठप भए गेल। एकरा फेर चालू करबाक लेल कतेको बेर पहल कयल गेल, मुदा व्यवस्था फेर सं चालू नहि भए सकल। प्लान्ट परिसरक दुर्दशा एतबे धरि सीमित नहि अछि। बाहरी इलाका सेहो आब कचरा फेकबाक स्थान बनि गेल अछि। जतय कहियो मशीनक आवाजक बीच रोगी सभ लेल जीवनरक्षक ऑक्सीजन तैयार होइत छल, ओतय आब बाट चलनिहार लोक सभ कें दुर्गंध झेलय पड़ैत अछि। बंद पड़ल ई प्लान्ट स्वास्थ्य

**» डेढ़ बरख सं बंद पड़ल अछि ऑक्सीजन प्लान्ट**

विभागक उदासीनताक कथा कहि रहल अछि। करोड़ो टाकाक मशीनरी बिना उपयोग आ देखरेखक बर्बाद भए रहल अछि, जखन कि अस्पताल आइयो ऑक्सीजनक आपूर्तिक लेल बाजार पर निर्भर अछि। एहिस्थिति मे सवाल उठैत अछि जे जखन कोरोना काल मे मरीजसभक प्राण बचयबाक लेल एतेक पैघ राशि खर्च कए ऑक्सीजन प्लान्ट स्थापित कयल गेल छल, तं मामूली खराबी आ रखरखावक अभाव मे एकरा एना बर्बाद होमय लेल किएक छोड़ि देल गेल? स्वास्थ्य विभाग द्वारा समय पर मरम्मति आ नियमित देखरेखक व्यवस्था कयल गेल रहैत तं संभवतः एहि मशीनरीक उपयोग आइयो मरीजसभक सेवा लेल भए सकैत छल।

## कृषि विज्ञान केंद्रक प्रबंधन प्रशिक्षण मे किसान सभ कें देल गेल माटि जांचक जानकारी

**पातक रंग सं खादक कमी चीन्हू, संतुलित उर्वरक सं बढ़त उत्पादन आ घटत लागति**



झंझारपुर, समदिया

सुखेत स्थित कृषि विज्ञान केंद्र मे चलि रहल 15 दिवसीय समेकित पोषक तत्त्व प्रबंधन प्रशिक्षण कार्यक्रम मे किसान सभ कें माटि जांच आ फसल सभ मे पोषक तत्त्वक कमी के लक्षण तथा ओकर प्रबंधनक विस्तृत जानकारी देल गेलनि। प्रशिक्षणक दौरान क्षेत्रीय अनुसंधान केंद्र, झंझारपुरक सह-प्राध्यापक डॉ.संजय कुमार माटि जांचक महत्व पर प्रकाश देलनि। ओ किसान सभ कें सलाह देलनि जे माटिक जांचकआधार पर संतुलित उर्वरकक प्रयोग करथि, जाहि सं माटिक उर्वरता बनल रहय आ अनावश्यक खर्च सं बचल जा सकय। ओतहि, केंद्रक तकनीकी पदाधिकारी आशीष राय 'आवश्यक पोषक तत्त्वक कमी : प्रभाव आ लक्षण' विषय पर किसान सभ कें संबोधित कयलनि। ओ बतौलनि जे नाइट्रोजन, फास्फोरस, पोटाश, जिंक आ आयरन जेकां पोषक तत्त्वक कमी सं फसलक बढ़ंती आ उत्पादन पर सीधा प्रभाव पड़ैत अछि। ओ किसान सभ कें पात पीयर पड़ब, पातक किनार झुलसब आ पात मे बैंगनी रङ्ग देखायब जेकां लक्षणक माध्यम सं पोषक तत्त्वक कमी पहचानबाक व्यावहारिक तरीका बतौलनि। ओ कहलनि जे समयपर कमी पहचानब, माटिक जांच करायब आ संतुलित पोषण प्रबंधन अपनयला सं फसलक उत्पादकताबढ़ैत अछि आ खेतीक लागत घटैत अछि। प्रशिक्षणक दौरान किसान सभ अपन-अपन समस्या रखलनि,जिनकर समाधान वैज्ञानिक पद्धति सं सेहो बताओल गेलनि। एहि प्रशिक्षणक उद्देश्य किसान सभ कें माटिक स्वास्थ्य बनौने रखबाक संग-संग फसलक उत्पादन बढ़ेबाक आ खेतीक खर्च घटेबाक वैज्ञानिकतरीका सिखायब अछि।

# कोशी स्नातक निर्वाचन मे सांझ चारि बजे धरि 46.49 प्रतिशत मतदान

## तिरहुत स्नातक क्षेत्रक एमएलसी चुनाव मे मतदाता सभ देखौलनि सक्रियता

**सीतामढ़ी, समदिया**



तिरहुत स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक एमएलसी चुनाव मे मतदाता सभ अपन मताधिकारक प्रयोग कए लोकतंत्र कें मजबूत बनयबाक दिशा मे सहभागिता देलनि। एहि अवसर पर प्रदेश कांग्रेस प्रतिनिधि आ यूथकांग्रेसक पूर्व जिलाध्यक्ष मो. शम्स शाहनवाज, केंद्रीय विद्यालयक शिक्षिका रिजवाना, मो. अरमान अली, पूर्व कांग्रेस जिलाध्यक्ष रकटू प्रसाद, प्रमोद कुमार नील, अधिवक्ता संजय कुमार बिररख, डॉ. राजीव कुमार काजू, डॉ. अब्दुल बासित, रितेश कुमार गुड्डू, श्रीनिवास मिश्रा, राजद नेता हरिओम शरण यादव, अधिवक्ता ईश्वर चंद्र मिश्रा, मो. जमालुद्दीन, एहतेशाम अंजुम, धीरज कुमार, फैसल अतीक, पार्षद प्रतिनिधि प्रमोद कुमार सिंह, फिरदौस सिद्दीकी सहित अन्य लोक मतदान कयलनि। मतदानक माध्यम सं सभ गोटे लोकतांत्रिक व्यवस्था मे अपन सहभागिता सुनिश्चित करबाक संग स्नातक मतदातासभक अधिकारक रक्षाकरबाक भावना प्रकट कयलनि। चुनाव मे मतदान करब लोकतांत्रिक मूल्य कें मजबूत बनयबाक आ योग्य प्रतिनिधिक चयन करबाक दिशा मे महत्वपूर्ण कदम अछि।

## सीतामढ़ी मे डीएम आ एसपी विभिन्न मतदान केंद्रक कयलनि निरीक्षण

**सीतामढ़ी, समदिया**



बिहार विधान परिषदक तिरहुत स्नातक आ शिक्षक निर्वाचन–2026 क अंतर्गत जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया आ पुलिस अधीक्षक अमित रंजन जिलाक विभिन्न मतदान केंद्रक भ्रमण कए मतदान प्रक्रियाक जायजा लेलनि। निरीक्षणक दौरान दुनू अधिकारी मतदानक स्थिति, विधि-व्यवस्था आ सुरक्षा प्रबंधक समीक्षा करैत प्रतिनियुक्त दंडाधिकारी आ पुलिस पदाधिकारी सभ कें आवश्यक दिशा-निर्देश देलनि। जिलाधिकारी आ पुलिस अधीक्षक मतदान प्रक्रिया कें शांतिपूर्ण, निष्पक्ष आ सुव्यवस्थित ढंग संसंपन्न करय लेल सभ संबंधित पदाधिकारी कें पूर्ण सतर्कता आ तत्परताक संग अपन दायित्वक निर्वहनकरबाक निर्देश देलनि। स्वतंत्र, निष्पक्ष आ शांतिपूर्ण मतदान सुनिश्चित करबाक लेल जिला प्रशासन आपुलिस प्रशासन पूर्ण रूप सं प्रतिबद्ध अछि।

## डीएम आ एसपी मतदान केंद्रक कयलनि संयुक्त निरीक्षण



**सहरसा, समदिया**

विधान परिषदक कोशी स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक द्विवार्षिक निर्वाचन–2026 कें स्वतंत्र, निष्पक्ष आ शांतिपूर्ण वातावरण मे संपन्न करयबाक उद्देश्य सं जिलाधिकारी दीपेश कुमार आ पुलिस अधीक्षक विक्रम सिहाग जिलाक विभिन्न मतदान केंद्रसभक संयुक्त रूप सं निरीक्षण कयलनि। एहि दौरान दुनू अधिकारी मतदान प्रक्रियाक जायजा लेलनि आ मतदान केंद्र सभ पर विधि-व्यवस्था तथा सुरक्षा व्यवस्थाक समीक्षा कयलनि। निरीक्षणक क्रम मे जिलाधिकारी आ पुलिस अधीक्षक मतदान केंद्र सभ पर प्रतिनियुक्त दंडाधिकारी आ पुलिस पदाधिकारी सभ कें निष्पक्ष, पारदर्शी आ शांतिपूर्ण मतदान सुनिश्चित करबाक लेलआवश्यक दिशा-निर्देश देलनि। अधिकारी सभ निर्वाचन प्रक्रियाक दौरान निरंतर निगरानी बनौने रखबाक आ कोनो प्रकारक लापरवाही नहि बरतबाक निर्देश देलनि। ओ सभ मतदान केंद्र सभ पर सुरक्षा व्यवस्थाक संबंध मे प्रतिनियुक्त पदाधिकारी सभ कें पूर्ण सतर्कताक संग अपन दायित्वक निर्वहन करबाक आ निर्वाचन प्रक्रिया शांतिपूर्ण ढंग सं संपन्न करय पर विशेष जोर देलनि। जिला प्रशासन आ पुलिस प्रशासनक संयुक्त निगरानी आ सतर्कताक बीच कोशी स्नातक निर्वाचन–2026क मतदान शांतिपूर्ण आ निष्पक्ष वातावरण मे संपन्न भेल। निर्वाचनक दौरान विधि-व्यवस्था बनौने रखबाक आ निष्पक्ष मतदानसुनिश्चित करबाक लेल प्रशासनक दिस सं आवश्यक व्यवस्था कयल गेल छल।

### एनडीए, राजद आ जन सुराजक प्रत्याशीक बीच मोकाबला

**सहरसा, समदिया**



मनोज जायसवाल (कांग्रेस) | डॉ रजनीश रंजन (जनसुराज) | डॉ एन के यादव (भाजपा) | नीरज यादव (राजद)

बिहार विधान परिषदक 0006 कोशी स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक द्विवार्षिक चुनाव मे शुक्रदिन जिलाक विभिन्न मतदान केंद्र पर मतदाता सभ अपन मताधिकारक प्रयोग कयलनि। जिला प्रशासन सं प्राप्त आंकड़ाक अनुसार, अपराह्न चारि बजे धरि जिला मे कुल 46.49 प्रतिशत मतदान दर्ज कयल गेल। मतदानक क्रम मे महिला मतदाताक अपेक्षा पुरुष मतदाताक सहभागिता बेसी रहल। मुदा, समाचार लिखल जाए धरि मतदानक अंतिम आ पूर्ण विवरण उपलब्ध नहि भए सकल छल। मतदान प्रतिशतक आंकड़ाक अनुसार, दुपहरिया 12 बजे धरि जिला मे कुल 17.25 प्रतिशत मतदान भेल छल। एहि क्रम मे पुरुषमतदाताक मतदान प्रतिशत 18.02 आ महिला मतदाताक 15.22 प्रतिशत रहल। दुपहरिया दू बजे धरि मतदानक कुल प्रतिशत बढ़ि कए 31.96 भए गेल। एहि समय पुरुष मतदाताक मतदान प्रतिशत 33.05 आ महिलाक 29.09 प्रतिशत दर्ज कयल गेल। ओतहि, अपराह्न चारि बजे धरि कुल मतदान प्रतिशत 46.49 पहुंचि गेल। एहि समय पुरुष मतदाताक मतदान प्रतिशत 48.03 तथा महिला मतदाताक 42.45 प्रतिशत रहल। तेसर लिंगक मतदाताक मतदान प्रतिशत सभटा प्रतिवेदन मे शून्य दर्ज कयल गेल। जिला मे स्नातक निर्वाचन लेल कुल 13 मतदान केंद्र बनाओल गेल छल। एहि केंद्र सभ पर कुल 11,498 पंजीकृत स्नातक मतदाताके अपन मताधिकारक प्रयोग करबाक छल।

**» जिलाक 13 मतदान केंद्र पर 11,498 मतदाता कें करबाक छल मतदान**

चुनाव लए कए राजनीतिक दल आप्रत्याशीसबक सक्रियता सेहो देखबा मे आयल। कोशी स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक चुनावी मैदान मे एनडीएगठबंधनक दिस सं एनके यादव, राष्ट्रीय जनता दल (राजद) दिस सं नीरज यादव, कांग्रेस दिस सं मनोजजायसवाल आ जन सुराज दिस सं रजनीश रंजन प्रमुख प्रत्याशीक रूप मे मोकाबला कए रहल छथि। एहिसभक अतिरिक्त एक दर्जन सं बेसी अन्य प्रत्याशी सेहो चुनावी मैदान मे अपन भाग्य आजमा रहल छथि।

## ग्रामीण खेल प्रतिभा सभ कें रक्षा सेवा मे अधिकारी बनेबाक भेटत अवसर

### नटखट खेल महोत्सव आ कैडेट्स एकेडमीक बीच भेल समझौता, कैडेट्स फॉर चैंपियंस पहल शुरू



**सहरसा, समदिया**

ग्रामीण खेल प्रतिभा सभ कें रक्षा सेवा मे अधिकारी बनेबाक अवसर उपलब्ध करयबाक उद्देश्य सं नटखट खेल महोत्सव, बनगांव आ नव दिल्ली स्थित कैडेट्स एकेडमीक बीच संस्थागत सहयोग लेल समझौता भेल अछि। कैडेट्स फॉर चैंपियंस पहल अंतर्गत चयनित युवा सभ कें प्रशिक्षण आ मार्गदर्शन देबाक प्रयास कयल जायत। समझौताक अनुसार, समूह चर्चा प्रतियोगिताक चयनित विजेता आ उत्कृष्ट प्रदर्शन करयवला धावक तथा अन्य प्रतिभाशाली खेलाड़ी सभ कें भारतीय थल सेना, नौसेना, वायु सेना आ अर्द्धसैनिक बलसभ मे अधिकारी बनेबाक तैयारी लेल सहयोग देल जायत। एहि क्रम मे व्यक्तित्व विकास, संवाद कौशल, नेतृत्व क्षमता आ साक्षात्कारक तैयारी पर विशेष ध्यान देल जायत। नव दिल्ली स्थित कैडेट्स एकेडमीक मुख्यालय मे एहि समझौता पर अंतिम सहमति बनल। एहि अवसर पर नटखट खेल महोत्सवक प्रायोजनप्रमुख विजय वर्धन, कैडेट्स एकेडमीक प्रमुख विश्वरंजन भारद्वाज आ मिथिलेश मिश्रा उपस्थित छलाह। महोत्सवक कार्यकारी अध्यक्ष प्रणय प्रसून, अध्यक्ष विधुशेखर खां, महासचिव रूपेश कुमार झा आ उपाध्यक्ष शिवा कात्यायन एहि पहल कें ग्रामीण युवा सभ कें करियर निर्माण आ राष्ट्रसेवा सं जोड़बाक महत्वपूर्ण प्रयास बतौलनि। एहि पहल सं ग्रामीण क्षेत्रक प्रतिभाशाली युवा सभ कें अपन खेल प्रतिभाक संग-संगनेतृत्व क्षमता विकसित करबाक आ रक्षा सेवा मे अधिकारी बनेबाक तैयारी लेल उचित मार्गदर्शन प्राप्त होयबाक आशा अछि।

## जावेद रहमानी उर्दू पत्रकारिता, साहित्य आ संस्कृतिक एक बुलंद आवाज

**समदिया**



उर्दू पत्रकारिता आ साहित्य जगत मे जावेद रहमानी एक सक्रिय आ सम्मानित व्यक्तित्व छथि। अपनमेहनत, लगन आ मातृभाषाक प्रति समर्पणक बल पर ओ विशिष्ट पहचान बनौने छथि। दिल्लीकसाहित्यिक गोष्ठी, सेमिनार, मुशायरा आ सांस्कृतिक आयोजन सभ मे हुनक सक्रिय सहभागिता रहलअछि। हुनकर सादगी, विनम्रता आ साहित्यकारसभक प्रति सम्मानक भावना विशेष रूप सं प्रभावित करैतअछि। जावेद रहमानीक पत्रकारिता संस्कार हुनका अपन पिता स्वर्गीय अतीक मुज़फ़्फ़रपुरी सं विरासत मे भेटलनि। अतीक मुज़फ़्फ़रपुरी उर्दू पत्रकारिता आ साहित्यक प्रतिष्ठित व्यक्तित्व छलाह। ओ भाषा संरक्षण, प्रचार-प्रसार आ पत्रकारिताक नैतिक मूल्यक रक्षा लेल अपन जीवन समर्पित कयने रहथि। बरख 2003 मे अतीक मुज़फ़्फ़रपुरी नव दिल्ली सं उर्दू पाक्षिक पत्रिका 'सायबान'क प्रकाशन शुरू कयने रहथि। बरख 2008 मे जावेद रहमानी एहि परंपरा कें आगू बढ़बैत 'सायबान'क दैनिक समाचारपत्रक रूप मे प्रकाशन आरंभ कयलनि। आइ ई समाचारपत्र नव दिल्ली, भोपाल, गाजियाबाद, रांची आ मुज़फ़्फ़रपुर सं पांचअलग-अलग संस्करण मे प्रकाशित होइत अछि। तीन दशक सं बेसीक पत्रकारिता अनुभव रखनिहार जावेद रहमानी भारतक अतिरिक्त अमेरिका, ब्रिटेन, सऊदी अरब आ ईरान सेहो यात्रा कयने छथि। ओ अपन पिता अतीक मुज़फ़्फ़रपुरीक जीवन आ योगदान कें संरक्षित करबाक लेल 'अतीक मुज़फ़्फ़रपुरी : हयात-व- ख़िदमात' नामक पुस्तकक संपादन सेहो कयने छथि। ओ दिल्ली उर्दू अकादमीक कार्यकारिणी परिषद आ मीडिया एक्रेडिटेशन कमेटीक सदस्य रहि चुकल छथि। प्रेस क्लब ऑफ इंडिया आ फॉरेन करेस्पॉन्डेंट्स क्लबक आजीवन सदस्य रहबाक संग-संग विभिन्न पत्रकारिता संगठन सभ मे सेहो महत्वपूर्ण जिम्मेदारी निभौने छथि। अंजुमन तरक़्क़ी उर्दू (हिंद) सं लगभग दू दशक सं मीडिया कोऑर्डिनेटरक रूप मे जुड़ल छथि। शिक्षा सेवा समिति आ सायबान फाउंडेशनक महासचिवक रूप मे सेहो सक्रिय छथि। जावेद रहमानीक जीवन दू पीढ़ीक संघर्ष, समर्पण आ साहित्यिक विरासतक प्रेरक कथा अछि। ओ अपन पिताक पत्रकारिता परंपरा कें मात्र सुरक्षित नहिरखलनि, बल्कि ओकर विस्तार सेहो कयलनि। हुनकर योगदान ई सिद्ध करैत अछि जे भाषा आ साहित्यक वास्तविक सेवा निरंतर परिश्रम, नैतिकता आ समाजक प्रति जिम्मेदारी सं होइत अछि।

## वरीय उप समाहर्ता कें जिला आपूर्ति पदाधिकारीक अतिरिक्त प्रभार

**सहरसा, समदिया**



जिला आपूर्ति पदाधिकारी प्रमोद कुमारक असामयिक निधनक बाद जिला आपूर्ति पदाधिकारीक पद रिक्तभए गेल छल। हुनकर निधनक उपरांत जनहित आ कार्यालयक कार्यहित कें ध्यान मे रखैत जिलाधिकारीदीपेश कुमार स्थानीय व्यवस्था अंतर्गत वरीय उप समाहर्ता अभिनय भास्कर कें जिला आपूर्ति पदाधिकारीक कार्यसभक निष्पादन लेल प्राधिकृत कयने छथि। एहि संबंध मे जारी आदेशक अनुसार, अभिनय भास्कर अपन वर्तमान दायित्वक अतिरिक्त जिला आपूर्ति पदाधिकारीक कार्यसभक निष्पादन सेहो करताह। ई व्यवस्था विभाग द्वारा अधिसूचित पद पर पदस्थापन होयबाक अथवा अगिला आदेश जारी होयबा धरि प्रभावी रहत। एहि आदेशक सूचना सभ संबंधित पदाधिकारी आ कार्यालय कें देबाकनिर्देश देने छथि, जाहि सं विभागीय कार्यसभक सुचारु संचालन सुनिश्चित कयल जा सकय। उल्लेखनीय अछि जे जिला आपूर्ति पदाधिकारी प्रमोद कुमारक 16 अक्टूबर 2026 कें हृदयाघातक कारण असामयिकनिधन भए गेल छल। हुनकर निधनक बाद रिक्त भेल पदक कार्यभारक संचालन लेल ई व्यवस्था कयल गेल अछि।

## सड़क दुर्घटनाक पीड़ितक डेढ़ लाख टाका धरि होयत कैशलेस इलाज : डीटीओ

### अस्पताल सभ कें समय पर उपचार आ पोर्टल पर ऑनलाइन प्रविष्टि सुनिश्चित करबाक निर्देश

**सहरसा, समदिया**



सड़क दुर्घटना मे घायल व्यक्ति सभ कें त्वरित आ समुचित चिकित्सा सुविधा उपलब्ध करयबाक उद्देश्य सं प्रधानमंत्री राहति योजनाक प्रभावकारी कार्यान्वयन आ व्यापक प्रचार-प्रसार लेल शुक्रदिन सिविल सर्जनकार्यालय मे संयुक्त बैसार-सह-प्रशिक्षण कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। बैसारक संयुक्त अध्यक्षता सिविल सर्जन डॉ. राज नारायण प्रसाद आ जिला परिवहन पदाधिकारी सुजीत कुमार बरनवाल कयलनि। एहिदौरान योजनाक प्रावधान, उपचार प्रक्रिया आ ऑनलाइन पंजीकरण संबंधी विस्तृत जानकारी देल गेल। बिना विलंब उपचार उपलब्ध करय पर जोर बैसार मे कहल गेल जे पीएम राहति योजनाक अंतर्गत सड़क दुर्घटना मे घायल व्यक्ति कें निर्धारित शर्तक अनुसार सात दिन धरि अधिकतम डेढ़ लाख टाका तकक कैशलेस उपचार उपलब्ध कराओल जायत। योजनाक उद्देश्य आर्थिक कठिनाइक कारण इलाज मे होयवला विलंब कें रोकब आ दुर्घटनापीड़ितक प्राण बचायब अछि। आयुष्मान भारत योजनाक अंतर्गत संबंधित विशेषज्ञता मे सूचीबद्ध सरकारी आ निजी अस्पताल सभ मे निर्धारित प्रक्रियाक अनुसार उपचारक सुविधा भेटत। अधिकारी सभ स्पष्टकयलनि जे एहि योजनाक लाभ लेल आयुष्मान कार्ड अनिवार्य नहि अछि। निर्धारित शर्तक अधीन कोनोसड़क दुर्घटना पीड़ित कें उपचार उपलब्ध कराओल जा सकैत अछि। अस्पताल सभ कें निर्देश देल गेल जे आवश्यक चिकित्सा शुरू करबा मे कागजातक अभाव मे अनावश्यक विलंब नहि करथि। अज्ञात आ बेहोश घायल व्यक्तिसभक सेहो नियमानुसार पंजीकरण कए इलाज सुनिश्चित करबाक निर्देश देल गेल। जिलाक सात निजी अस्पताल मे भेटत सुविधा जिलाक सात सूचीबद्ध निजी अस्पताल मे लॉर्ड बुद्धा कोशी मेडिकल कॉलेज एवं अस्पताल, श्री नारायण मेडिकल इंस्टीट्यूट एवं अस्पताल, गंगा हॉस्पिटल, एसआरबी हॉस्पिटल, सूर्या हॉस्पिटल, नयन ज्योति नेत्र चिकित्सा केंद्र आ प्रांजल श्री हॉस्पिटल शामिल अछि। संबंधित विशेषज्ञता मे सूचीबद्धताक आधार परएहि अस्पताल सभ मे उपचारक सुविधा उपलब्ध होयत। सरकारी अस्पताल सभ मे सेहो निर्धारितप्रावधानक अनुसार सुविधा भेटत। बैसार मे स्वास्थ्य, परिवहन आ पुलिस विभागक बीच समन्वय बनौनेरखबाक आवश्यकता पर जोर देल गेल। निजी अस्पताल सभ कें परिसरक बाहर योजना सं संबंधितसूचनापट्ट अथवा फ्लेक्स लगयबाक आ पोर्टल पर समय सं ऑनलाइन प्रविष्टि करबाक निर्देश देल गेल।एहि अवसर पर मोटरयान निरीक्षक रंजन कुमार गुप्ता, आयुष्मान भारतक जिला कार्यक्रम समन्वयक हेनरी टर्नर, चिकित्साधिकारी, प्रखंड स्वास्थ्य प्रबंधक आ निजी अस्पतालसभक प्रतिनिधि उपस्थित छलाह।

## किसानक खेत पहुंचलाह जिलाधिकारी आ पुलिस अधीक्षक



**सीतामढ़ी, समदिया**

बिहार राज्य फसल सहायता योजनाक अंतर्गत अगहनी धानक फसल कटनी प्रयोगक निरीक्षणजिलाधिकारी तनय सुल्तानिया आ पुलिस अधीक्षक अमित रंजन डुमरा प्रखंडक हरि छपरा पंचायतकलौहडीह गाम मे कयलनि। एहि क्रम मे जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया किसान अशोक कुमारक खेत परपहुंचि फसल कटनी प्रयोगक जायजा लेलनि। उल्लेखनीय अछि जे फसल कटनी प्रयोग उत्पादन, उपज दर आ फसल क्षतिक आकलनक दृष्टिकोण सं अत्यंत महत्वपूर्ण अछि। एहि प्रक्रिया अंतर्गत संभाव्ययादृच्छिक पद्धति सं प्लॉटक चयन कयल जाइत अछि। चयनित प्लॉटक लंबाइ 10 मीटर आ चौड़ाइ 5 मीटर, अर्थात कुल 50 वर्गमीटर क्षेत्रफल मे फसल कटनी प्रयोग कयल जाइत अछि। एहि 50 वर्गमीटर क्षेत्रफल मे कयल गेल कटनी प्रयोग मे कुल 16 किलो 200 ग्राम धानक उपज प्राप्त भेल। एहि आधार पर प्रति हेक्टेयर 32.40 क्विंटल उत्पादनक आकलन कयल गेल। निरीक्षणक दौरान जिलाधिकारी स्थानीय किसान सभ सं बातचीत कय हुनकर समस्या आ कठिनाइसभक जानकारी लेलनि। ओ किसान सभ सं चलि रहल कृषि योजना आ कार्यक्रमक संबंध मे फीडबैक सेहो प्राप्त कयलनि। जिलाधिकारी कहलनि जे किसान हमर अन्नदाता छथि। किसान सभ कें हुनकर उपजक उचित मूल्य भेटय आ हुनकर आय मेवृद्धि हो, एहि लेल गंभीरतापूर्वक काज कयल जा रहल अछि। एहि अवसर पर जिला सांख्यिकी पदाधिकारीशंभू मांझी, सहायक निदेशक कृषि, अनुमंडल कृषि पदाधिकारी, सीतामढ़ी सदर, सहायक सांख्यिकी पदाधिकारी, अवर सांख्यिकी पदाधिकारी, कृषि समन्वयक प्रसन्न कुमार चौधरी, तरुण कुमार, राजीव कुमार, राकेश सिंह, मनोज कुमार तथा किसान सलाहकार यशवंत कुमार आ अवनीश कुमार उपस्थित छलाह।

# रुबियोक दौरा भारत लेल संबंधक मधुरता संग अमेरिकी ऊर्जा नीतिपर जवाब मंगबाक अवसर सेहो अछि

**कुमार मोनीष**

अमेरिकाक विदेशमंत्री मार्को रुबियो 20 अक्टूबर कें मुंबई पहुंचलाह आ ओतय विदेशमंत्री एस. जयशंकर संग हुनकर भेंट भेलनि। ई भेंट एहन समय भेल, जखन अमेरिका मे राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंपक रूस संबंधी नीति कें लए कए बहस चलि रहल अछि। 17 अक्टूबर कें उज्बेकिस्तान आ भारत लेल विदा होयबाक पूर्व रुबियो कहलनि जे राष्ट्रपति 60 दिनक समय लए ई बुझय चाहैत छथि जे प्रतिबंध आ शुल्क लगेला सं वैश्विक अर्थव्यवस्था, एतय धरि जे अमेरिकी अर्थव्यवस्था पर कोन प्रभाव पड़ैत अछि।

3 नवंबर कें होमयबला मध्यावधि चुनाव लग आबि रहल अछि। एहन परिस्थिति मे ट्रंपक डीजल समझौता आ प्रतिबंध मे छूट देबाक निर्णय राष्ट्रपति आ कांग्रेसक अधिकार, संगहि रिपब्लिकन पार्टीक प्राथमिकता कें बहसक केंद्र मे आनि देने अछि।

9 अक्टूबर कें अमेरिकी राष्ट्रपति घोषणा कयलनि जे रूस अमेरिका आ दुनियां भरिक दोसर बाजार मे तीन लाख मीट्रिक टन सं बेसी डीजल आपूर्ति करत आ आगू सेहो आपूर्ति जारी रहत। एहि संग अमेरिकाक दिस सं रूसी ईंधन पर लागल प्रतिबंध मे किछु समय लेल छूट देल गेल। लागत घटला सं राजनीतिक लाभ भेटि सकैत अछि, मुदा ई राहति बेसी दिन धरि बनल रहत वा नहि, से एखन निश्चित नहि अछि। डीजलक दाम बढ़ला सं खेती, माल ढुलाई आ घरेलू खर्च बढ़ैत अछि। एकर प्रभाव चुनाव पर सेहो पड़ि सकैत अछि।

नव अनुमति लेल कांग्रेस लग जेबाक बदला ट्रंप पहिने सं प्राप्त अधिकारक उपयोग कयलनि। 16 अक्टूबरक कार्यकारी आदेश मे लिंडसे ओ. ग्राहमक रूस आ ईरानपर प्रतिबंध लगयबाक कानूनक धारा 115 केर उल्लेख कयल गेल अछि। ई धारा किछु शर्तक अधीन राष्ट्रपतिए प्रतिबंध मे छूट देबाक अधिकार दैत अछि। एकरा लेल राष्ट्रपतिए कांग्रेस कें लिखित प्रमाण देब आ कारण स्पष्ट करैत रिपोर्ट प्रस्तुत करब आवश्यक अछि।

एखन विवाद एहि बातपर अछि जे प्रतिबंध मे छूट देबाक राष्ट्रपति अधिकार कानून बनेबाक पाछां कांग्रेसक उद्देश्य पूरा करैत अछि अथवा ओकरा कमजोर करैत अछि। तत्काल आर्थिक राहति देब आ विरोधी देश कें रियायत देबाक दीर्घकालीन परिणामक बीच संतुलन के तय करत?

### कार्यकारी निर्णय आ कांग्रेसक अधिकार

प्रतिबंधक मामिला मे कांग्रेसक कठोरता आ राष्ट्रपति कें परिस्थिति अनुसार निर्णय लेबाक स्वतंत्रताक बीच टकराव होइत रहल अछि। कांग्रेस प्रतिबंध लगबैत अछि आ जवाबदेही चाहैत अछि। राष्ट्रपति बात, बाजारक परिस्थिति आ सुरक्षा संबंधी आवश्यकता कें ध्यान मे राखि प्रतिबंध लागू करैत छथि। प्रतिबंध मे छूट देला सं नीति मे परिवर्तन सहज होइत अछि, मुदा जाहि दबावक निर्माण लेल प्रतिबंध लगाओल गेल छल, से सेहो कमजोर पड़ि सकैत अछि। ट्रंपक पक्ष मे ई तर्क देल जा सकैत अछि जे विदेश नीति बनबैत काल आम अमेरिकी नागरिकपर पड़यबला आर्थिक बोझ सेहो देखबाक चाही। रुबियो ऊर्जा मूल्यवृद्धि कें ईरानक विरुद्ध अमेरिका आ इजरायल युद्ध, सऊदी अरबपर हूती हमलाक संग रूस-यूक्रेन युद्ध सं जोड़लनि। हुनकर कहब छलनि जे दुनिया भरि मे चलि रहल संघर्ष आब एक-दोसरा सं टकराइत अछि।



एक क्षेत्र मे बढ़ल दबाव दोसर क्षेत्र मे सेहो लागति बढ़ा सकैत अछि। रुबियोक तर्क अछि जे रूसी डीजल बाजार मे पहुंचिए जाइत। मुदा वाशिंगटन कें एखनो स्पष्ट करय पड़त जे रूस सं बदला मे की हासिल करबाक अछि, प्रतिबंध मे छूट सं कूटनीतिक संवाद कें कोना लाभ भेटत आ फेर दबाव कहिया बढ़ाओल जायत। ई स्पष्टता नहि भेल तं घरेलू राजनीतिका कारण प्रतिबंधक उद्देश्य कमजोर पड़ि सकैत अछि।

एहि निर्णयक विरोध दुनू दल मे भेल अछि। रिपब्लिकन सीनेटर रिक स्कॉट आ थॉम टिलिस प्रतिबंध मे छूटक आलोचना कयलनि, जखनकि डेमोक्रेट सांसद एकरा वापस लेबाक मांग कयलनि। मुदा चुनावक दिन धरि कांग्रेसक सत्र स्थगित रहबाक कारण तत्काल कानूनी कारबाइक संभावना कम अछि।

रुबियो प्रस्तावित समीक्षा मे 60 दिन लगा सकैत छथि। एहि कारण कठिन निर्णय मध्यावधि चुनावक बाद धरि टलि सकैत अछि। मुदा एहि आधार पर ई नहि कहल जा सकैत अछि जे निर्णय चुनावी लाभ लेल लेल गेल। कार्यकारी आदेश मे इहो नहि कहल गेल अछि जे 60 दिन पूरा होइतहि प्रतिबंध स्वतः फेर लागू भए जायत।

### चुनावी राजनीति आ रणनीतिक चुनौती

रूसपर दबाव बनौने रहब, आम नागरिकक खर्च घटेनाइ आ राष्ट्रपतिए संवाद मे बेसी स्वतंत्रता देनाइ - तीनूक राष्ट्रीय हितक पक्ष मे बताओल जा सकैत अछि। मुदा एहि सभ सं नीति अलग-अलग दिशा मे जा सकैत अछि।

मास्को पर लगातार दबाव बनौने रहबाक पक्षधर लोकक मानब अछि जे प्रतिबंध मे छूट देला सं भविष्यक चेतावनीक प्रभाव आ विश्वसनीयता घटि सकैत अछि। दोसर दिस, जे लोक सस्ता ईंधन चाहैत छथि, हुनका लेल प्रतिबंधक समर्थन करब कठिन भए जाइत अछि, जखन मतदाता कें ओकर आर्थिक बोझ सोझे उठाबय पड़ैत अछि।

राष्ट्रपतिए बेसी स्वतंत्रता देबाक समर्थकक तर्क भए सकैत अछि जे एहि सं बातचीतक अवसर बढ़ैत अछि। मुदा रिपब्लिकन नेता सभ द्वारा डीजल समझौता आ व्यापक छूटक आलोचना ई देखबैत अछि जे मतभेद मात्र कानून लागू करबाक तरीका धरि सीमित नहि, बल्कि नीतिक दिशा लए कए सेहो अछि। ईंधन आपूर्तिक घोषणा मात्र सं ई सुनिश्चित नहि होइत अछि जे लोक कें दीर्घकाल धरि सस्ता ईंधन भेटत। किछु समयक राहतिक आलोचना एहि आधार पर भए सकैत अछि जे वाशिंगटन रूस कें लाभ पहुंचेलक, मुदा आम अमेरिकी नागरिक कें वादा कयल लाभ नहि भेटल। समझौता राजनीतिक लाभ तं दए सकैत अछि, मुदा ओकर आर्थिक आ रणनीतिक परिणाम बाद मे सामने आओत।

### अमेरिका पर भरोस आ रुबियोक भारत आगमन

अमेरिकाक सहयोगी देश ई देखत जे अमेरिकी नीति मे परिवर्तन कोना होइत अछि आ ओकर कारण कतेक स्पष्ट रूप सं बताओल जाइत अछि। अमेरिकाक विश्वसनीयता एहि बातपर निर्भर करैत अछि जे ओकर उद्देश्य, देल जा रहल रियायत आ अपेक्षित परिणामक बीच कतेक स्पष्ट संबंध अछि। मुंबई मे जयशंकर संग रुबियोक संवाद मे ऊर्जा आ रक्षा सहयोग पर चर्चा भेल। संयुक्त अरब अमीरातक विदेशमंत्री अब्दुल्ला बिन जायद संग तीन देशक बैठक मे क्षेत्रीय ऊर्जा सुरक्षा पर सेहो ध्यान देल गेल। एहि चर्चा सभ सं ई परखल जा सकैत अछि जे अमेरिका अपन नीति मे लचीलापन देखबैत सहयोगी देशक आर्थिक मजबूरी कें कतेक बुझैत अछि।

रुबियो स्वीकार कयलनि जे भारत अपन ऊर्जा स्रोत मे विविधता आनय चाहैत अछि, मुदा रूसी ऊर्जाक बदला दोसर स्रोत सं आपूर्ति प्राप्त करब सहज नहि अछि। हुनकर ई बयान ऊर्जा उपलब्धता, परिवहन आ लागत सं जुड़ल कठिनाइ कें स्वीकार करैत अछि। मुदा सवाल उठैत अछि जे जं अमेरिका अपन आर्थिक मजबूरीक कारण रूसी ऊर्जाक मामिला मे छूट दैत अछि, तं दोसर सहयोगी देशक एहन मजबूरी कें ओ कोना देखैत अछि?

# हिमालय बचेबाक लेल वैज्ञानिक निगरानी आवश्यक

**जय सिंह रावत**



नेपाल मे गत 26 अगस्त कें आयल विनाशकारी बाढ़िक बाद वैज्ञानिक सभ एहन खुलासा कयलनि अछि, जे संपूर्ण हिमालय लेल खतराक घंटी अछि। जाहि पहाड़क टूटला सं नेपाल आ चीन मे हजारो लोक मरि गेलाह अथवा लापता भए गेलाह, ओहि विपत्ति सं कतेको सप्ताह पहिनहि खिसकय लागल छल। यूरोपीय सेन्टिनल-1 उपग्रह 48 दिनक अवधि मे ओकर सतहपर 40 सेन्टीमीटर धरि संचलन दर्ज कयने छल। एकर अर्थ अछि जे पहाड़क भीतरे बढ़ैत अस्थिरताक संकेत अंतरिक्ष सं भेटि रहल छल, मुदा समय रहैत ओकरा प्रभावकारी चेतावनी मे नहि बदलल जा सकल। ई खुलासा इन्टरनेशनल सेन्टर फॉर इन्टिग्रेटेड माउन्टेन डेवलपमेन्ट (आईसीआईएमओडी) द्वारा 13 अक्टूबर कें जारी वैज्ञानिक प्रतिवेदन मे कयल गेल अछि।

रिपोर्टक अनुसार, 26 अगस्तक भोरे लगभग 8 बजि कए 37 मिनट पर नेपालक रसुवा क्षेत्र मे 7,227 मीटर ऊंच लाङटाङ लिरुङ पर्वतक उत्तरी भाग सं लगभग 13.2 करोड़ घनमीटर चट्टान आ हिमनदक बर्फ टूटि कए नीचां खसि पड़ल। लगभग 1,200 मीटर नीचां ल्हेंदे खोला घाटी मे खसिते ई विशाल पिंड चट्टान, बर्फ, माटि आ पानिक प्रचंड प्रवाह मे बदलि गेल। विनाशकारी मलवा-बाढ़ि नेपाल-चीन सीमा सं होइत भोटेकोशी आ त्रिशूली नदी घाटी मे पसरि गेल। एकर तीव्रता एतेक बेसी छल जे दूर-दूर स्थित भूकंपीय उपकरण सभ सेहो कंपन दर्ज कयलक।

एहि वैज्ञानिक अध्ययनक सभ सं महत्वपूर्ण निष्कर्ष उपग्रह सं प्राप्त आंकड़ा अछि। सेन्टिनल-1 केर रडार तकनीक 7 जुलाई सं 24 अगस्तक बीच पर्वतीय ढलान मे क्रमिक परिवर्तन दर्ज कयलक। एहि तकनीक कें इन्टरफेरोमेट्रिक सिंथेटिक अपर्चर रडार कहल जाइत अछि। एकर माध्यम सं बादल आ अन्हारक परिस्थिति मे सेहो धरातलक सूक्ष्म हलचल मापब संभव अछि। हालांकि, 40 सेन्टीमीटरक आंकड़ा उपग्रहक दृष्टिरेखाक दिशा मे मापल गेल संचलन अछि, पहाड़क वास्तविक विस्थापनक संपूर्ण माप नहि। तथापि, ई बढ़ैत अस्थिरताक महत्वपूर्ण संकेत छल।

वैज्ञानिक सभ एकटा दोसर धारणा मे सेहो संशोधन कयलनि। प्रारंभ मे एहि बाढ़िक कारण हिमनद झील फाटब मानल जा रहल छल, मुदा अध्ययनक अनुसार, एकर मुख्य कारण आधारशिलाक व्यापक रूप सं टूटब छल। चट्टान सभ अपन ऊपर स्थित हिमनदक बर्फ कें संग लैत नीचां खसल आ एहि कारण विनाशकारी मलवा प्रवाह उत्पन्न भेल।

वैज्ञानिक सभ एहि विपत्तिक कतेको संभावित कारणक पहचान कयलनि अछि। एहि मे भूगर्भीय दरार, 2015 केर नेपाल भूकंप सं भेल क्षति, स्थायी रूप सं जमल भूमि पिघलनाइ, हिमनदमे मे परिवर्तन आ बर्फक भार मे उतार-चढ़ाव शामिल अछि। बढ़ैत तापमान ऊंचाइवला क्षेत्र मे जमल बर्फ आ चट्टानक बीचक प्राकृतिक बंधन कें कमजोर कए सकैत अछि। मुदा वैज्ञानिक सभ एखन धरि कोनो एकटा कारण कें निर्णायक रूप सं जिम्मेवार नहि ठहरौने छथि।

एहि विपत्ति सं पूर्व चेतावनी व्यवस्थाक सीमा सेहो उजागर भेल अछि। अधिकांश व्यवस्था बरखा, नदीक जलस्तर आ संभावित बाढ़िपर केंद्रित अछि। मुदा जखन हजारो मीटर ऊंचाइपर सं करोड़ो घनमीटर चट्टान आ बर्फ अनचोके टूटि कए खसैत अछि, तं नीचां लागल जलस्तर मापक यंत्र पर्याप्त समय पहिने चेतावनी देबा मे सक्षम नहि होइत अछि। नेपालक एहि घटना मे पहाड़ टूटबाक लगभग 38 मिनट बाद चेतावनी संदेश पठाओल गेल। ताबैत विनाशकारी प्रवाह कतेको प्रभावित बस्ती सं गुजरि चुकल छल।

ई चेतावनी भारत, विशेष कए उत्तराखंड आ हिमाचल प्रदेश लेल अत्यंत महत्वपूर्ण अछि। फरवरी 2021 मे ऋषिगंगा-धौलीगंगा विपत्ति मे सेहो ऊंचाइपर चट्टान आ बर्फक विशाल हिस्सा टूटला सं विनाशकारी बाढ़ि आयल छल। एहि घटना सं तपोवन-विष्णुगाड परियोजना सहित नदी घाटीक आधारभूत संरचना कें भारी क्षति पहुंचल। केदारनाथक 2013 केर त्रासदी आ हिमालयक अन्य घटना सभ बतबैत अछि जे पर्वतीय आपदाक स्वरूप अलग-अलग भए सकैत अछि, मुदा नीचांक क्षेत्र मे रहनिहार लोक सभ लेल एकर परिणाम अत्यंत गंभीर होइत अछि।

# नशामुक्त भारत 2029 : पुलिस थाना सं अंतरराष्ट्रीय मादक पदार्थ तस्करीक जाल धरि महाअभियान

**किशन सनमुखदास भावनानी**

वैश्विक स्तरपर भारत मे निशाक समस्या आब मात्र कानून-व्यवस्था अथवा स्वास्थ्य धरि सीमित नहि रहि गेल अछि, बल्कि ई देशक युवा पीढ़ीक भविष्य, परिवारक सुख-समृद्धि, आर्थिक उत्पादकता, आंतरिक सुरक्षा आ राष्ट्रीय विकास सं जुड़ल गंभीर चुनौती बनि गेल अछि। मादक पदार्थक अवैध कारोबार समाजक जड़ि कें कमजोर करैत अछि, अपराध जगत कें आर्थिक शक्ति दैत अछि आ किछु मामिला मे आतंकवाद तथा राष्ट्रविरोधी गतिविधिक वित्तपोषण सेहो करैत अछि। 21 अक्टूबर 2026 कें नई दिल्लीक राष्ट्रीय पुलिस स्मारकपर पुलिस स्मृति दिवसक अवसरपर केंद्रीय गृहमंत्री 31 दिसंबर 2029 धरि भारत कें नशामुक्त बनेबाक संकल्प दोहरौलनि। ओ देश भरिक पुलिस बल सभ सं एकजुट भए एहि अभियान मे काज करबाक आह्वान कयलनि। आब प्रश्न ई अछि जे निर्धारित समयसीमा धरि निशाक अवैध कारोबारपर निर्णायक प्रहार कए भावी पीढ़ीक भविष्य सुरक्षित कयल जा सकत? की पुलिस थाना सं केंद्रीय एजेन्सी धरि जवाबदेही सुनिश्चित कए तस्करीक पूरा श्रृंखला कें तोड़ल जा सकैत अछि? आ नशाक लत तथा पुनर्वासक समस्या दूर कयने बिना वास्तविक नशामुक्ति संभव अछि?

### राष्ट्रीय संकल्प आ 2029 केर समयसीमा

सरकार 2026 केर शेष अवधि आ 2027, 2028 तथा 2029 कें एहि लड़ाइ लेल समर्पित करबाक बात कहने अछि।



पुलिस स्मृति दिवस ओहि पुलिसकर्मीसभक बलिदान स्मरण करबाक अवसर अछि, जे देशक सुरक्षाक लेल अपन प्राण न्योछावर कयलनि। एहि मंच सं नशाविरोधी अभियान कें राष्ट्रीय प्राथमिकता बनायब पुलिस बलसभपर पैघ जिम्मेदारी सौंपैत अछि। एहि अभियानक सफलता मात्र छापेमारी, गिरफ्तारी आ जब्त मादक पदार्थक संख्यापर नहि मापल जेबाक चाही। ई देखब आवश्यक अछि जे अवैध आपूर्ति कतेक घटल, युवा सभ कें नशा सं बचयबा मे कतेक सफलता भेटल आ प्रभावित परिवार सभ धरि सहायता कतेक प्रभावकारी ढंग सं पहुंचल।

### पारंपरिक तस्करी सं डिजिटल अपराध धरि

पहिने मादक पदार्थक अवैध कारोबार गुप्त संपर्क, सीमावर्ती तस्करी, अवैध भंडारण आ स्थानीय विक्रेताक माध्यम सं चलैत छल। आब डिजिटल संपर्क, छद्म पहिचान, अंतरराज्यीय गिरोह आ इंटरनेट आधारित वित्तीय लेनदेन सेहो चुनौती बनि गेल अछि। सामाजिक माध्यम आ संदेश पठेबाक मंचक दुरुपयोग, डार्कनेटपर अवैध बाजार आ क्रिप्टोकरेंसीक लेनदेन अपराधक जांच कें जटिल बनबैत अछि।

सिंथेटिक मादक पदार्थ आ ओकरा बनाबय मे प्रयुक्त रसायनसभपर निगरानी सेहो आवश्यक अछि। एहि लेल साइबर जांच, डिजिटल साक्ष्य, वित्तीय अनुसंधान आ अंतरराज्यीय तथा अंतरराष्ट्रीय सहयोग मजबूत करबाक जरूरत अछि। मात्र अंतिम विक्रेता कें पकड़ब पर्याप्त नहि, अवैध कमाई आ संगठित अपराधक पूरा जाल कें उजागर करब आवश्यक अछि।

### कानूनक प्रभावकारी क्रियान्वयन

भारत मे मादक पदार्थक अवैध कारोबारपर रोक लगयबाक लेल स्वापक औषधि आ मनःप्रभावी पदार्थ अधिनियम, 1985 (एनडीपीएस अधिनियम) प्रमुख कानून अछि। एहि कानून मे अपराधक प्रकृति आ मात्रा अनुसार कठोर दंडक प्रावधान अछि। वाणिज्यिक मात्रा सं जुड़ल कतेको गंभीर अपराध मे 10 सं 20 वर्ष धरि कठोर कारावास आ अर्थदंड भए सकैत अछि। किछु विशेष परिस्थिति मे दोबारा गंभीर अपराध करबाक स्थिति मे मृत्युदंडक प्रावधान सेहो अछि, मुदा ई प्रत्येक मामिला मे लागू नहि होइत अछि। पीआईटीएनडीपीएस अधिनियम, 1988 अवैध मादक पदार्थक कारोबार रोकबाक लेल निर्धारित कानूनी प्रक्रियाक अंतर्गत निवारक निरोधक व्यवस्था करैत अछि। धनशोधन निवारण अधिनियम, 2002 (पीएमएलए) अपराध सं अर्जित धन कें वैध बनेबाक गतिविधिपर कारबाइ मे महत्वपूर्ण भए सकैत अछि। पुलिस, नारकोटिक्स कन्ट्रोल ब्यूरो, सीमावर्ती सुरक्षा एजेन्सी, औषधि नियंत्रण विभाग आ वित्तीय जांच एजेन्सीक बीच समन्वय आवश्यक अछि। निष्पक्ष जांच, विश्वसनीय साक्ष्य, विशेष अदालत मे समयबद्ध सुनवाइ आ प्रभावकारी अभियोजन सं अपराधीपर वास्तविक दबाव बनत।

# बहुजन हिताय हो वैश्विक आर्थिक चिंतनक आधार

**सुरेश सेठ**

आब चाहे दुनियांक सब सं पैघ शक्ति अमेरिका हो अथवा रूस आ चीन, सभक लक्ष्य प्राकृतिक संसाधन सं संपन्न छोट-छोट देशक साधन-संपत्तिक अनैतिक दोहन करब अछि। छीना-झपटी आ युद्धक सहारा लए ओहि देशक संसाधनपर अपन अधिकार जमयबाक प्रयास कयल जाइत अछि। चाहे ईरानक क्रूड ऑयल आ संवर्धित यूरेनियमक भंडार हो अथवा यूक्रेनक दुर्लभ मृदा खनिज, अमेरिका हो वा रूस, सैन्य शक्तिक बलपर एहि खनिज पदार्थसभपर कब्जा करबाक चाहैत अछि। मुदा तेसर दुनियांक देश सभ कें सेहो विकासक बाटपर आगू बढ़बाक अवसर भेटबाक चाही। दुर्भाग्य जे कोनो शक्तिशाली देश एहि दर्शनपर विश्वास करबाक लेल तैयार नहि अछि।

हालहि मे दिल्ली मे पहिल बेर आयोजित ब्लूमबर्ग न्यू इकोनॉमी फोरमक तीन दिवसीय चिंतन-सत्र मे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आर्थिक चिंतनक माध्यम सं प्रगतिशील दुनियांक लेल नव बाट खोलबाक प्रयास कयलनि। वसुधैव कुटुंबकम् अर्थात संपूर्ण विश्व एक परिवार अछि, ई बात हम सभ सदिखन कहैत रहल छी। मुदा विकसित देशक आपसी प्रतिस्पर्धा आ आपाधापी देखैत छी जे ओ सभ युद्ध, विस्तारवाद आ विनाशकारी अस्त्र-शस्त्रक सहारा लए दुनियांक संसाधनपर कब्जा करबा मे लागल अछि।

एहि परिस्थिति मे भारत आ मोदी एहि सम्मेलन मे आर्थिक चिंतनक एकटा नव पक्ष प्रस्तुत कयलनि। हुनकर कहब छलनि जे भारत सन आध्यात्मिक चिंतनबला देश सदिखन संपूर्ण विश्वक संग डेग मिलबैत आगू बढ़बाक प्रयास कयलक अछि। दोसरक मुंहक ग्रास छीनि कए अथवा केओ दोसरा कें धक्का दए नीचा खसा कए आगू बढ़बाक बाट भारतक नहि अछि।

एक दिस अमेरिकी राष्ट्रपति ट्रंप नोबेल शांति पुरस्कार पर अपन दावेदारी प्रस्तुत करैत रहल छथि, तं दोसर दिस ऊर्जा बाजार मे एकाधिकार स्थापित करबाक लेल कमजोर देशसभक संग शुल्क-युद्ध छेड़ैत छथि। भारत कें सेहो धमकी देल गेल अछि जे रूस सं कच्चा तेल आ गैस कीनला सं शत प्रतिशत शुल्क लगा देल जायत। खाड़ी देश सभ सं आबयवला ऊर्जा भंडारक आपूर्ति रोकबाक लेल होर्मुज जलडमरूमध्यक बाटपर सेहो दबाव बनाओल जा रहल अछि। भारी शुल्क वसूलबाक धमकीक संग नाकेबंदी करबाक प्रयास चलि रहल अछि।



मुदा एहि सम्मेलन मे आर्थिक विकासक सही दिशा तकबाक प्रयास कयल जा रहल अछि। उद्देश्य ई अछि जे आर्थिक अनिश्चितता कम करबाक लेल कोन-कोन उपाय कयल जा सकैत अछि। भारतक स्पष्ट संदेश अछि जे विकास सभ कें संग लए कए चलला सं होयत, एक-दोसरा कें धक्का दए नहि। जं संपन्न देश अपन शुल्क लगा कए दोसर देशक अर्थव्यवस्थाक डांड़ तोड़ि देत, तं ओ देश आगू कोना बढ़त? एहि लेल मोदी भारतीय आर्थिक तंत्रक मूल उद्देश्य बहुजन हिताय अर्थात बहुसंख्यक लोकक कल्याणक बात कयलनि।

वस्तुतः महाशक्तिसभक बीच बढ़ैत तनावक कारण दुनियां भरिक शेयर बाजार मे भारी गिरावट आबि रहल अछि, जखनकि भारत सात प्रतिशत आर्थिक विकास दरक बाटपर आगू बढ़ि रहल अछि। अंतरराष्ट्रीय मुद्रा कोष सेहो एहि विकास दरक पुष्टि कयने अछि। मोदी कहलनि जे असाधारण परिस्थिति आ अनिश्चित आपूर्ति व्यवस्थाक बीचो भारत अपन आर्थिक गति एहि लेल बनौने अछि, किएक तं ओ सभ कें संग लए कए चलबाक निर्णय कयलक। भारत दोसरा कें नीचा खसा कए अपन उन्नति करबाक बाट नहि चुनलक।

कोरोना महामारीक समय सेहो भारत अपन मानवीय दृष्टिकोणक परिचय देने छल। मोदीक कहब छलनि जे महामारी आयल तं भारत सौ देश कें कोरोना टीका उपलब्ध करौलक आ महामारीक तेसर लहरिक विनाशकारी प्रभाव कें टारबा मे सहायता कयलक। ई व्यावसायिक दृष्टिकोण नहि, बल्कि मानवीय दृष्टिकोण छल। जं हम संपूर्ण विश्व कें परिवार मानब, तं एहि परिवारक प्रत्येक सदस्य दोसर सदस्यक हितक रक्षा करत।

मोदीक ई बातो महत्वपूर्ण अछि जे भारत डिजिटल तकनीक, मशीन आपूर्ति, आर्थिक सुधार आ वैश्विक चुनौती सभ सं नीक जकां निपटि रहल अछि। जं सभ देश मिलि-जुलि कए आगू बढ़त, तं बदलैत दुनियां मे सहयोग शक्तिक एकटा नव स्रोत बनत। एहि सम्मेलन मे हुनका सभ सं ई विचार करबाक आह्वान कयलनि जे ज्ञान, धन आ शक्तिक महत्व कोन बात मे अछि आ ओकर उपयोग कोन उद्देश्यक पूर्तिक लेल कयल जा रहल अछि।

भले एखन वैश्विक परिस्थिति भारतक अनुकूल नहि अछि, मुदा देश प्रगतिपथ पर आगू बढ़ि रहल अछि। एक दिस भू-राजनीतिक तनाव, आपूर्ति श्रृंखला मे बाधा आ रणनीतिक संसाधन पर बढ़ैत प्रतिस्पर्धा अछि, तं दोसर दिस किछु देश वैश्विक अस्थिरताक कारण बनि रहल अछि। मुदा भारत एहि सभ सं अलग अपन सामर्थ्यक आकलन करैत, अनावश्यक टकराव सं बचि शांति, अहिंसा आ सहयोगक बाटपर चलि रहल अछि। एहि लेल आइयो भारतक आर्थिक विकास दर दुनियाक अग्रणी दर सभ मे शामिल अछि।

# स्नातक सं आगू निकललाह शिक्षक बढ़ि-चढ़ि कए कएलनि मतदान







**बिहार विधान परिषदक आठटा स्नातक आ शिक्षक सीट लेल शुक्रदिन सबेर आठ बजे सं मतदान शुरू भेल। एहि चुनाव मे कुल 933टा मतदान केंद्र पर 5 लाख 32 हजार 847 गोट मतदाता अपन मताधिकारक प्रयोग कएलनि। जहि मे 3 लाख 86 हजार 199 पुरुष, 1 लाख 46 हजार 611 महिला आ 37 टा थर्ड जेन्डर मतदाता शामिल छथि।**

**पटना, समदिया**

बिहार विधान परिषद चुनाव 2026 अंतर्गत स्नातक आ शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र लेल भेल मतदान मे दोपहर दू बेर दू बजे धरिक आंकड़ा जारी कएल गेल अछि। जारी विवरणक अनुसार, स्नातक निर्वाचन क्षेत्र सभ मे दुपहर दू बजे धरि कुल 29.32 प्रतिशत मतदान दर्ज भेल, जहि मे कोसी क्षेत्र 34.03 प्रतिशत के साथ शीर्ष पर रहल, जखनकि तिरहुत मे 30.80 प्रतिशत, पटना मे 25.93 प्रतिशत आ दरभंगा मे 25.00 प्रतिशत भोट पड़ल।

ओतए दोसर दिस, शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र सभ मे मतदानक प्रति बेसी उत्साह देखबा मे आयल, जतय कुल औसत मतदान प्रतिशत 57.20 प्रतिशत दर्ज कएल गेल। शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र सभ मे दरभंगा 67.00 प्रतिशत वोटिंग के साथ सब सं आगू रहल, एकर बाद सारण मे 58.98 प्रतिशत, तिरहुत मे 52.15 प्रतिशत आ पटना मे 51.79 प्रतिशत मतदान दर्ज कएल गेल।









## पटना मे भेल हंगामा

पटना शिक्षक निर्वाचन क्षेत्रक बिहार विधान परिषद चुनाव मे फर्जी भोटिंग कें लए कए हंगामा शुरू भए गेल अछि। पटना शिक्षक निर्वाचन क्षेत्रक राजद प्रत्याशी डॉ. संजीव कुमारक दाबी छै जे बहुत रास केंद्र पर बोगस मतदाता मतदान कए रहल छथि। हुनक अनुसार धनरुआ समेत विभिन्न स्थान पर 22 सं 27 टा संदिग्ध फर्जी मतदाता कें पकड़ल गेल अछि। हुनका ई सेहो आरोप लगौलनि जे ई सब लोक प्रतिद्वंद्वी प्रत्याशी नवल किशोर यादवक समर्थक छलाह। हालांकि, प्रशासन वा कोनो स्वतंत्र स्रोत द्वारा फर्जी मतदानक एहि आरोपक आधिकारिक पुष्टि अखन धरि नहि कएल गेल अछि।



## मुजफ्फरपुर मे शांतिपूर्ण ढंग सं भेल मतदान

मुजफ्फरपुर जिला मे एमएलसी चुनाव सभटा जगह पर शांतिपूर्ण तरिका सं चलि रहल अछि। एहि बीच समाहरणालय मे किछु देर लेल अफरा-तफ्रीक स्थिति उत्पन्न भए गेल। दरअसल एतय शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र लेल मतदान केंद्र बनाएल गेल अछि। एतय उम्मीदवार सब सेहो अपना केंप बनेने छथि। एहि बीच हुकमायल तैनात मजिस्ट्रेट शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र सं भाजपा उम्मीदवारक केंप मे पहुंचलाह। ओतय बेसी भीड़ देखि कए ओ सभ कें जगह खाली करबाक लेल कहलखिन। एहि बात कें लए कए समर्थक आवेशित भए गेलाह आ मजिस्ट्रेट सं पहचान पूछय लगलाह। समर्थक सब दोसर उम्मीदवार कम्युनिस्ट पार्टी आफ इंडिया सं संजय सिंहक केंप मे जा कए पहिने ओकरा खाली करबाक लेल कहलखिन। एहि बात कें लए कए हंगामा शुरू भए गेल।





# रोसड़ा मे स्नातक आ शिक्षक निर्वाचनक मतदान शांतिपूर्ण संपन्न, 53 प्रत्याशीक भाग्य मतपेटी मे बंद

## अलीनगर मे मतदान शांतिपूर्ण संपन्न, स्नातक मे 62 आ शिक्षक निर्वाचन मे 74 प्रतिशत वोटिंग

अलीनग, समदिया

बिहार विधान परिषदक स्नातक आ शिक्षक निर्वाचनक अंतर्गत शुक्रदिन अलीनगर प्रखंड-सह-अंचल कार्यालय परिसर मे शांतिपूर्ण माहौल मे मतदान संपन्न भेल। स्नातक निर्वाचन मे कुल 1,086 मतदाता मे सं 674 गोटे अपन मताधिकारक प्रयोग कयलनि। एहि तरहें स्नातक निर्वाचन मे करीब 62 प्रतिशत मतदान दर्ज कयल गेल। ओतहि, शिक्षक निर्वाचन मे कुल 54 मतदाता मे सं 40 गोटे मतदान कयलनि। एहि निर्वाचन मे मतदानक प्रतिशत करीब 74 रहल। मतदान संपन्न होइतहि सभ प्रत्याशीक भाग्य मतपेटी मे बंद भए गेल। मतदान कें लए कए मतदाता सभ मे विशेष उत्साह देखल गेल। भोरे सं मतदाता अपन मताधिकारक प्रयोग करबाक



लेल मतदान केंद्र पर पहुंचैत रहलाह। निष्पक्ष आ शांतिपूर्ण मतदान सुनिश्चित करबाक लेल प्रशासन द्वारा सुरक्षा व्यवस्थाक पुख्ता प्रबंध कयल गेल छल। एहि बीच दुपहर करीब दू बजे बाद राजद कार्यकर्ता सभ मतदान केंद्र पर हंगामा कयलनि। कार्यकर्ता सभ नोडल अधिकारी पर एकटा खास उम्मीदवार कें लाभ पहुंचयबाक उद्देश्य सं जानि-बुझि मतदान प्रक्रिया धीमा करबाकआरोप लगौलनि। हालांकि, नोडल अधिकारी दीनबंधु निराला एहि आरोप सभ कें पूर्णतः निराधार बतौलनि।ओ कार्यकर्ता सभ कें बुझा-बुझा कए शांत करौलनि। नोडल अधिकारी दीनबंधु निराला कहलनि जे मतदान पूर्णतः शांतिपूर्ण आ निष्पक्ष वातावरण मे संपन्न भेल। मतदान प्रक्रिया मे कोनो तरहक गड़बड़ी नहि भेल। मतदाता सभ उत्साहपूर्वक अपन मताधिकारक प्रयोग कयलनि। मतदानक दौरान अलीनगर थानाध्यक्ष रंजीत कुमार शर्मा पुलिस बलक संग मतदान केंद्र पर मुस्तैद रहलाह। ओ विधि-व्यवस्थाबनौने रखबाक संग मतदान प्रक्रियाक निगरानी करैत रहलाह। प्रशासनक सतर्कता आ पुलिसक मुस्तैदीक बीच मतदान संपन्न भेल।

## शत-प्रतिशत मतदान सं बढ़ैत अछि लोकतंत्रक गरिमा : सांसद

दरभंगा, समदिया

दरभंगाक सांसद-सह-लोकसभा मे भाजपा सचेतक डॉ. गोपाल जी ठाकुर शुक्रदिन बिहार विधान परिषदक स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक चुनाव मे अपन मताधिकारक प्रयोग कयलनि। ओ बहादुरपुर प्रखंड-सह-अंचलकार्यालय परिसर मे बनाओल गेल मतदान केंद्र पर मतदान कयलनि। मतदानक बाद सांसद डॉ. ठाकुर कहलनि जे कोनो चुनाव मे मतदान करब लोकतंत्रक मजबूतीक आधार अछि। लोकतांत्रिक व्यवस्था मे प्रत्येक मतदाताक सहभागिता आवश्यक अछि। शत-प्रतिशत मतदान सं लोकतंत्रक गरिमा बढ़ैत अछि आजनभागीदारी मजबूत होइत अछि।ओ कहलनि जे



मतदान करब प्रत्येक नागरिकक संविधान प्रदत्त अधिकार अछि। अपन मताधिकारकप्रयोग कए ओ एकटा जागरूक मतदाताक रूप मे अपन दायित्वक निर्वहन कयलनि। सांसद कहलनि जेस्नातक निर्वाचन क्षेत्रक चुनाव विधान परिषद जेकां उच्च सदनक लोकतांत्रिक प्रक्रियाक महत्वपूर्ण हिस्साअछि। एहि चुनाव मे मतदातासभक सक्रिय सहभागिता सं लोकतांत्रिक व्यवस्था आओर सशक्त होइत अछि। ओ स्नातक मतदाता सभ सं लोकतंत्रक एहि महत्वपूर्ण पर्व मे बढ़ि-चढ़ि कए हिस्सा लेबाक आ अपन मताधिकारक जिम्मेदारीपूर्वक प्रयोग करबाक अपील कयलनि। सांसद डॉ. ठाकुरक मतदान केंद्र पर पहुंचला पर भाजपा आ एनडीए कार्यकर्ता सभ हुनकर गर्मजोशी सं स्वागत कयलनि।



रोसड़ा/समस्तीपुर, समदिया

रोसड़ा प्रखंड मुख्यालय आ नगर परिषद क्षेत्र मे शुक्रदिन दरभंगा स्नातक आ शिक्षक निर्वाचन क्षेत्रक चुनाव लेल बनाओल गेल मतदान केंद्र सभ पर शांतिपूर्ण ढंग सं मतदान संपन्न भेल। मतदान केंद्र सभपर सुरक्षा व्यवस्था कें बनौने रखबाक लेल पुलिस बलक तैनाती कयल गेल छल। मतदानक पूरा प्रक्रियाक दौरान प्रशासन विधि-व्यवस्था आ सुरक्षा व्यवस्थापर नजरि रखने रहल। निर्धारित कार्यक्रमक अनुसार, मतदानक समय भोरे आठ बजे सं सांझ चारि बजे धरि निर्धारित छल। हालांकि, मतदान प्रक्रिया करीब सांझ पांच बजे धरि चलैत रहल। मतदान केंद्र सभ पर मतदाता सभ पहुंचि अपन मताधिकारक प्रयोग कयलनि। एहि संग चुनावी मैदान मे उतरल प्रत्याशीसबक भाग्य मतपेटी मे बंद भए गेल। दरभंगा स्नातक निर्वाचन क्षेत्र सं कुल 40 प्रत्याशी चुनाव लड़ि रहल छथि, जखन कि शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र सं 13 प्रत्याशी अपन भाग्य आजमा रहल छथि। एहि तरहें दुनू निर्वाचन क्षेत्र कें मिला कए कुल 53 प्रत्याशी चुनावी मैदान मे छथि। मतदान संपन्न भेलाक बाद आब सभ प्रत्याशी आ हुनकर समर्थक सभ कें मतगणना आ चुनाव परिणामक प्रतीक्षा अछि।मतदान केंद्र सभ पर शांतिपूर्ण आ सुव्यवस्थित मतदान सुनिश्चित करबाक लेल पुलिस बल तैनात कयल गेल छल। प्रशासनिक अधिकारी सभ सेहो निर्वाचन प्रक्रियाक निगरानी करैत रहलाह। मतदानक दौरान सुरक्षा आ विधि-व्यवस्था बनौने रखबाक लेल आवश्यक सतर्कता बरतल गेल। मतदान संपन्न होयबाकसंगहि निर्वाचनक अगिला चरणक प्रतीक्षा शुरू भए गेल अछि। आब मतगणनाक बादे स्पष्ट होयत जे स्नातक आ शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र सं के-के प्रत्याशी विजयी होइत छथि।

## मतदाता सूची पर उठल सवाल, सैकड़ो मतदाता कें मतदान सं वंचित रहबाक आरोप

### निर्वाचन पदाधिकारी सभक भूमिका पर उठल प्रश्न

समस्तीपुर, समदिया

दरभंगा स्नातक आ शिक्षक निर्वाचन क्षेत्रक चुनाव मे मतदाता सूची तैयार करबाक प्रक्रियापर सवाल उठयलागल अछि। आरोप अछि जे मतदाता सूची मे नाम दर्ज करबा सं लए कए मतदान धरि कथित अनियमितताक कारण कतेको मतदाता अपन मताधिकारक प्रयोग करबाक अवसर सं वंचित रहि गेलाह।एहि मामिला मे समस्तीपुरक जिलाधिकारी-सह-निर्वाचन पदाधिकारी आ संबंधित सह-निर्वाचन पदाधिकारीसभक भूमिका पर सेहो सवाल उठाओल जा रहल अछि। शिकायतक अनुसार, किछु मतदाताक नाम सूची सं गायब भेटल, जखन कि किछु लोकक नाम हुनकर निवास क्षेत्र सं अलग प्रखंडक मतदाता सूची मे दर्ज रहबाक बात सोझां आयल अछि। कहल जा रहल अछि जे समस्तीपुर प्रखंड मे रहनिहार किछु मतदाताक नाम विभूतिपुर प्रखंडक सूची मे दर्ज रहबाक कारणें हुनका मतदान करबा मे कठिनाइ भेल। मतदाता सूची मे त्रुटिक जांचक मांग मतदातासभक एहि शिकायत सं निर्वाचन प्रक्रियाक पारदर्शिता आ मतदाता सूचीक शुद्धता कें लए कएचिंता बढ़ल अछि। आरोप



लगयबाक लोकसभक कहब अछि जे मतदाता सूची तैयार करबाक समय पर्याप्त जांच आ सत्यापन कयल गेल रहैत तं एहि तरहक समस्या सं बचल जा सकैत छल। किछु लोकक दावाअछि जे कथित त्रुटिक कारण बड़ संख्या मे मतदाता अपन मताधिकारक प्रयोग नहि कए सकलाह। हालांकि, मतदाता सूची सं नाम हटबाक अथवा दोसर प्रखंड मे दर्ज होयबाक कारण आ प्रभावित मतदाताकवास्तविक संख्या स्वतंत्र रूप सं सत्यापित करब आवश्यक अछि। निर्वाचन पदाधिकारीसभक पक्ष आसंबंधित अभिलेख सामने अयलाक बादे मामिलाक वास्तविक स्थिति स्पष्ट भए सकत।स्पष्टीकरण आ उचित कारबाइक मांग मामिला मे निर्वाचन पदाधिकारी सभ सं मतदाता सूची मे कथित गड़बड़ीक जांच करय,

**» मतदाता सूची सं नाम गायब होयबाक आ दोसर प्रखंड मे दर्ज रहबाक शिकायत**

प्रभावितमतदातासभक शिकायतक समीक्षा करय आ जिम्मेदारी निर्धारित करबाक मांग उठि रहल अछि। संगहि, मतदाता सभ कें ई जानकारी देबाक आवश्यकता पर सेहो जोर देल जा रहल अछि जे हुनकर नाम सूची सं किएक हटाओल गेल अथवा दोसर प्रखंड मे कोना दर्ज भेल। मतदान लोकतांत्रिक व्यवस्थाक महत्वपूर्णआधार अछि। एहि कारण मतदाता सूची सं जुड़ल शिकायतसभक निष्पक्ष जांच आ तथ्यक आधार पर उचित कारबाइ आवश्यक अछि, जाहि सं निर्वाचन प्रक्रियाक पारदर्शिता आ विश्वसनीयता बनल रहय।

## नौ बेर जीएटीई उत्तीर्ण कए गोपेश रचलनि कीर्तिमान

### आब इसरो मे वैज्ञानिक बनि अंतरिक्ष अभियान मे देता योगदान

भागलपुर, समदिया

जं सपना पैघ होइ तं कठिनाइयो लक्ष्य प्राप्त करबाक हौसला नहि तोड़ि सकैत अछि। एकर प्रेरणादायक उदाहरण छथि भागलपुरक भारतीय सूचना प्रौद्योगिकी संस्थानक पूर्व छात्र गोपेश कृष्ण यादव। ओ अपन मेहनत आ तकनीकी प्रतिभाक बल पर इसरो मे वैज्ञानिक बनबाक दिशा मे उल्लेखनीय सफलता हासिल कयलनि। इसरो केर साइंटिस्ट/इंजीनियर (मैकेनिकल) भर्ती परीक्षा मे अखिल भारतीय स्तर पर 90म रैंक प्राप्त कए ओ अपन संस्थान आ बिहारक नाम रोशन कयलनि। गोपेश कृष्ण यादव आईआईटी भागलपुरक मेकाट्रोनिक्स इंजीनियरिंग विभाग मे बरख 2018-22 बैचक छात्र रहल छथि। इंजीनियरिंगक पढ़ाइक समये ओ अपन तकनीकी क्षमताक परिचय देब शुरू कए देने छलाह। ओ देशक प्रतिष्ठित जीएटीई परीक्षा चारि अलग-अलग तकनीकी विषय—मैकेनिकल इंजीनियरिंग,प्रोडक्शन एंड इंडस्ट्रियल इंजीनियरिंग, एयरोस्पेस इंजीनियरिंग आ इंजीनियरिंग साइंसेज—मे कुल नौ बेर उत्तीर्ण कयलनि। विभिन्न विषय मे निरंतर सफलता हुनकर व्यापक तकनीकी ज्ञान आ नव-नव चीज सीखबाक



उत्सुकता कें दर्शबैत अछि।गोपेश कें आईआईटी कानपुर आ आईआईटी मद्रास जेकां प्रतिष्ठित संस्थान मे उच्च शिक्षा प्राप्त करबाक अवसर सेहो भेटल छल। मुदा हुनकर लक्ष्य मात्र उच्च शिक्षा अथवा नीक नौकरी प्राप्त करब नहि, बल्कि वैज्ञानिक अनुसंधान आ देशक अंतरिक्ष अभियान मे योगदान देब छल। एहि उद्देश्य सं प्रयास जारी रखैतओ इसरो केर भर्ती परीक्षा मे सफलता अर्जित कयलनि। इसरो मे चयनित होयबाक पूर्व गोपेश भारत हेवी इलेक्ट्रिकल्स लिमिटेड मे करीब एक बरख धरि अभियंताक रूप मे काज कए चुकल छथि। एकटा प्रतिष्ठित सार्वजनिक उपक्रम मे

**» भागलपुरक आईआईटीक पूर्व छात्र मैकेनिकल इंजीनियरिंग मे एआईआर-90 प्राप्त कए बढ़ौलनि बिहारक मान**

अनुभव प्राप्त कयलाक बादो ओ अपन वैज्ञानिक लक्ष्य दिस निरंतर आगू बढ़ैत रहलाह।हुनकर सफलता सं आईआईटी भागलपुर मे प्रसन्नताक माहौल अछि। संस्थानक निदेशक, शिक्षक आ अधिकारी सभ हुनका बधाई दैत कहलनि जे ई उपलब्धि निरंतर मेहनत, तकनीकी ज्ञान आ दृढ़ संकल्पक परिणाम अछि। गोपेशक यात्रा मेकाट्रोनिक्स इंजीनियरिंगक पढ़ाइ सं शुरू भए BHEL मे पेशेवर अनुभव आ आब इसरो मे वैज्ञानिक पद पर चयन धरि पहुंचल अछि। नौ बेर जीएटीई उत्तीर्ण करब आ राष्ट्रीय स्तरक भर्ती परीक्षा मे 90म रैंक प्राप्त करब हुनकर असाधारण परिश्रमक प्रमाण अछि। भागलपुरक एहिप्रतिभाशाली अभियंताक सफलता ओहि युवा सभ लेल प्रेरणास्रोत अछि, जे अपन प्रतिभा आ मेहनतक बल पर देशक वैज्ञानिक आ तकनीकी क्षेत्र मे विशिष्ट पहचान बनेबाक सपना देखैत छथि।

## भिरहा पश्चिम वैष्णवी दुर्गा स्थान मे तीन दिवसीय दंगल-कुश्तीक शुभारंभ

रोसड़ा/समस्तीपुर, समदिया



रोसड़ा प्रखंडक अंतर्गत भिरहा पश्चिम स्थित वैष्णवी दुर्गा स्थान मे तीन दिवसीय दंगल-कुश्तीप्रतियोगिताक शुभारंभ कयल गेल। मुखिया सुनैना देवी फीता काटि प्रतियोगिताक उद्घाटन कयलनि। एहिदंगल मे देशक विभिन्न राज्यक संगहि नेपाल सं सेहो नामी पहलवान पहुंचल छथि। प्रतियोगिता कें लएस्थानीय लोक आ कुश्ती प्रेमी सभ मे खासा उत्साह देखल जा रहल अछि। दंगल मे सपना यादव, दिलखुशबाबू बनारस, सुल्तान वारसी (मूल निवासी उत्तर प्रदेश, राजस्थान), बाबा बजरंगी, नीलेश उत्तर प्रदेश, आदिल, मधुरा, दीप्ति क्रिया, शमशेर बेगूसराय, बाबा बरेली, प्रखर थापा नेपाल, वीरेंद्र अयोध्या, गुल्ला राजस्थान आ चंदन आगरा सहित कतेको पहलवान अपन कुश्ती कलाक प्रदर्शन करबाक लेल पहुंचल छथि। प्रतियोगिताक पहिल दिन छह पहलवानक बीच मोकाबला भेल। पहलवान सभ एक-दोसरा कें पटखनीदेबाक लेल पूरा जोर लगौलनि। मुदा निर्धारित समय मे कोनो मोकाबलाक अंतिम निर्णय नहि भए सकल। आयोजक सभक दिस

**» नेपाल सहित विभिन्न राज्यक नामी पहलवान पहुंचलाह, पहिल दिन छह पहलवानक बीच भेल मोकाबला**

सं प्रत्येक मोकाबलाक लेल सात सं दस मिनट धरि समय निर्धारित कयलगेल अछि।दंगलक दौरान पहलवान सभ अपन ताकत, फुर्ती आ दांव-पेचक प्रदर्शन कयलनि। कुश्ती देखबाक लेलस्थानीय ग्रामीण सभक संगहि आसपासक क्षेत्र सं सेहो बड्ड रास लोक पहुंचलाह। प्रतियोगिताक अगिलादिन सभ मे सेहो विभिन्न पहलवानक बीच रोमांचक मोकाबला होयबाक आशा अछि। तीन दिवसीय एहि आयोजनक उद्देश्य पारंपरिक कुश्ती कें बढ़ावा देब आ ग्रामीण क्षेत्र मे खेल भावना विकसित करब अछि। विभिन्न राज्य आ नेपालक पहलवान सभक सहभागिता सं दंगलक आकर्षण बढ़ि गेल अछि।

## गरीबीक मार्मिक तस्वीर : चंदाक लकड़ी सेहो नहि जरा सकल चिता, अधजरल शव कें माटि मे गाड़य पड़ल

### लकड़ीक कमी सं अपूर्ण रहल अंतिम संस्कार, परिवारक बेबसी समाज आ व्यवस्थापर ठाढ़ कयलक सवाल

भागलपुर, प्रदीप विद्रोही

जखन गरीबी मनुष्य कें जीवनक संग-संग मृत्युक बादो बेबस बना दैत अछि, तं ई मात्र एकटा परिवारक त्रासदी नहि, बल्कि समाज आ व्यवस्थाक सोझां ठाढ़ एकटा गंभीर सवाल बनि जाइत अछि। भागलपुर जिलाक घोघा श्मशान घाट पर सोझां आयल एकटा हृदयविदारक घटना एहि पीड़ादायक स्थितिक तस्वीरप्रस्तुत करैत अछि। जाहि पिता कें सम्मानपूर्वक अंतिम विदाई भेटबाक चाहैत छलनि, हुनकर चिता पर्याप्त लकड़ीक अभाव मे पूरा नहि जरि सकल। अंततोगत्वा परिजन कें बचल अधजरल शव कें गड्ढा खुनि माटि मे गाड़य पड़ल। ई दर्दनाक घटना जिलाक घोघा थाना क्षेत्रक पन्नूचक मुसहरी टोलाक बताओल जा रहल अछि। घटना सं संबंधित वीडियो सोशल मीडिया पर तेजी सं वायरल होयबाक जानकारी भेटल अछि। प्राप्त जानकारीक अनुसार, पन्नूचक मुसहरी टोलाक निवासी स्वर्गीय भोला रिसिक पुत्र मंगल रिसि (40 बरख) केर अनचोके



हृयाघात सं मृत्यु भए गेलनि। कहल जाइत अछि जे मंगल पहिने सं बेमार छलाह आ आर्थिक तंगीका कारण हुनकर जीवन कठिनाइ सभ सं भरल छल। बेमारीक कारण ओ काज करबा मे सेहो असमर्थ छलाह।मंगलक मृत्युक बाद परिवारक सोझां सभ सं पैघ चुनौती हुनकर अंतिम संस्कारक व्यवस्था करब छल।परिवारक आर्थिक स्थिति एहन नहि छल जे पर्याप्त लकड़ी आ दाह-संस्कारक आवश्यक सामग्री कीनि सकैत। मृतकक पत्नी सोनी देवीक अनुसार, परिवार लोक सभ सं चंदा मांगि लकड़ी आ अंतिम संस्कारक सामग्री जुटौलक। तकर बाद घोघा घाट पर दाह-संस्कार कयल गेल। मृतकक मात्र 10 वर्षीय बेटा कर्मा कुमार अपन पिता कें मुखाग्नि देलनि। मुदा चंदा सं जुटाओल गेल लकड़ी पर्याप्त नहि छल। किछु समय धरि चिता जरैत रहल, मुदा लकड़ी समाप्त भए गेलाक कारण शव पूरा नहि जरि सकल। आगि बुतलाक बाद शवक बहुत पैघ हिस्सा बचल रहि गेल। अंततोगत्वा शोकाकुल परिजन कें गड्ढा खुनि बचल अधजरल शव कें माटि मे गाड़य पड़ल। ई स्थिति कोनो परिवार लेल अत्यंत पीड़ादायक आ असहनीय अछि। मृतकक माय विमली देवीक पीड़ा सेहो समाज आ व्यवस्थाक संवेदनशीलतापर सवाल ठाढ़ करैत अछि। हुनकर कहब छलनि जे दाह-संस्कार मे सहयोग लेल पंचायतक जनप्रतिनिधि सभ सहित कतेको लोक संसहायता मंगल गेल, मुदा पर्याप्त मदद नहि भेटल। आरोप अछि जे एकटा जनप्रतिनिधि दरबज्जो नहिखोललनि। एहि घटना सं गरीब परिवारक अंतिम संस्कारक व्यवस्था, जरूरतमंद धरि सरकारी सहायताक पहुंच आ सामाजिक संगठनसभक भूमिकापर गंभीर सवाल उठैत अछि। मंगल रिसि आब एहि दुनिया मे नहि छथि, मुदा हुनकर परिवारक बेबसी समाजक सोझां एकटा कटु सवाल छोड़ि गेल अछि। जखन कोनोगरीब परिवार लग अपन प्रियजन कें सम्मानपूर्वक अंतिम विदाई देबाक साधन तक नहि हो, तं विकास, सामाजिक सहयोग आ मानवीय संवेदनाक दावापर सवाल उठब स्वाभाविक अछि।

## मध्य विद्यालय बेला पंचरुखी मे दू दिवसीय शतरंज कार्यशालाक शुभारंभ



समस्तीपुर, समदिया

भारत मे कॉलेजक विद्यार्थी सभक बीच स्टार्टअप आ अपन व्यवसाय शुरू करबाक चलन तेजी सं बढ़ि रहल अछि। आब युवा केवल सरकारी नौकरी अथवा पैघ कंपनी मे रोजगार पाबय तक सीमित नहि रहय चाहैत छथि, बल्कि अपन व्यवसायक माध्यम सं करियर बनेबाक इच्छा सेहो देखाबि रहल छथि। आईआईटी मंडीक जीयूईएसएसएस इंडिया 2025 रिपोर्टक अनुसार, देशक 22% कॉलेज विद्यार्थी पहिनहि अपन व्यवसाय शुरू कऽ चुकल छथि, जखनकि 43% विद्यार्थी उद्यमी बनय चाहैत छथि। रिपोर्ट मे ईहो सामने आयल अछि जे पढ़ाइ पूरा कयलाक बाद स्टार्टअप शुरू करय बला विद्यार्थी सभक संख्या बढ़ल अछि।आईआईटी मंडी आ बेंगलुरु स्थित रेवा विश्वविद्यालयक सहयोग सं तैयार जीयूईएसएसएस इंडिया 2025 सर्वेक्षण मे देशक 34 राज्य आ केंद्रशासित प्रदेशक 1,200 सं बेसी उच्च शिक्षा संस्थानक 25,783 विद्यार्थी के शामिल कयल गेल। रिपोर्टक मुताबिक, 22% विद्यार्थी अपन व्यवसाय शुरू कऽ चुकल छथि। ई आंकड़ा वैश्विक औसत 23% के आसपास अछि।विद्यार्थी सभक कारोबारक बात करी तं नियमित बिक्री करय बला 35.5% विद्यार्थी उद्यमी बतौलनि जे हुनकर व्यवसाय सं लगातार कमाइ भऽ रहल अछि। एहि सं स्पष्ट होइत अछि जे विद्यार्थी सभक स्टार्टअप केवल कारोबारी विचार तक सीमित नहि अछि, बल्कि कतेको युवा एकरा वास्तविक व्यवसाय मे बदलि रहल छथि।रिपोर्टक अनुसार, पढ़ाइ पूरा कयलाक तुरंत बाद अपन व्यवसाय शुरू करबाक इच्छा रखनिहार विद्यार्थी सभक अनुपात 2023 मे 14% छल, जे 2025 मे बढ़ि कऽ 16.2% भऽ गेल। एकर विपरीत, सरकारी नौकरी के प्राथमिकता देनिहार विद्यार्थी सभक संख्या 12.7% सं घटि कऽ 10.1% रहि गेल। ओतहि, पैघ कंपनी सभ मे नौकरी करबाक इच्छा रखनिहार विद्यार्थी सभक अनुपात सेहो 31.3% सं घटि कऽ 27.4% भऽ गेल। ई आंकड़ा देखबैत अछि जे युवा करियर लेल नव विकल्प पर विचार कऽ रहल छथि।विद्यार्थी उद्यमी सूचना प्रौद्योगिकी (आईटी), कृत्रिम बुद्धिमत्ता (एआई) आ डिजिटल सेवा जेकां क्षेत्र मे अवसर ताकि रहल छथि। नियमित बिक्री करय बला विद्यार्थी व्यवसाय सभ मे सं 31% के शुरुआत 2025 मे भेल छल। एहि मे करीब 42% विद्यार्थी दू अथवा दू सं बेसी व्यवसाय चला रहल छलाह। रिपोर्ट मे ईहो सामने आयल जे करीब 41% सफल विद्यार्थी उद्यमी नव कारोबार शुरू करबाक पहिने अपन कोनो पुरान व्यवसाय बंद कऽ देने छलाह। एहि सं पता चलैत अछि जे युवा असफलताक बादो फेर प्रयास करबा सं पाछू नहि हटैत छथि।सर्वेक्षणक मुताबिक, जे विद्यार्थी सभक परिवार, मित्र, सहपाठी अथवा शिक्षक मे उद्यमी छथि, हुनका सभक व्यवसाय शुरू करबाक संभावना तीन गुना बेसी रहैत अछि। हालांकि, करीब आधा भारतीय विद्यार्थी कहलनि जे ओ अपन माता-पिता के छोड़ि आन कोनो उद्यमी के नहि जनैत छथि। महिला आ पुरुष विद्यार्थी सभक बीच सेहो अंतर देखल गेल। व्यवसाय शुरू करबाक इच्छा रखनिहार महिला सभ मे सं 45% अपन व्यवसाय शुरू कयलनि, जखनकि पुरुष सभ मे ई आंकड़ा 53% रहल।रिपोर्ट मे विश्वविद्यालय, इन्क्यूबेटर आ सरकार सं सिफारिश कयल गेल अछि जे विद्यार्थी सभ के अनुभवी उद्यमी सभ सं जोड़ल जाए। एकर संग, कारोबारी विचार के वास्तविक व्यवसाय मे बदलबाक लेल पहिल बिक्री, प्रोटोटाइप तैयार करबाक आ व्यवसाय के पंजीकरण पर ध्यान देबाक आवश्यकता बताओल गेल अछि।

# भारत-चीन बोर्डर पर आमने-सामनेक स्थिति जारी

## आईटीबीपी डीजीक बयान पर राजनीति गरमायल





**आइटीबीपीक डीजे कहलनि, पारंपरिक तरीका सं चीनक मोकाबला करब शायद संभव नहि हैत**

**नई दिल्ली, एजेंसी**

अरुणाचल प्रदेश सीमा पर तनाव की स्थिति कें लए कए भारत-तिब्बत सीमा पुलिस (आईटीबीपी) केर महानिदेशक के बयान पर कांग्रेस आ विपक्ष केंद्र सरकार के घेरने अछि। भारत-तिब्बत सीमा पुलिस (आईटीबीपी) केर महानिदेशक (डीजी) शत्रुजीत कपूर बृहस्पति कें कहलनि जे पिछला किछु दिन मे एहन स्थिति बनल, जखन अरुणाचल प्रदेश मे बहुत रास जगह पर दुनू पक्ष (भारत आ चीन) आमने-सामने आबि गेल। ई स्थिति अखनो जारी अछि। एहि साल जुलाई मे उत्तर-पूर्वी सीमा पर तनाव शुरू भेलाक बाद ई पहिल बेर अछि, जखन आधिकारिक रूप से एकर पुष्टि भेल अछि। जुलाईक अंत सं अरुणाचल प्रदेश मे ऊपरी सुबनसिरी जिला के असाफिला आ माजा इलाका मे तनाव बनल अछि।

कांग्रेस मोदी सरकार पर निशाना साधैत कहलनि अछि जे प्रधानमंत्री आ हुनकर पूरा तंत्र एहि गंभीर मुद्दा पर चुप्पे साधि कें बइठल अछि। कांग्रेस प्रवक्ता पवन खेड़ा प्रेस कॉन्फ्रेंस मे आरोप लगौलनि जे मोदी सरकार चीनक आगू झुकि गेल अछि। शिवसेना नेता प्रियंका चतुर्वेदी एहि मामिला कें गंभीर बतबैत कहलनि जे देशक गृह मंत्री, रक्षा मंत्री आ विदेश मंत्री के जबाब देब चाही।

### आईटीबीपी डीजी की कहलनि

आईटीबीपी के जवान सब लेल हर साल आयोजित होनिहार सम्मान समारोह 'हिमवीर सम्मान समारोह' मे बृहस्पति दिन आईटीबीपीक डीजी शत्रुजीत कपूर कहलनि जे अरुणाचल प्रदेश सीमा पर जारी टकराव के दौरान आईटीबीपी के कमांडो सक्रिय रहल छथि। ओ कहलनि जे चीनी राष्ट्रपति शी जिनपिंगक ब्रिक्स सम्मेलन लेल दिल्ली अयबाक दौरान सेहो ई झड़प जारी छल। ओ शौर्य कमांडो टीमक असाधारण काजक सराहना केलनि।

कपूर 31 अक्टूबर के सेवानिवृत्त भए रहल छथि। ओ कहलनि जे आईटीबीपी जाहि हथियारक प्रयोग करैत अछि, ओ पचास साल पुरान अछि आ एकर आधुनिकीकरण जरूरी अछि। ड्रोन आ ड्रोन-विरोधी तकनीक मे निवेश करैत ओकरा विकसित करैत जरूरत पर जोर दैत ओ कहलनि जे पारंपरिक तरीका सं चीनक मोकाबला करब शायद संभव नहि हैत, किएक तं ओ अपन हथियार आ बुनियादी ढांचाक आधुनिकीकरण मे भारी निवेश केने अछि।

### कांग्रेस आ विपक्षक हमला

कांग्रेस आईटीबीपी प्रमुख के बयान के बाद केंद्र के मोदी सरकार पर तीव्र हमला करैत आरोप लगौलनि अछि। कांग्रेस कहने अछि जे एहि साल जुलाई सं चीनी सैनिकक संग झड़पक खबरि आयल रहल अछि, मुदा मोदी सरकार एहि खबरि के दबाबै मे लागल रहल। कांग्रेस के एक्स हैंडल पर कहल गेल अछि जे एक तरफ चीन हमरा सैनिक के साथ झड़प करैत छल, दोसर दिस मोदी



चीन कें राष्ट्रपतिक स्वागत करैत छलाह।

कांग्रेसक वरिष्ठ नेता जयराम रमेश एक्स पर लिखने छथि जे जतय एक दिस चीनक आगू झुकनिहार प्रधानमंत्री दिस सं लगातार रियायत देबाक क्रम जारी अछि, एहि बीच आईटीबीपी के महानिदेशक अरुणाचल प्रदेश मे चीनी पीएलए केर संग भारतीय सीमाक भीतर हालिया टकराव मे आईटीबीपीक प्रदर्शनक सराहना केने छथि। मुदा प्रधानमंत्री आ हुनकर पूरा तंत्र एहि गंभीर मुद्दा पर चुप्पे साधि कें बइठल अछि।

जयराम रमेश एहो लिखने छथि जे ताकसिंग मे टकरावक बाद पछिला मास अरुणाचल प्रदेशक वाचा आ दमाई मे कोर कमांडर स्तरक बात भेल आ स्थानीय लोक बतौने अछि जे लद्दाख जकां एक बेर फेर गश्तक किछु प्वाइंट हमरा हाथ सं निकलि गेल अछि। चीन अरुणाचल प्रदेशक हमर शहरक नाम बदलैत जा रहल अछि आ 60,000 मेगावाटक एकटा बांध बना रहल अछि, जे हमर पारिस्थितिकी आ जल सुरक्षा लेल पैघ खतरा अछि।

### अन्य प्रतिक्रिया आ सीमा विवादक पृष्ठभूमि

सीजेपी संस्थापक अभिजीत दीपके आ एक्टिविस्ट गुरमेहर कौर सेहो सोशल मीडिया पर सरकार कें घेरने छथि। गुरमेहर कौर लिखने छथि जे चीन कें पीएलए हमरा सं बहुत आगू अछि आ आईटीबीपी डीजीक बयानक बाद 56 इंचक सीनाक बात कतय रहि गेल। द हिंदूक एकटा रिपोर्टक अनुसार, जुलाईक आखिर सं भारत आ चीनक बीच अरुणाचल प्रदेश मे ताक्सिंगक पाछू असाफिला इलाका मे गतिरोध जारी अछि। चीनी पीएलए ऊंच इलाका मे तंबू लगौने अछि। भारत 11 सं 13 सितंबर धरि ब्रिक्स शिखर सम्मेलन लेल शी जिनपिंग के मेजबानी केने छल आ दुनू पक्ष तनाव कम करबाक बात कहने छल।

चीन, अरुणाचल प्रदेश कें दक्षिणी तिब्बत बतबैत अछि। दुनू देशक बीच 3,500 किलोमीटर लांबा सीमा अछि आ सीमा विवादक कारण दुनू देश 1962 मे युद्धक मैदान मे सेहो आमने-सामने ठाढ़ भए चुकल छथि। मैकमोहन रेखा कें अंतरराष्ट्रीय सीमा रेखा मानल जाइत अछि मुदा चीन ओकरा खारिज करैत अछि आ अरुणाचल प्रदेश मे 90 हजार वर्ग किलोमीटर जमीन पर अपना दाबी करैत अछि।

# बंगालक खाड़ी मे उठल चक्रवाती तूफान कतेको राज्य मे मूसलाधार वर्षाक चेतावनी



**26 अक्टूबर धरि चक्रवाती तूफान मे बदलबाक आशंका ओडिशा आ आंध्र प्रदेश मे भारी वर्षाक चेतावनी**

**कोलकाता, एजेंसी**

बंगालक खाड़ी मे बनल कम दबावक क्षेत्रक कारण आगामी दिन मे चक्रवाती तूफान उठबाक आशंका बढ़ि गेल अछि। मौसम विभाग देशक कतेको राज्य मे मूसलाधार वर्षाक चेतावनी जारी केने अछि। विशेष रूप सं ओडिशा, आंध्र प्रदेश, तमिलनाडु आ केरल मे भारी वर्षाक संभावना व्यक्त कएल गेल अछि।

भारतीय मौसिम विभागक अनुसार, बंगालक खाड़ीक पूर्व-मध्य आ ओहि सं सटल दक्षिण-पूर्वी भाग मे कम दबावक क्षेत्र बनल अछि। एकर 24 अक्टूबर धरि आओर शक्तिशाली भए अवदाब मे बदलबाक संभावना अछि। एकर बाद ई पश्चिम-उत्तर-पश्चिम दिशि बढ़त आ 25 अक्टूबर धरि आओर प्रबल भए सकैत अछि। 26 अक्टूबरक भोर धरि ई पश्चिम-मध्य बंगालक खाड़ी मे चक्रवाती तूफानक रूप धारण कए सकैत अछि।

### ओडिशा आ आंध्र प्रदेश मे मूसलाधार वर्षाक आशंका

मौसम विभागक पूवार्नुमान अनुसार, चक्रवाती तूफान अगिला दू दिन मे आओर शक्तिशाली होइत उत्तरी आंध्र प्रदेश आ दक्षिणी ओडिशाक समुद्री तट दिस बढ़त। एकर प्रभाव सं 27 आ 28 अक्टूबर कें ओडिशा आ तटीय आंध्र प्रदेश मे अत्यधिक बरखा भए सकैत अछि। ओडिशाक किछु स्थान पर 29 अक्टूबर कें सेहो मूसलाधार वर्षाक आशंका अछि।

दोसर दिस, दक्षिण-पूर्वी अरब सागर आ लक्षद्वीपक आसपास बनल कम दबावक क्षेत्रक कारण दक्षिण भारतक मौसम बिगड़बाक संभावना अछि। तमिलनाडु, पुडुचेरी आ कराईकल मे 27 अक्टूबर धरि तथा केरल आ माहे मे 23 सं 25 अक्टूबरक बीच भारी बरखा भए सकैत अछि। 23 अक्टूबर कें दक्षिणी तमिलनाडु मे अत्यधिक वर्षाक चेतावनी देल गेल अछि।

### दक्षिण भारतक कतेको राज्य मे वर्षाक संभावना

मौसम विभागक अनुसार, 23 सं 27 अक्टूबर धरि केरल आ माहे, 23 सं 26 अक्टूबर धरि लक्षद्वीप तथा 23 आ 24 अक्टूबर कें तटीय आ दक्षिणी भीतरी कर्नाटक मे भारी वर्षाक संभावना अछि। तटीय आंध्र प्रदेश आ यनम मे 27 सं 29 अक्टूबर धरि जोरदार बरखा भए सकैत अछि।

# तिब्बत मे भूकंप सं भारी तबाही सैकड़ो घर धराशायी, 16 गोटेक मृत्यु

## नागकू मे 339 घर आ पशुक 20 टा बथान ढहल, 54 गोटे घायल, बचाव आ राहति कार्य जारी

**नई दिल्ली, एजेंसी**

तिब्बत मे बृहस्पतिदिन सांझ आएल 7.0 तीव्रताक भूकंप सं व्यापक तबाही मचल अछि। एहि प्राकृतिक आपदा मे एखन धरि कम सं कम 16 गोटेक मृत्यु भेल अछि, जखन कि 54 गोटे घाइल छथि। तिब्बतक उत्तरी भाग मे अवस्थित नागकू नगर मे सैकड़ो घर धराशायी भए गेल अछि। चीनक सरकारी समाचार माध्यमक अनुसार, भूकंप सं प्रभावित क्षेत्र मे खोजबीन आ उद्धार कार्य लगातार चलि रहल अछि। नागकूक सूचना कार्यालय नगरक अधिकारी सभक हवाला दैत जनतब देलक जे भूकंपक कारण कम सं कम 339 टा घर आ पशुक 20 टा बथान ढहि गेल अछि। मलबा मे फंसल लोकक खोजबीन लेल व्यापक अभियान चलाओल जा रहल अछि।



### उद्धार कार्य मे 1600 सं बेसी लोक जुटल

भूकंप प्रभावित क्षेत्र मे उद्धार आ राहति कार्य लेल स्थानीय स्तर पर 1600 सं बेसी लोक कें लगाओल गेल अछि। पीड़ित परिवार सभक सहायता लेल राहति सामग्री पहुंचाओल जा रहल अछि। एहि मे पहिनहि सं तैयार एक हजार अस्थायी आवासीय इकाई, लगभग तीन हजार तंबू, मोड़ल जा सकय बला खाट, टॉर्च आ जाड़ सं बचबाक कपड़ा शामिल अछि।

अमेरिकी भूगर्भीय सर्वेक्षणक अनुसार, भूकंप स्थानीय समयानुसार राति 10 बजि 33 मिनट पर आएल। एकर केंद्र नागकू सं 191 किलोमीटर पूब-उत्तर दिशि मे कम आबादी बला ऊंच पहाड़ी क्षेत्र मे धरतीक सतह सं 18 किलोमीटर नीचां छल।

### मुख्य भूकंपक बाद सात बेर आओर कांपल धरती

अमेरिकी संस्थाक अनुसार, मुख्य भूकंपक बाद कम सं कम सात बेर आओर धरती कांपल। एहि झटका सभक तीव्रता 4.3 सं 5.2 धरि छल। सभ झटकाक केंद्र धरतीक सतह सं लगभग 10 किलोमीटर नीचां छल।

चीनक सरकारी समाचार संस्था शिन्हुआक अनुसार, भूकंपक कारण कतेको ठाम दूरसंचार सेवा ठप भए गेल अछि। रेलवे अधिकारी सभ सावधानी बरतैत प्रभावित क्षेत्र सं गुजरय बला रेलगाड़ी सभक परिचालन रोकि देने छथि।

### पहाड़ खसला सं राजमार्ग बंद

भूकंपक कारण कतेको ठाम पहाड़क चट्टान खसि पड़ल। एकर बाद स्थानीय प्रशासन राष्ट्रीय राजमार्ग संख्या 317 केर एक भाग बंद कए देलक। मलबा हटेबाक काज चलि रहल अछि। फिलहाल एहि बाट सं मात्र आपातकालीन सेवा, उद्धार आ राहति कार्य मे लागल गाड़ी सभ कें आवागमनक अनुमति देल गेल अछि।

मौसिम विभागक पूवार्नुमान अनुसार, अगिला तीन दिन धरि भूकंप प्रभावित क्षेत्र मे बीच-बीच मे हिमपात भए सकैत अछि। एहि सं उद्धार आ राहति कार्य मे बाधा उत्पन्न होयबाक आशंका अछि।

# भारतक स्मार्टफोन बजार कें पैघ झटका, फोनक आपूर्ति मे 20 प्रतिशत कमी

**नई दिल्ली, एजेंसी**

भारतक स्मार्टफोन बजार कें पैघ झटका लागल अछि। जुलाई सं सितंबर 2026 धरि तीन मासक अवधि मे स्मार्टफोनक आपूर्ति मे पछिला वर्षक एहि अवधिक तुलना मे 20 प्रतिशत कमी आएल अछि। बजारक अध्ययन करयवाली संस्था काउंटरप्वाइंट रिसर्चक प्रतिवेदनक अनुसार, सभ सं बेसी असर 20 हजार रुपैया सं कम दामवला स्मार्टफोन पर पड़ल अछि। एहि श्रेणीक फोनक आपूर्ति मे 47 प्रतिशतक गिरावट दर्ज कयल गेल अछि।

स्मार्टफोन बनयबाक खर्च बढ़ला आ फोन महग भेला सं ग्राहक नव फोन किनबा मे रुचि नहि देखा रहल छथि। बहुतो लोक अपन पुरान फोन सं काज चला रहल छथि आ नव फोन किनबाक निर्णय टारि रहल छथि।

काउंटरप्वाइंट रिसर्चक अनुसार, भारत मे स्मार्टफोनक आपूर्ति पछिला दस वर्षक न्यूनतम स्तर पर पहुंचि गेल अछि। मेमोरी चिपक दाम बढ़ला सं फोन बनयवाली कंपनी सभक खर्च बढ़ि



गेल अछि। एकर सीधा असर स्मार्टफोनक दाम पर पड़ल अछि। फलस्वरूप साधारण ग्राहक लेल नव फोन किनब कठिन भए रहल अछि।

### 20 हजार सं कम दामबला फोनक मांग मे भारी कमी

प्रतिवेदनक अनुसार, 20 हजार रुपैया सं कम दामवला स्मार्टफोनक आपूर्ति मे वार्षिक आधार पर 47 प्रतिशत कमी आएल अछि। फोन बनयबा मे प्रयुक्त कल-पुर्जाक दाम बढ़ला सं कंपनी सभ कतेको मॉडलक दाम बढ़ा देलक अछि। एहि कारण पहिने सस्ता भेटयवला कतेको फोन आब महग श्रेणी मे पहुंचि गेल अछि। एकर सभ सं बेसी असर कम आमदनीवला ग्राहक पर पड़ि रहल अछि।

काउंटरप्वाइंट रिसर्चक शोध विश्लेषक शुभम सिंहक अनुसार, कल-पुर्जाक बढ़ैत दाम आ ग्राहकक घटैत मांगक कारण लोक आब जल्दी-जल्दी फोन नहि बदलि रहल छथि। दोसर दिस, स्मार्टफोन कंपनी सभ बिक्री बढ़यबाक बदला अपन लाभ सुरक्षित रखबा, विभिन्न मॉडलक संख्या व्यवस्थित करबा आ बजार मे सीमित भंडार रखबा पर बेसी ध्यान दए रहल अछि।

# पाकिस्तानक लाहौर विश्वक सभ सं प्रदूषित शहर, वायु गुणवत्ता सूचकांक 410 पर पहुंचल

**लाहौर, एजेंसी**

पाकिस्तानक लाहौर शुक्रदिन विश्वक सभ सं बेसी प्रदूषित शहर रहल। वायु गुणवत्ताक निगरानी करय बला संस्थाक अनुसार, शहरक हवा खतरनाक स्तर धरि प्रदूषित भए गेल अछि। लाहौरक वायु गुणवत्ता सूचकांक (एक्यूआई) 410 दर्ज कएल गेल। वायु गुणवत्ता सूचकांक प्रदूषण मापबाक संख्यात्मक पैमाना अछि। एकर स्तर जतेक बढ़ैत अछि, हवा ओतेक बेसी दूषित होइत अछि आ लोकक स्वास्थ्य पर खतरा बढ़ैत जाइत अछि। स्विट्जरलैंडक निगरानी संस्था आईक्यूएयरक मापदंड अनुसार, 300 सं बेसी एक्यूआई कें खतरनाक श्रेणी मे राखल जाइत अछि। आईक्यूएयरक प्रतिवेदन अनुसार, लाहौरक हवा मे पीएम 2.5 प्रदूषक कणक मात्रा विश्व स्वास्थ्य संगठनक वार्षिक दिशा-निर्देश मे निर्धारित मान सं 45.2 गुना बेसी छल। पीएम 2.5 अत्यंत महीन कण होइत अछि, जकर व्यास 2.5 माइक्रोमीटर वा ओहि सं कम होइत अछि। ई कण सांसक संग फेफड़ा मे गहींर धरि पहुंचि सकैत अछि आ रक्तप्रवाह मे सेहो प्रवेश कए सकैत अछि। दीर्घकाल धरि एकर संपर्क मे रहला सं गंभीर रोग होयबाक खतरा रहैत अछि। पाकिस्तानक पंजाब प्रांतक सरकारक अनुसार, लाहौर सहित प्रांतक विभिन्न भाग मे प्रत्येक वर्ष अक्टूबर सं फरवरी धरि धुंआ आ कुहेसाक प्रकोप रहैत अछि।

## एशियाई पैरा गेम्स: दिलीप महादू जीतलनि दोसर स्वर्ण, पुरुष 400 मीटर टी47 स्पर्धा मे भाविक कुमार कें भेटल रजत पदक



एशियाई पैरा गेम्स 2026 मे पुरुष 400 मीटर टी47 स्पर्धाक फाइनल मे दिलीप महादू गावित (टी46 श्रेणी) स्वर्ण पदक जीतलनि, जखनकि भाविककुमार भरवाड़ रजत पदक अपन नाम कयलनि। एहि सं पहिने गावित पुरुष 100 मीटर टी47 स्पर्धा मे सेहो स्वर्ण पदक जीतने छलाह। एहि तरहें ई हुनकर दोसर स्वर्ण पदक रहल। नागोया सिटी मिजुहो पार्क एथलेटिक स्टेडियम मे गावित 400 मीटर टी47 स्पर्धा मे 48.27 सेकेंड समय लैत पहिल स्थान हासिल कयलनि। ओतहि, भाविककुमार 49.31 सेकेंड समयक संग दोसर स्थान पर रहलाह। जापानक काकेरु इशिदा 49.58 सेकेंड समय लैत कांस्य पदक जीतलनि।

एशियाई पैरा गेम्स मे गावितक ई स्वर्ण पदक भारतक लेल 20म स्वर्ण रहल। आइची-नागोया मे भारतीय दल लगातार शानदार प्रदर्शन कऽ रहल अछि। एहि पैरा गेम्स मे गावितक ई दोसर स्वर्ण पदक अछि।

एहि सं पहिने गावित (टी46 श्रेणी) 100 मीटर टी47 स्पर्धा मे 10.69 सेकेंडक शानदार समय निकालैत स्वर्ण पदक जीतने छलाह। एहि स्पर्धा मे बेसिल (टी47 श्रेणी) 10.72 सेकेंड समय लैत रजत पदक जीतलनि आ एकटा नव गेम्स रिकॉर्ड सेहो बनौलनि।

एहि सं पहिने दिलीप गावित 2022 एशियाई पैरा गेम्सक पुरुष 400 मीटर टी47 स्पर्धा मे स्वर्ण पदक जीतने छलाह। ओ पेरिस 2024 पैरालंपिक मे सेहो पुरुष 400 मीटर टी47 स्पर्धाक फाइनल मे पहुंचि देश के गौरवान्वित कयने छलाह।

महाराष्ट्रक नासिक लग स्थित तोरण डोंगारी नामक छोट गाम मे जन्मल दिलीप गावित एकटा साधारण किसान परिवार मे पलल-बढ़ल छलाह। हुनकर जीवन मे एकटा पैघ मोड़ तखन आयल, जखन 5-6 वर्षक उम्र मे ओ एकटा गाछ पर सं खसि पड़ल छलाह। एहि दुर्घटना मे हुनकर दहिना हाथ मे गंभीर चोट लागल छल। समय पर इलाज नहि भऽ सकबाक कारण चोटबला जगह पर गैंग्रीन भऽ गेल, जाहि कारण हुनकर कोहनीक नीचां तक हाथ काटय पड़ल। हालांकि, गावित हार नहि मानलनि। ओ पैरा एथलेटिक्स मे करियर बना कऽ दौड़बाक अपन जुनून पूरा कयलनि। गामक धूर भरल सड़क पर अभ्यास करैत हुनकर प्रतिभा के कोच वैजनाथ काले पहचानलनि आ हुनका पेशेवर पैरा एथलेटिक्सक राह देखौलनि।

# क्राइस्टचर्च मे टीम इंडिया रचलक इतिहास

## टी20 अंतरराष्ट्रीय क्रिकेट मे अपन सबसं पैघ लक्ष्यक पीछा कए हासिल कयलक जीत



भारतीय टीम शानदार प्रदर्शन करैत न्यूजीलैंड के पहिल टी20 अंतरराष्ट्रीय मुकाबला मे 4 विकेट सं हरा देलक। हेगले ओवल मैदान पर भारतीय बल्लेबाज सभ दमदार प्रदर्शन करैत न्यूजीलैंड दिस सं भेटल 226 रनक लक्ष्य के 19.4 ओवर मे 6 विकेट गंवा कऽ हासिल कऽ लेलक।

टी20 अंतरराष्ट्रीय क्रिकेट मे भारतीय टीमक ई एखन तकक सबसँ पैघ रन चेज अछि। एहि सं पहिने 2023 मे टीम इंडिया ऑस्ट्रेलियाक खिलाफ 209 रनक लक्ष्य सफलतापूर्वक हासिल कएने छल। ओतहि, एहि साल न्यूजीलैंडक खिलाफ सेहो भारतीय टीम 209 रनक लक्ष्यक पीछा कऽ जीत हासिल कएने छल। ई न्यूजीलैंडक खिलाफ क्रिकेटक सभसँ छोट प्रारूप मे कोनो टीम द्वारा हासिल कयल गेल दोसर सबसँ पैघ स्कोर अछि। पिछला 8 टी20 मुकाबला मे न्यूजीलैंड के भारतक खिलाफ सातम हारक सामना करय पड़ल। टीम इंडिया दिस सं संजू सैमसन शानदार बल्लेबाजी करैत 33 गेंद मे 67 रनक दमदार पारी खेललनि। श्रेयस अय्यर कप्तानी पारी खेलैत 28 गेंद मे 42 रनक योगदान देलनि। ओतहि, अंतिम ओवर सभ मे नमन धीर ताबड़तोड़ बल्लेबाजी करैत मात्र 15 गेंद मे 42 रनक नाबाद पारी खेललनि आ टीम के जीत दिला कऽ लौटला।

टी20 अंतरराष्ट्रीय क्रिकेट मे भारत दिस सं सातम अथवा ओहि सं नीचला क्रम पर बल्लेबाजी करैत सफल रन चेज मे सबसँ पैघ पारी खेलेबाक रिकॉर्ड आब नमनक नाम दर्ज भऽ गेल अछि। एहि सं पहिने ई रिकॉर्ड पूर्व खिलाड़ी इरफान पठानक नाम छल, जे 2009 मे श्रीलंकाक खिलाफ 16 गेंद मे नाबाद 33 रन बनौने छलाह।

न्यूजीलैंड दिस सं एहि मुकाबला मे ग्लेन फिलिप्स शानदार बल्लेबाजी करैत 40 गेंद मे 82 रनक विस्फोटक पारी खेललनि, जखनकि फिन एलन 24 गेंद मे 45 रन बनौलनि। बेवन जैकब्स 16 गेंद मे 31 रन बनौलनि, तं डेरिल मिचेल 19 गेंद मे 28 रन बनौलनि। ओतहि, टिम सीफर्ट 17 गेंद मे 24 रन बनौलनि।

## एशियाई पैरा गेम्स: धर्मराज सोलैराज भारत कें दियेलनि एकटा आओर स्वर्ण पदक, लंबा कूद मे 7.15 मीटरक छलांग लगा बनौलनि नव रिकॉर्ड



भारतक धर्मराज सोलैराज जापानक आइची-नागोया मे चलि रहल एशियाई पैरा गेम्स 2026 मे पुरुष सभक लंबी कूद मे स्वर्ण पदक अपन नाम कयलनि। ओ 7.15 मीटरक रिकॉर्ड तोड़ छलांग लगा स्वर्ण पदक पर कब्जा जमा लेलनि। नागोया सिटी मिजुहो पार्क एथलेटिक स्टेडियम मे टी44/टी62/टी64 के संयुक्त फाइनल मे हिस्सा लैत तमिलनाडुक 32 वर्षीय एथलीट अपन दोसर प्रयास मे ई निर्णायक छलांग लगौलनि। एकरा संग ओ नव एशियाई रिकॉर्ड बनौलनि आ एहि महाद्वीपीय बहु-खेल प्रतियोगिता मे लगातार दोसर बेर स्वर्ण पदक अपन नाम कयलनि।

ई प्रदर्शन हांगझोऊ एशियाई पैरा गेम्स 2023 मे स्वर्ण पदक जीतलाक बाद सोलैराजक करियरक एकटा आओर महत्वपूर्ण उपलब्धि अछि। एकरा संग ओ 7.08 मीटरक अपन पिछला एशियाई रिकॉर्ड के सेहो बेहतर कयलनि। ई रिकॉर्ड ओ नई दिल्ली मे आयोजित विश्व पैरा एथलेटिक्स चैंपियनशिप 2025 मे बनौने छलाह।

सोलैराज प्रतियोगिताक शुरूआत 6.88 मीटरक छलांग सं कयलनि आ दोसर राउंड मे 7.15 मीटरक दूरी तय कयलनि। एकर बाद ओ 6.82 मीटर आ 6.85 मीटरक छलांग लगौलनि, जखनकि हुनकर अंतिम दू प्रयास फाउल रहल। हालांकि, हुनकर पहिल रिकॉर्ड तोड़ छलांगे खिताब जीतेबाक लेल पर्याप्त साबित भेल।

टी44 वर्गीकरण मे 6.34 मीटरक सर्वश्रेष्ठ दूरी तय करय बला मलेशियाक एडी बर्नार्ड 740 रजा अंकक संग दोसर स्थान पर रहलाह। जापानक युमा तामाकी टी64 श्रेणी मे 6.89 मीटरक अपन एखन तकक सर्वश्रेष्ठ छलांग लगौलनि आ 726 अंकक संग कांस्य पदक जीतलनि। एहि संयुक्त प्रतियोगिता मे अलग-अलग वर्गीकरणक एथलीट सभक मूल्यांकन रजा अंक प्रणालीक माध्यम सं कयल जाइत अछि। एहि मे एथलीट सभक शारीरिक दिव्यांगताक श्रेणीक अनुसार हुनकर प्रदर्शनक स्तर के ध्यान मे राखल जाइत अछि। सोलैराज 807 अंकक संग तालिका मे शीर्ष स्थान पर रहलाह। एहि जीतक संग भारतीय एथलीटक लगातार बेहतर प्रदर्शन करबाक सिलसिला जारी रहल। अक्टूबर 2023 मे हांगझोऊ मे ओ फाइनल राउंड मे 6.80 मीटरक छलांग लगा एशियाई पैरा गेम्सक खिताब जीतने छलाह। ओहि समय ई एशियाई रिकॉर्ड छल।

एकर बाद विश्व पैरा एथलेटिक्स चैंपियनशिप 2025 मे भले ओ सातम स्थान पर रहलाह, मुदा अपन प्रदर्शन मे सुधार करैत 7.08 मीटरक नव रिकॉर्ड बनौलनि। एहि साल 2026 मे नई दिल्ली मे आयोजित विश्व पैरा एथलेटिक्स ग्रां प्री मे सोलैराज टी44/टी64 संयुक्त लंबी कूद प्रतियोगिता मे 7.05 मीटरक छलांग लगा जीत हासिल कयने छलाह। ई एशियाई पैरा गेम्स सं पहिने हुनकर शानदार फॉर्मक एकटा आओर प्रमाण छल। टी64 श्रेणी मे हिस्सा लैत सोलैराज अपन नाम एकटा आओर पैघ खिताब कयलनि आ संगहि महाद्वीपीय रिकॉर्ड के सेहो बेहतर बना देलनि।

## दोसर टेस्ट: कप्तान बावुमाक पारी पलटि देलक मैचक पासा, दक्षिण अफ्रीका ऑस्ट्रेलिया कें पारी आ 31 रन सं हरौलक



दक्षिण अफ्रीका सेंट जॉर्ज पार्क मे खेलल गेल मुकाबला मे ऑस्ट्रेलिया के पारी आ 31 रन सं हरा देलक। एहि जीतक संग मेजबान टीम 3 मैचक टेस्ट सीरीज मे 1-1 सं बराबरी कऽ लेलक अछि। 179 रनक पारी खेलनिहार दक्षिण अफ्रीकी कप्तान टेंबा बावुमा के प्लेयर ऑफ द मैच चुनल गेलनि।

एकदिवसीय सीरीज 1-2 सं हारलाक बाद ऑस्ट्रेलिया टेस्ट सीरीजक पहिल मैच 214 रन सं जीतने छल, मुदा दक्षिण अफ्रीका अगिला मुकाबला जीतैत सीरीज मे बराबरी कऽ लेलक। आब सीरीजक अंतिम मैच 27 अक्टूबर सं केपटाउन मे खेलल जाएत।

टॉस हारि बल्लेबाजी करय उतरल दक्षिण अफ्रीकी टीम खराब शुरूआतक बावजूद पहिल पारी 425/9 रन पर घोषित कयलक। मुकाबलाक शुरूआती 2 दिन वर्षा सं प्रभावित रहल। टीम 110 रन तक 6 विकेट गंवा देने छल। एकर बाद कप्तान टेंबा बावुमा मार्को जानसेनक संग सातम विकेट लेल 132 रन जोड़ि टीम के 242 रन तक पहुंचौलनि।

जानसेन 3 छक्का आ 9 चौकाक मदद सं 85 रन बना कऽ आउट भेलाह। एकर बाद बावुमा साइमन हार्मरक संग आठम विकेट लेल 183 रनक साझेदारी कऽ टीम के विशाल स्कोर तक पहुंचौलनि। बावुमा 19 बाउंड्रीक मदद सं 179 रन बनौलनि। विपक्षी टीम दिस सं स्कॉट बोलैंड 81 रन दऽ 5 विकेट लेलनि, जखनकि मिचेल स्टार्क 3 विकेट झटकलनि।

एकर जवाब मे ऑस्ट्रेलियाई टीम अपन पहिल पारी मे मात्र 99 रन पर सिमटि गेल। टीम लेल स्टीव स्मिथ सबसँ बेसी 28 रन बनौलनि, जखनकि ट्रेविस हेड आ मार्नस लाबुशेन 14-14 रनक पारी खेललनि। विपक्षी टीम दिस सं मार्को जानसेन 33 रन दऽ 5 विकेट लेलनि, जखनकि कगिसो रबाडा आ वियान मुल्डर 2-2 विकेट झटकलनि।

धन्यवाद मिथिला
10 Lakh

आइ अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेहक बल पर प्रतिदिन 'समदिया मिथिला'क डिजिटल संस्करण दस लाख पाठक धरि पहुंच रहल अछि। भारत आ नेपालक संगहि अपनेक ई दैनिक पत्र यूके, यूएसए, यूएई, सिंगापुर, मॉरिशस, श्रीलंका आदि देश मे रहि रहल मैथिली भाषी लोकनि प्रतिदिन एहि अखबारक बाट तकैत रहैत छथि आ बहुत चाव सं एहि अखबार कें पढ़ैत छथि। अपने लोकनिक एहि प्रेमक बल पर 'समदिया मिथिला' मिथिलाक एकमात्र लोकप्रिय दैनिक पत्र बनि गेल अछि। एकर हार्ड कॉपी सेहो संपूर्ण मिथिला मे देखिते-देखिते छुहुक्का उड़ि जाइत अछि।

हमरा सभकें आशा आ विश्वास अछि जे अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेह अहिना बनल रहत आ 'समदिया मिथिला'क पाठकक संख्या मे उत्तरोत्तर वृद्धि होइत रहत।

आभार सहित
समदिया परिवार




## इंग्लैंड बनाम श्रीलंका: हैरी ब्रूक लगौलनि वनडे इतिहासक सबसं तेज दोहरा शतक, मात्र 114 गेंद मे रचलनि इतिहास



इंग्लैंडक कप्तान हैरी ब्रूक रावलपिंडी क्रिकेट स्टेडियम मे श्रीलंका के खिलाफ वनडे त्रिकोणीय सीरीजक तेसर मुकाबला मे दोहरा शतक लगौलनि। ब्रूक मात्र 114 गेंद मे 200 रनक आंकड़ा छू लेलनि। एकरा संग ओ वनडे प्रारूप मे सबसँ तेज दोहरा शतक लगाबय बला बल्लेबाज बनि गेलाह।

एहि पारीक संग ब्रूक वनडे पारी मे 200 रन बनेनिहार इंग्लैंडक पहिल बल्लेबाज सेहो बनि गेलाह। ग्लेन मैक्सवेलक बाद ब्रूक वनडे मे दोहरा शतक लगाबय बला दोसर एहन खिलाड़ी छथि, जे पारीक शुरूआत करय लेल नहि उतरल छलाह।

वनडे क्रिकेट मे गेंदक हिसाब सं सबसँ तेज दोहरा शतक लगाबय बला खिलाड़ी सभ मे शुभमन गिल दोसर स्थान पर छथि। ओ 2026 मे वेस्टइंडीजक खिलाफ 117 गेंद मे ई उपलब्धि हासिल कयने छलाह। ओतहि, ईशान किशन बांग्लादेशक खिलाफ 126 गेंद मे ई कारनामा कऽ चुकल छथि।

वनडे इतिहास मे बल्लेबाज सभ मात्र 14 बेर दोहरा शतक लगौने छथि। एहि सूची मे रोहित शर्मा शीर्ष पर छथि। ओ 13 नवंबर 2014 के श्रीलंकाक खिलाफ ईडन गार्डन्स मैदान पर 264 रनक पारी खेलनै छलाह।

इंग्लैंड दिस सं वनडे प्रारूप मे सबसँ पैघ पारी खेलेबाक मामिला मे बेन स्टोक्स दोसर स्थान पर छथि। ओ 2023 मे न्यूजीलैंडक खिलाफ 182 रन बनौने छलाह। ओतहि, जेसन रॉय 2018 मे ऑस्ट्रेलियाक खिलाफ 180 रनक पारी खेलि चुकल छथि।

बृहस्पति दिन टॉस जीतलाक बाद बल्लेबाजी करय उतरल इंग्लैंडक टीम निर्धारित 50 ओवर मे 4 विकेट पर 429 रन बनौलक। टॉम बैंटन बेन डकेटक संग टीम के मजबूत शुरूआत देलनि। दुनू बल्लेबाज 80 गेंद मे 74 रनक साझेदारी कयलनि। बैंटन 51 गेंद मे 9 चौकाक मदद सं 50 रन बना कऽ आउट भेलाह। एकर बाद टीम के डकेट (29) केर रूप मे दोसर झटका लगल।

टीम 85 रन तक अपन 2 विकेट गंवा देने छल। एकर बाद कप्तान हैरी ब्रूक मोर्चा संभौलनि। ओ जो रूटक संग तेसर विकेट लेल 127 गेंद मे 159 रनक साझेदारी कऽ टीम के 200 रनक पार पहुंचौलनि। रूट 66 गेंद मे 69 रन बना कऽ आउट भेलाह। हुनकर एहि पारी मे 8 चौका शामिल छल।

टीम के 244 रन पर तेसर झटका लगल। एकर बाद ब्रूक विल जैक्सक संग चारिम विकेट लेल 77 गेंद मे 185 रन जोड़ि टीम के 429/4 रनक स्कोर तक पहुंचा देलनि।

ब्रूक 116 गेंद मे 10 चौका आ 21 छक्काक मदद सं 202 रन बना कऽ आउट भेलाह। ओतहि, विल जैक्स 30 गेंद मे 3 छक्का आ 8 चौकाक मदद सं 66 रन बना कऽ नाबाद रहलाह। श्रीलंका दिस सं दुनिथ वेल्लालगे सबसँ बेसी 2 विकेट लेलनि, जखनकि असिथा फर्नांडो आ जनिथ लियानागे 1-1 विकेट झटकलनि।

ई आठम बेर अछि, जखन इंग्लैंड वनडे इतिहास मे 400 रनक आंकड़ा पार कयलक। भारत एखन तक सबसँ बेसी 9 बेर ई उपलब्धि हासिल कएने अछि, जखनकि दक्षिण अफ्रीका 8 बेर एहन कऽ चुकल अछि। ऑस्ट्रेलिया वनडे क्रिकेट मे 3 बेर 400 रनक आंकड़ा पार कएने अछि।

वर्ष 17, अंक 44 **स्वत्वाधिकारी, प्रकाशक एवं संपादक राघवेंद्र** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं **एसएच प्रिंटर्स**, रातु काठीटांड़, नीयर-टेंडर बगीचा, एचपी पेट्रोल पंप, पीओ+पीएस-रातु, रांची, 835222 से मुद्रित। **प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेड :** पंकज मिश्रा, **संपर्क :** 7488117482 ( * पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053/2010/33053